# Salvation Army Hymns

558 hymns · numbers 1–571

nziyo.com

# O Bright, Eternal One

1
Imi muri izwi
Rakasika mwenje
Nayo mvonga mvonga
Ikave rufaro
1.
Nomukutambudzwa ,
Makamutsurudza
Mwoyo yavatendi,
Vakakushumirai.
2.
Izwi rakavanda,
Tokuona zvino
Napatinofamba,
Kristu, ari pano.
3.
Togara maari,
Iye wokudenga;
Ngatimutsvagei,
Dakara tamuda.
4.
O, Ishe, mupenyu,
Mwoyo yodudzira
Runako rwenyu, ‘She,
Nokubwinya kwenyu.
5.
1

# Imi muri rudekaro

Rwakavanzika murudo;
Chipotero kuvavengi
Ndofadzwa kana muneni.
Muzvitadzo, mukunyadzwa,
Ndovanzwa nemi, jesu, ‘She.
1.
Zita renyu, ruponiso,
Rondifadza pakudenga;
Rounza simba, rugare,
Norudo rusingapere;
Muzita renyu ndowana
Kuregererwa, noutsvene.
2.
Jesu muri zvose zvangu
Pazororo, mukurwadzawa,
Murapi wemwoyo wangu;
Mukurwa, ndichazorodzwa
Mondifadza mberi kwemhandu,
Ndowana korona yangu.
3.
Mukushaya, mondigutsa,
Muutera, mopa simba;
Ndosunungurwa majoto,
Mwenje, mberi kwomuvengi;
Ndichadana, mogadzira
Upenyu hwangu kudenga
4.
2

Immortal, Invisible

## Mwari Muchenjeri, hamuonekwi

Makavanzwa kwatiri muchiedza,
Makaropafadzwa Dombo rekare,
samasimba, M’kundi, tokurumbidza.
1.
Makanyararisa kunge chiedza,
Hamuperi, munotonga nesimba;
Ndurano yenyu, makomo marefu,
Pam’soro pamakore ane rudo.
2.
Munopa upenyu kuna zvose;
Muri mupenyu hwezvinhu zvose;
Todenhera semashizha emiti;
Tofa topera,asi hamusanduke.
3.
Baba wokubwinya, muri chiedza
Ngirozi dzokudza, dzovanza zviso;
Tokukudzai, tiyamurei kuona
Chiedza chitsvene chinokuvanzai.
4.

## Mwari ngaakudzwe nebasa rake,

Norudo wakatipa mwana wake,
Wakafira kudzikinura zvivi,
Nokuzarura suo reupenyu.
1.
3

Kudza ;She! Kudza 'She!
Nyika ngaimunzwe;
Kudza ;She! Kudza 'She!
Vanhu ngavafare;
Uyai kuna Baba nokuna Jesu,
Kudzai nezvakaitirwa isu.
Ruregerero rutsvene rweropa,
Kumutendi chivimbiso chaMwari.
Mutadzi mukuru akangotenda,
Owana ruregerero rwaJesu.
2.
Wakatidzidzisa zvinhu zvikuru
Norufaro rwedu muna Jesu, 'She,
Rufaro rwedu ruchave rukuru,
Kana toona Jesu mumakore.
3.

## Mwari Samasimba,

Iye rumbo rwedu;
Naye tichakunda
Vavengi vakuru.
Satani anorwa nhando,
Nokuti Mwari NdiMambo.
1.
Ishe bako redu
Achazongodaro;
Wakamisa isu
Norwake rubato.
Vavengi vanorwa nhando,
Nokuti Mwari ndiMambo .
2.
4

Jehovah Mufudzi,
Anoziva zvose;
Isu tiri hwai
Tichafudzwa naye.
Chivi norufu inhando,
Nokuti Mwari ndiMambo.
3.
Mwari baba wedu,
Tiri vana vake;
Tichazongodaro,
Haangatisiye.
Masimba ose inhando,
Nokuti Mwari ndiMambo.
4.
attr. Samuel Barnard
O Thou God Of Every Nation

# Mwari wamarudzi ose ,

Zvino tikomborerei;
Mumwoyo tigadzirire,
Uye moto wenyu;
Ropafadzai Hondo yedu,
Tizadzei namasimba.
1.
Tizadzei noMweya M'tsvene,
Mauto ashambidzwe;
Nemi satani aparadzwe,
Nenyika iponiswe;
Ropafadzwai Hondo yedu,
Titumei kwamunoda.
2.
5

Utsvene hwenyu, tipei ,
Ngatizadzwe nesimba;
Hondo yedu ngaitende,
Nom' towo wokukunda;
Ropafadzai Hondo yedu,
Muve rudziviriro.
3.
Ropafadzai vafundisi,
Vatungamiri vose;
Ropafadzaiwo vadzoki,
Mauto edu ose,
Ropafadzai Hondo yedu
Matama tiparidze.
4.
O Lord Of Heaven And Earth

# Mwari wedenga napasi,

Ngakuve norurumbidzo;
Toratidza rudo sei:
Mupi wazvose.
1.
Runyararo rwemudzimba
Namakomborero ose;
Tinotenda, tokurumbidzai;
Mupi wazvose.

2.
Makapira Mwana wenyu,
Kunesu tose vepasi;
Mwana wenyu mumwechete:
Makapa zvose.
3.
6

Munopa Mweya Mutsvene,
Mweya worudo nesimba;
Nengoni dzakawandisa,
Nokwatiriwo.
4.
Mukununurwa muzvivi,
Ndiyo nzira youdenga ;
Baba varumbidzwe zvino;
Mupi wazvose.
5.
A Mighty Fortress Is Our Lord

## Mwari wedu mudziviriri,

Rusvingo rusingakundwe;
Muyamuri mumirove
Yedambudzo roupenyu.
Sezvo mhandu yedu
Satani aripo,
Ane simba guru,
Noruvengo rwake,
Haana wezera pasi.
1.
Kuvimba neredu simba
Kunotiita tikundwe,
Dai tisina M'ponisi
Watakapiwa naMwari,
Wobvunza, ndiani?
Ndiye Jesu Kristu;
Ishe wesabata,
Asingapinduke,
Achakunda mukurwa.
2.
7

Nyangwe kune madhimoni
Anoda kutinyengera;
Hatitye, Mwari anoda
Tikunde neidi rake.
Muchinda werima
Hatimudederi,
Ane hasha nhando,
Hona! achakundwa.
Izwi duku romukunda
3.
Izwi rine simba chose,
Kwete, haringambomiswa.
Mweya, nezvipo ndezvedu
Zviri kurutivi rwedu.
Upfumi nehama,
Upenyu hwopera,
Vangatiuraye;
Chokwadi chomira,
Umambo hwake narinhi.
4.
MWEYA WANGU, RUMBIDZA 'SHE

## Mweya wangu, rumbidza 'She

Pasi petsoka dzake;
Wanunurwa, waponiswa,
Chiimba mbiri yake;
Murumbidze! Murumbidze!
Kudza 'She asingafe.
1.
8

Mukudze nengoni dzake
Kune vari munhamo,
woranga, wovaponisa,
Vose vakarasika;
Murumbidze!Murumbidze!
Mwari anovimbika.
2.
Sababa wotichengeta,
Kana tisina simba;
Wochengeta mumaoko,
Torwirwa kuvavengi,
Murumbidze! Murumbidze!
Nengoni dzoyerera.
3.
Ngirozi dzomurumbidza,
Dzotarisana naye,
Zuva, mwedzi, zvonamata
Zvigereko kudenga;
Murumbidze! Murumbidze!
Rumbidzai Wenyasha.
4.
O Worship The King, All Glorious

# Namatai Mambo anorubwinyo;

Imbai nesimba rudo rwakwe;
Iye mudzviviriri nenhowo yedu,
Agere muutsvene hune mbiri
1.
9

Imbai zvesimba nengoni dzake,
Ane nguvo, chiedza chedenga,
Kutsamwa kwake, ‘She, kunotinhira,
Nzira yake ine rima padutu.
2.
Nyika izere nezvishamiso,
Nesimba rake, ‘She, richigere,
Rakadaro risingasandurwe,
Zve, wakarikomberedza negungwa.
3.
Ruchengeto rwake rwakakosha,
Rwuri mumhepo, nomuchiedza;
Rwobva mugomo rwopinda mubani,
Rwuri m ‘dova nemvura inonaya.
4.
Vana venyika vasina simba,
Maari tinoisa ruvimbo,
Tsitsi nomutsa wake hazvigume,
Musiki, mudzikinuri, nehama.
5.
Samasimba, rudo rwakadzama,
Ngirozi dzichiimba kudenga;
Zvisikwa zvenyika zvisina simba,
Norukudzo zvichakuimbirawo.
6.

# Ngaarumbidzwe wedenga

Napasi pakudze,
Namazwi ake matsvene,
Nenzira dzeidi.
1.

Ungwaru hwaMwari wedu
Hunokunda hwose;
Kritsu wakauya kuti
Azotinunura.
2.
Adhamu wakakundika
Munyama neropa,
Asi rudo rwake Mwari,
Rwakakunda zvose.
3.
Ngaarumbidzwe wedenga,
Napasi pakudze;
Namazwi ake matsvene,
Nenzira dzeidi.
4.

# Ngatitendei Mwari

Nemwoyo yedu yose;
Anezvishamiso
Zvinoifadza nyika;
Kubva pauduku,
Watikomborera,
Nezvipo zverudo
Ndezvedu narinhi.
1.
Upfumi hwaMwari
Ngahuve pedyo nesu;
Mwoyo ifadziswe,
Norugare kwatiri;
Tigare mungoni,
Dzititungamire,
Dzitisunungure
Pano nokudenga
2.

Ngaatendwe Mwari,
Ngaarumbidzwe Baba,
NoMwanakomana,
Naye Mweya Mutsvene;
Mwana mumwechete,
Wepasi nedenga,
Waive, achave,
Nokusingapere.
3.
Being My Tongue, Some Heavenly Theme

## Rurimi rwangu, tangisa,

Mutsa izwi, imba
Zviito nezita guru,
ZvaShe, Samasimba.
1.
Udza kuvimbika kwake,
Nesimba panyika;
Imba runako rwengoni,
Dzeizwi raMwari.
2.
Izwi rengoni nesimba
Rakasika Denga;
Rinotsigira nyenyedzi,
Rotaura zvose.
3.
Mwoyo wangu uchafara,
Nadzo tsitsi deznyu,
Nezwi iro ndinovimba
Rutendo rwogutswa.
4.

# Umambo hwenyu ngahuuye!

Tohunamatira;
Vatendi, neshungu huru,
Vanohumirira.
1.
Kunanayira kwenguva,
NdokwaMwari, Baba;
Nyenyedzi dzinopupura
Simba nenduramo.
Zuva rinopenya kwazvo,
Kunze kwotoyedza;
Shongai hanzu, vatendi,
Nguva yaswedera.
2.
Zuva rinopenya kwazvo,
Rodzima zvitadzo;
Kururama kuchamiswa
Kuporese zvose.
3.
Ruzivo, norunyararo,
Zvichafamba kwose;
Zuva rake Mwari.
4.

## Munotendeseka, O Mwari Baba,

Hamuna mumvuri wesanduko,
Hamungapinduke mutsitsi dzenyu,
Saizvozvo, mogara narinhi.
1.

Munotendeseka!Munotendeseka!
Mangwanani ndogam'chira tsitsi,
Zvose zvandinoda ndopiwa nemi,
Munotendeseka, 'She, kwandiri.
Zhizha, chando napo pakukohwa,
Zuva, mwedzi, nyenyedzi pa'msoro,
Zvinosangana zvose kupupura
Kurudo rwenyu runotendeka.
2.
Toregererwa kwenguva yose,
Kuvepo kwenyu kwotungamira;
Simba ranhasi neramangwana,
Makomborero angu, zvihuru.
3.

## Vanhu vose vepanyika,

Imbai mose kuna ‘She;
Munamatei nokutya,
Farisai mberi kwake.
1.
Uyu Mambo, ndiye Mwari;
Wakatisika pachake;
Anotifudza sehwai,
Tiriwo vedanga rake.
2.
Ngatipinde mberi kwake,
Norukudzo norufaro;
Tirumbidze zita rake,
Zvakakodzera kudaro.
3.

Torumbidzirei Ishe?
Azere tsitsi neidi;
Chokwadi chake chiripo,
Hachipinduke narinhi.
4.

## Zvisikwa zvaMwari Mambo,

Ngatiimbe pamwechete,
Hareruya!Hareruya!
Newe zuva rinopisa,
Newe mwedzi unopenya:
1.
Murumbidze, Murumbidze,
Hareruya,Hareruya,
Hareruya,!
Iwe mhepo une simba,
Imi makore edenga,
Murumbidze! Hareruya!
Iwe unotonga, rumbidza,
Newe manheru imbawo:
2.
Nemvura inoyerera;
Imbirawo Ishe anzwe,
Hareruya! Hareruya!
Moto une simba guru,
Wopa kudziya nomwenje:
3.
Ivhu rinotipa zvose
Zvatinodya misi yose,
Murumbidze! Hareruya!
Namaruva nemichero,
Ngazviratidze kubwinya:
4.

Zvisikwa ngazvirumbidze,
Zvinamate norupfavo,
Murumbidze! Hareruya!
Baba, Mwana, Mweya
Varumbidzwe Hareruya
5.

# Ishe, izwi renyu,

Rinotitungamira;
Kune anotenda,
Rinotiponisa,
1.
Mhandu dziri pedyo,
Tofadzwa nezwi renyu;
Rinotinyaradza,
Rinotiponesa.
2.
Mudutu renhamo,
Makore okwidiba;
Mwenje wovheneka,
Wotichengetedza.
3.
Rufarowo here,
Pamwe noupfumi,
Zvopiwa neshoko
Kunawo vatendi!
4.

Izwi rine tsitsi,
Rotsigira vapenyu;
Ndiro izwi benyu
Kwavari murufu.
5.
Dai tichiona
Utsvene hwaro shoko;
Ishe, taikutyai,
Tive pedyo nemi.
6.

# Kudzai Mwari mukuru

Rumbidzai mose!
Wakatipa gore idzva,
Ngaarumbidzwe!
1.
Wakatichengeta iye,
Gore rapfuura;
Tose tiri mberi kwake,
Nemipiro yedu.
2.
Tinokutendai, Baba,
Nedzo tsitsi dzenyu;
Tinozvipira kwamuri
Nayo mwoyo yedu.
3.
Toda kukurumbidzai
Namabasa edu;
Toda kutevera Jesu,
Tiende kudenga.
4.

Dzose nguva dzatinadzo,
Dzive dzenyu, Ishe;
Namasimba edu ose,
Apirwe kwamuri.
6.

# Kuita kwake, Musiki,

Kwakavanda chose;
Anotipa, agotora
Vadiwa kwatiri.
1.
Mhuri yokura, yowanda,
Mapudzi matsvene;
Asi nenguva isipi,
Zvose zvoparara.
2.
Vanoverera serima
Rotiza chiedza;
Mumwe nomumwe woenda
Kuumambo hwake.
3.
Mwoyo yedu yotambudzwa,
Toshaya kuziva
kufunga kwake, Musiki,
Nesu kwopesana.
4.
Hatingazive mazano
Okuronga kwaShe;
Asi toziva, tovimba,
Zvose zvichanaka.
5.

Mwari tipeiwo simba
Kugam'chira zvose;
Nengoni, tichauyawo,
Kumusha kudenga.
6.

## Mwari anotishamisa

Namabasa ake;
Tsoka dzake todziona
Padutu, mugungwa.
1.
Iye Mwari ane njere
Dzisingakundike,
Dziri mumazano ake,
Nomukuda kwake.
2.
Imi vatendi shingai,
Musatye makore;
Anoda kunisa mutsa,
Nengoni dzaIshe.
3.
Regai kutonga Ishe,
Nokuziva kwenyu;
Seri kwezviito zvake
Kune ngoni zhinji.
4.
Mazano nokuda kwake
Zvinopetenuka;
Pfumvudza nyangwe yovava
Ruva royevedza.
5.

Tikasatenda toona
ZvaMwari senhando;
Asi munaiye Mwari,
Munechidudziro
6.

# O Lord, My God!

Mwari, Mambo, Kana ndofungidzira,
Mabasa enyu anoshamisa,
Nenyenyedzi, ndonzwa nokuriridza,
Nesimba renyu guru panyika.
Ndokuimbirai Mwari M’ponisi
Muru M ‘kuru! Mukuru sei!
Ndokuimbirai Mwari M’ponisi,
Muri M’kuru! Mukuru sei!
1.
Kana ndofamba musango remiti,
Ndonzwa shiri dzinondifadzisa;
Ndotarisawo pasi pemakomo,
Ndonzwa hova, mhepo yofefeta.
2.
Mwari makatipa Mwanakomana
Kutifira: izvi zvoshamisa!
Wakatakura zvivi paM’chinjikwa,
Wakafa kubvisa zvivi zvangu.
3.
Kristu achazouya, norumuko ,
Ndoenda kumusha norufaro;
Ndichamukudza nokumurumbidza,
Ndokudza Mwari, Mukuru sei!
4.
(used by permission)

# Mwari, mune simba rose,

Tungamirai vafambi
Vari mumweya, mudenga
Vadzivirirwe kunjodzi.
1.
Mwari mune zano guru,
Chengetai vanofamba
Nengarava dzomugungwa;
Napasi, ngoro dzemoto.
2.
Mwari mutongi wazvose,
Podzai hasha dzemheni;
Mvura zhinji ituruke,
Vanhu nenzara vasafe.
3.
Mwari itai marudzi
Asagadzire mabhomba,
Zvombo zvizhinji zvouraya
Vanhu nezviri panyika.
4.
Mwari, itai Musiki womunhu,
Anotonga zviri pasi;
Mupei gwara kuronga
Zvorudo, norunyararo.
5.

# Let Us With a Gladsome Mind

Nemwoyo inofara,
Ngatirumbidze Ishe:
Ane tsitsi narinhi,
Anotendeka chose.
1.
Ngatiparidze kwose
Kuti ndiMwari ega,
Ane tsitsi narinhi,
Anotendeka chose.
2.
Iye nesimba guru
Wakatipachiedza:
Ane tsitsi narinhi,
Anotendeka chose.
3.
Anokonzera zuva
Kuvamba rwendo rwaro!
Ane tsitsi narinhi,
Anotendeka Chose.
4.
Noruoko rwake ‘She
Zvose zvogutswa naye:
Anetsitsi narinhi,
Anotendeka chose.
5.

## Ngatimutendei Mwari,

M’siki wezvinhu zvose;
Ndiye mumisi werudzi
Nomoto une simba,
Izwi rakazvitaura;
Ngaarumbidzwe Mwari.
1.
Mwari ngaatendwe nezwi
Rakaumba munhu;
Kufa, asi nokumuka,
Nengoni dzokudenga.
Izwi rakazvitaura;
Ngaarumbidzwe Mwari.
2.

# Before Jehovah's Awful Throne

Mwari ngaatendwe nezwi
Riri muMweya M'tsvene;
Tine rufaro rukuru,
Nokununurwa kwedu.
Izwi rake rinodaro,
Ngaarumbidzwe Mwari.
3.
Pachigaro ChaJehovha,
Ndudzi zhinji dzipfugame;
Dzizive Ishe ndiMwari,
Wosika nokuparadza.
1.

Simba rake iye woga
Wakatiumba savanhu,
Sehwai patarasika,
Wotidzorera mudanga.
2.
Pamasuwo tichaimba,
Tosimudza mazwi edu,
Pasi, nedzo ndimi zhinji,
Dzozadza nokurumbidza.
3.
Hutungamiri hukuru,
Norudo rusingapere,
Chokwadi, sedombo, mira,
Kusvikira kumagumo.
4.

# Morning Has Broken

Pamambakwedza
Ekutangisa,
Shiri yoimba
Yokutanga;
Inorumbidza
Pamangwanani,
Inodudzira
Shoko raShe.
1.

Mvura yonaya
Yobva kudenga;
Dova pauswa
Hwokutanga;
Totenda mvura
Iri mubindu,
Inobvinina
Paafamba
2.
Rangu izuva,
Nemangwanani,
Zvavakaonekwa
MuEdheni,
Ngatirumbidze
Pamangwanani,
Mwari wasika
Zuva idzva.
3.
NDINGAMUDE, SEI MWARI?

## Ndingamude sei, Mwari,

Kuti ndimukudze?
Ndiparidze noukuru
Hwadzo ngoni dzake.
1.
Ngoni dziri kuna vose,
Hadziverengeki;
Dzinoramba dzisingafe,
Dzosvikira vose.
2.

Dzinoziva pasi pose,
Hadzina magumo;
Dai dzakapfu'ra mumwe,
Dzaindipfu'rawo
3.
Udzamo hworudo rwake
Hungarehwe nani?
Chipo Chisingataurwe
Ndozochiratidzwa.
4.
Chimbidzai, Ishe, mutore
Ini ndive wenyu;
Ita mumwoyo mangu,
'She, chitongero chenyu.
5.
His Love

# Rudo rwaMwari rukuru,

Zvokuti anonzwa
Kushaya kwomwoyo wangu,
Wobisa misodzi;
Nyangwe ndisinganzwisise
Udzamo hwerudo,
Wochengeta mweyawangu,
Haangakundike.
1.
Mwari anerudo
Rudo rwoshamisa,
Wakapa Mwana wake
Kuti andifire,
Rudo rwoshamisa.

Rudo rwaMwari rukuru,
Kwose kwondoenda,
Kukahadzika kwasvika,
Ndom’bata ruoko.
Rudo runotanda kutya,
Ndakasunungurwa,
Nenzeve dzangu ndinonzwa
Izwi rinofadza.
2.
Rudo rwaMwari rukuru,
Wochenesa nzira;
Zvino ndawadzana naye,
Zvisingazopera.
Baba haandikumbire
Zvipo zvakakurisa;
Asi kuti ndimudise,
Nokumushandira.
3.

## Joyful, Joyful, We Adore Thee

Norufaro tokukudza
Mwari, Ishe worudo;
Mwoyo yedu yovhurura
Semaruva muzuva.
Bisai, kusuwa, nezvivi,
Zvibvisei kwatiri,
Imi mupi worufaro,
Tizadzei nechiyedza.
1.

Mabasa enyu panyika
Nedenga anofadza,
Nyenyedzi, nadzo ngirozi,
Dzogarokupembedzai.
Minda, masango, makomo,
Nemapani negungwa;
Shiri, nematsime, zvose
Zvofara pamwe nesu.
2.
Mopa nokuregerera,
Munotikomborera;
Tsime rorufaro rwedi,
Rwakadzama segungwa.
Baba, ndimi Kritsu, hama,
Vane rudo ndevenyu,
Tidzidzisei kudanana
Norudo rutsvene.
3.
Vapenyu imbai rwiyo
Rwokuyedza kwokunze;
Rudo rwaBaba rwotonga
Hama nomunhu wose.
Ngatifambe tichiimba
Sevakundi mukurwa;
Kuimba kwotisimudza,
Tokunda muupenyu.
4.

# Mambo, Mufudzi norudo

Rusingakundikane,
Handina chondoshayiwa,
Ari wangu narinhi.
1.

Kumvura dzinoupenyu,
Anonditungamira;
Nokumafuro manyoro,
Wondigutsa nokudya.
2.
Ndichiri nzenza, chirema,
Murudo wonditsvaka;
Wakandiisa papfudzi,
Kumusha wondiunza.
3.
Napakufa handingatye,
‘She, ari pedyo neni;
Mudonzvo wondinyaradza
Mberi kwomuchinjikwa.
4.
Napamisi yangu yose,
Runako haruperi;
Mufudzi, ndokuimbira,
Mumba mako narinhi.
5.

## Jehovah, Mufudzi wangu,

Anondigarisa,
Mumafuro nepamvura
Inondifadzisa.
1.
Anorapa mweya wangu,
Kuti ndifambiswe
Pane nzira dzenduramo,
Nezve zita rake.
2.

Kunyange ndiri pakufa,
Handina chokutya,
Nokuti imi muneni,
Nokundinyaradza.
3.
Tafura yangu yazadzwa
Pavanondivenga;
Musoro wangu wazodzwa,
Mukombe wazara.
4.
Tsitsi dzenyu norunako
Zvinoenda neni;
Ndichazogara naMwari
Narinhi, narinhi.
5.

# If Human Hearts Are Often Tender

Kana tine mwoyo munyoro,
Tichinzwira vamwe tsitsi,
Norudo ruzere runako,
Nemaoko ano mutsa.
1.
Kangani Mwari Baba wedu,
Murudo voregerera;
Kangani Mwari Baba wedu,
Votipa zvishayo zvedu.

Ko, kanganiko Mwari Baba
Murudo woregerera?
Ko, kanganiko Mwari Baba
Asina waanonyima?
2.

Vamwe vanobatsira vamwe
Nezvipo zvinomborambwa,
Vanobata mhandu sehama
Norudo rusingatendwe.
3.
Vamwe vogovana rufaro,
Vonzwa kuchemakwevana,
Vanhu kusuwa vonzwirana,
Misodzi vopisikana.
4.
John Gowans

# Ishe, Baba wamarudzi,

Mutiregerere;
Tishongedzei pfungwa tsvene,
Nomuutsvene tishande,
Tichikurumbidzai.
1.
Mukuvimba, vakakunzwai
Pagungwa reSyria.
Vakanzwa kudana kwaShe,
Nesuwo, tisingabvunze,
Ngatimutevere.
2.
Runyararo paGararia,
Rwemakomo ayo;
Jesu paakapfugama
Mukunyarara kwenguva,
Kuzere norudo.
3.

Donhedzai dova rudo,
Ripedze dambudzo;
Mumweya, mubise shungu,
Upenyu hureurure
Runyararo rwenyu.
4.
Femai pam’soro peshungu
Kuti dzitonhodzwe;
Zorodzai mweya nenyama;
Taurai mumatambudzo,
Nezwi rakapfava.
5.

# Zvose zvinoyevedza,

Nezvisikwa zvose,
Nezvose zvakangwara,
Zvakasikwa naShe.
1.
Zvose zvinoyevedza,
Nezvisikwa zvose,
Nezvose zvakangwara,
Zvakasikwa naShe.
Neruva diki rose,
Makapa mavara,
Neshiri ndiki dzose,
Makapa minhenga:
2.
Runako rwemakomo,
Rwizi rwuri pedyo,
Madeko, mangwanani,
Anoruvheneko
3.

Mhepo inotonhora,
Zuva rinodziya,
Michero yomubindu,
Zvose makasika.
4.
Maziso makatipa,
Nemiromo toti:
Mwari ndiSamasimba,
Makasika izvi.
5.

# O, For A Thousand Tongues To Sing

Dai ndine ndimi Zhinji
Dzokurumbidza ‘She,
Mbiri yaMwari naMambo,
Ngoni huru dzake.
1.
Mwari wangu mune ngoni,
Ndibatsirei kuti
Ndiparidze kwose mbiri
Yezita renyu, ‘She
2.
Jesu, zita rotanda kutya,
Ropedza kusuwa,
Rwiyo munzeve yom’tadzi,
Rinopa kupona.
3.
Anosunungura m’tadzi,
Namasimba ake;
Ropa rake rochenesa,
Mutadziwo seni.
4.

## Twudambudzo twunoshusha,

Twakabva kwandiri,
Muminda nomumakungwa,
Mukati memhepo;
Mukukuma kwezvipfuwo,
Mukuzunzwa kwemiti,
Nomukuimba kweshiri,
Kurira kwenyuchi
1.
Kutya kusina maturo,
Ndinorasa kwose;
Muuswa hunonhuhwira,
Nohuchangochekwa;
Mumbessa nomumaruva,
Anogutsurira,
Pfungwa tsvene dzichazvarwa
Mumunda waMwari.
2.
II

# Jesu, ndichifunga nemi,

Zvinondifadzisa;
Uso hwenyu hunofadza
Nokundizorodza
1.

Izwi nomyoyo nepfungwa,
Hazviwane zita:
Rinofadza serenyu, She,
M'ponisi wavanhu.
2.
Chitarisiro chemwoyo,
Rufaro rwavose,
Mune tsitsi kune avo
Vanotsvakaiwo.
3.
Ko, avo vachazowana
Hatingataure,
Rudo rwaJesu rwoziwa
Navo vake chete.
4.
Jesu, muri rufaro rwedu,
Muri mubayiro,
Ivai rurumbidzo zvino
Nokusingapere.
5.

## Jesu, rufaro rwemwoyo ,

Muri tsime roupenyu;
Tosiya rwose rufaro
Kuti tigutswe nerwenyu.
1.
Chokwadi chenyu chimire,
Vanokudanai vopona;
Vanokutsvakai vowana
Imi, muri zvavo zvose.
2.

Mweya yedu inokudai
Mune zvose zvoupenyu;
Tofara tichikuonai,
Tokomborerwa mamuri.
3.
O Jesu, chigara nesu,
Mutizadze norugare;
Rima rezvivi ritandwe,
Vhenekerai pasi pose.
4.

# Kudzai simba raJesu!

Ngirozi dzonamata;
Unzai ngundu youshe,
Agadzwe 'She wavose.
1.
Ukama hwose nendudzi
Huru nendikizve,
Zvimupe kurudzo rwedi,
Agadzwe 'She wavose.
2.
Vadyi venhaka yechivi,
Navatadzi vose,
Munganunurwe nengoni,
Agadzwe 'She wavose.
3.
Mugadze, imi zvapupu
Makapfuura kare;
Kudzai ropa raJesu,
Agadzwe 'She wavose.
4.

Navo vatsvene kudenga
Tomupfugamira;
Uyai timuimbire,
Agadzwe 'She wavose.
5.

# Kune zita randinoda,

Kunzwa nokuimba;
Munzeve rinonakidza,
Rinofadzisa.
1.
Ndinorida zita raJesu, (Katatu)
Zita roM’ponisi.
Rinoreva rudo rwaShe,
Wakafira ini;
Ngavauye vanhu vose,
Vopona maari.
2.
Jesu, zita randinoda,
Rinopa rufaro;
Hapana angazvizive.
Zvokukosha kwake.
3.
Navo vatsvene kuDenga,
Ndisinawo zvivi,
Ndichaimba rumbo rutsva,
Rworudo kwandiri.
4.

RAJESU

## Ngaripfugamirwe

Zita raJesu:
Ndimi dzose dziti;
Mambo wedenga.
Zvinofadza Baba
Kumuti Ishe,
Kubva kumavambo
Waive Izwi.
1.
Zvose zvakavepo
Neizwi rake;
Nengirozi dzose;
Umambo nesimba,
Kana nyenyedzi;
Zvose zvokudenga
Uzhinji hwazvo
Nazvino ndiye.
2.
Wakaninipiswa
Kwechinguvana,
Naivo vatadzi
Vaakavinga.
Wakazvitakura
Asina vara;
Akave mukundi
kukunda rufu.
3.

Wakakunda zvose,
Zvose zvounhu,
Kumarudzi ose
Nesimba rawo,
Kusvika chigaro
ChaMwari Baba
Achizadzisa
Norurumbidzo
4.
Mumwoyo mugadze
Kuti akunde
Zvose zvakan’ora,
Zvisina idi.
Mugadze segamba
Nomuyedzo;
Naye ufungatwe
Uchaniswe naye.
5.

# Pasi nokudenga,

Ngirozi navanhu
Ngazvibvume neni
M’ponisi wavose;
Ngazvirumbidze Gwayana,
Zvikudze zita raJesu.
1.
Jesu, ndorufaro
Rwepasi nedenga;
Ndiye rubatsiro,
Ndiye zita chete
Rinotipa ruponiso
Nokudzikinura nyika.
2.

Zita rinobvisa
Mutadzi muzvivi,
Rumbo runofadza,
Hupenyu kwaari
Anoimba nziyo itsva,
Mwoyo wova norufaro.
3.
Rudo rwakadzama,
Ruzere nengoni,
Rwakachimbidzika
Kuzotinunura:
Ndingazviparidze sei
Zvamakaitira vanhu?
4.
Zvinoda mumhanzi
Kuzivisa vose,
Kuzivisa mwoyo:
‘She wakavafira,
Ishe wakarovererwa,
Ishe akafira vose.
5.

## Nyaya inoshamisa!

Nditaurirezve;
Rudo runoshamisa!
Mutsurudza simba.
Ngirozi dzidaidzire,
Vafudzi vagamuchire;
M'tadzi haungabvumewo
Rudo runoshamisa?
1.

Nyaya inoshamisa!
Nyangwe uri kure!
Rudo runoshamisa!
Nanhasi wodana.
PaKarivhari anodana.
Kubva mutsime'ro dzvene,
Kubva mavambo enyika;
Rudo runoshamisa.
2.
Shamisa! Shamisa!
Runoshamisa!
Rudo runoshamisa!
Nyaya inoshamisa!
'She wopa zororo;
Rudo runoshamisa!
Kuna 'vo vatsvene;
Vachazorora kudenga,
Navo vakaenda kare,
Vachaimba norufaro:
Rudo runoshamisa.
3.
J.M Driver
TAUNGANA M'ZITA RENYU

# Taungana m'zita renyu;

Mukushanda, tibatsirei;
Ngoni dzenyu tokumbira
Tive norudo kwamuri.
1.

Makati: harisi simba
Ringaparadze kuipa,
Asi mweya wenyu chete,
Mwoyo yedu movandudza
2.
Uyayi, Ishe, norudo
Mweya mutiburukire:
Nepfungwa tsvene tizadzwe,
Kuda kwenyu titeerere.
3.
Miromo ngaitaure
Zvinobatsira vayedzwi;
Vanodzunga, vagotaura
Nhamo dzavo, kuna Baba
4.
TORA ZITA ROM'PONISI

# Tora zita roM’ponisi,

Mwana unotambudzwa;
Richakupa kunyaradzwa,
Ritore pakuenda.
1.
Panyika kudenga,
Izita rakanaka,
Panyika nokudenga,
Izita rakanaka.
Tora zita rake Jesu,
Senhowo pakuyedzwa;
Ukakombwa nezviyedzo,
Nezitaro teura.
2.

Jesu, zita rakanaka,
Rinotipa rufaro;
Kana achitigam’chira,
Tomuimbira nziyo.
3.
Tichikotamira Jesu,
Tichimupfugamira,
Tichazomugadza Mambo,
Kana rwendo rwapera.
4.

# Uyai tiimbe nziyo

Nengirozi dzose;
Zvihuru nezvihuru zvadzo,
Norufaro rumwe.
1.
Hareruya Gwayana!
Rakafa paKar'vhari,
Hareruya, Hareruya,
Hareruya, Amen!
Gwayana rakakodzera
Kurumbidzwa kwazo!
Tinodavira nemwoyo
Rakafira isu.
2.
NdiJesu anokodzera
Rukudzo nesimba;
Makomborero tomupa
Nokusingapere.
3.

Zvisikwa zvepasi pose,
Ngazvikudze zita
Ra'She ari pachigaro,
Gwayana raMwari.
4.
UYAI TIIMBE TOSE,'SHE RUDO

## Uyai tiimbe tose;

‘She Rudo!
Denga nenyika zvikudze,
‘She Rudo!
Wose munhu arurame,
Mumwoyo make afare,
Nezva Jesu aimbezve:
‘She Rudo!
1.
Paridzai munyika yose
‘She Rudo!
Muna kristu tisingapone,
‘She Rudo!
Tashambidzwa nero Ropa
Tavhenekerwa noMweya,
Ngatiimbe nokufara:
‘She Rudo!
2.
Tinorufaro panyika,
‘She Rudo!
Mazwi ake anofadza,
‘She Rudo!
Ndiye zuva nayo nhowo,
Rubatsiro, rutariro;
Nzira yose anesuwo;
‘She Rudo!
3.

Kunyange taneta kwazvo,
‘She Rudo!
NaKristu tinorukundo,
‘She Rudo!
Hatichazotya mukufa,
Jesu, tinozomuona,
Naye tichazoyamurwa:
‘She Rudo!
4.
Kudenga tichazoimba:
‘She Rudo!
Mazwi aya achaimbwa:
‘She Rudo!
Kusingapere, narini,
Tichafara nengirozi,
Rwiyo rwedu ruchazoti:
‘She Rudo!
5.

# Zita raJesu iguru

Panyika neDenga;
Ngirozi dzose navanhu,
Vanorinamata.
1.
Hatibvume imwe nzira;
Zvakakwana kuti
Jesu'She pamuchinjikwa
Wakafira ini.
Zita rake rakanaka
Kuvatadzi vose;
Ndiye woparadza kutya,
Wovapa rugare.
2.

Anodimura mikosi
Yavasungwa vose;
Anopa varukutiki
Masimba, vapone.
3.
Dai nyika ichiona
Ngoni huru dzake;
Rudo rwake rungandai
Ruchikomba vose.
4.
Kururama nechokwadi
ChaShe ndinoreva;
Basa rangu ndero kuti:
Tarisa Gwayana
5.
Ndingafadzwe nomukufa
Nero rake zita;
Nezwi rangu ndoparidza
Tarisa Gwayana.
6.

# Zita Rashe rinofadza

Munzeve yomutendi;
Panhamo rinonyaradza,
Rinotanda kutya.
1.
Ndinorida zita raJesu (Katatu)
Zita roM'ponisi
Rinomutsurura mweya,
Rinounyaradza;
Rinogutsa vane nzara,
Rinovazorodza.
2.

Inheyo pandinovaka,
Inhowo, ibako,
Riri dura, rakazadzwa
Nengoni norudo.
3.
Mwoyo wakarukutika,
Pfungwa dzotonhodzwa;
Ndichiona nezvamuri,
Ndichakurumbidza.
4.
Ndoparidza rudo rwenyu
Nawo mweya wangu:
Ndozorodzwa napakufa
Nezita renyu,'She.
5.
KRISIMASI: KUUYA

## Farai! Ishe wauya,

Gam'chirai Mambo.
Gadzirai nzvimbo yake,
Denga ngariimbe,
Pasi padaire,
Denga, napsi zviimbe.
1.
Farai! Ishe wotonga,
vanhu ngavaimbe.
Minda, hova
Nemakomo,
Zvive momufaro,
Zvose, zvive norufaro.
2.

Anoparadza kuipa,
Namasimba ake,
Anouya
Kununura,
Vanhu varasiki,
Vanhu, vanhu varasiki.
3.
Wotonga nyika nenyasha,
Marudzi oona
Rurumbidzo,
Noutsvene,
Rudo rwoshamisa,
Rudo, rudo rwoshamisa.
4.

# Silent Night.

Husiku hutsvene!
Kwakanyararisa;
Kuna ‘mai nomwana,
Mucheche wakapfava,
Zorora murugare.
1.
Husiku hutsvene!
Nyenyedzi, yobwinya;
Vachenjeri vauya
Nezvipo kuna Mambo
Jesu ari pano.
2.
Husiku hutsvene!
Nyenyedzi, yopenya;
Nengirozi tiimbe,
Rukudzo kuna ‘She,
Kristu ari pano.
3.

# Kaguta kadukuduku

KeBheterehema!
Mukunyarara kwenguva,
Nyenyedzi dzopenya.
Murima romuguta,
Movheneka mwenje
Wetariro yemakore,
Zvasangana nhasi.
1.
Nyenyedzi dzemangwanani
Dzinoti wazvarwa;
Dzoimba kuna 'She, Mwari,
Rugare kuvanhu.
Kristu, naye Maria,
Vanounganirwa,
Vose varere, ngirozi
Dzinomurindira.
2.
Mukunyarara kwenguva,
Tinopiwa chipo;
Mwari wopa mwoyo yedu,
Namaropafadzo.
Hatinzwe kuuya kwake,
Munyika yezvivi,
Vanyoro vanogam'chira
Kuuya kwaKristu.
3.

Mwana weBeterehema,
Chitiburukira;
Pinda, ubise zvitema,
Uzvarwe kwatiri.
Ngirozi dzinouna
Mazwi anofadza;
Uya, ugare nesuwo,
Ishe, Emanuwere.
4.

## Muguta raShe Dhavhiti,

Maive nedanga'mo;
Amai pavakarinza
Mucheche muchidyiro;
Maria ndivo mai
Jesu,She, mwana wavo.
1.
Iye, wakabva KuDenga,
Mwari wavanhu vose;
Wakazvarirwa mudanga,
Muchidyiro arere
Muponisi wakarara
Navarombo navasina.
2.
Nomuhwana hwake hwose,
Wakaterera ivo,
Wakadisa amai vake,
Navo wakayarutswa.
Nevana vechiKristu,
Vaterere saiye.
3.

Muenzaniso wavana;
Wakakura sesuwo;
Muduku asina simba,
Waichema sesuwo
Anonzwa kusuwa kwedu,
Pamwe norufaro rwedu.
4.
Isu, tichazomuona,
Nokununurwa naye;
Mwana uyo wakapfava,
NdiMambo kudenga'ko.
Wotungamira vana,
Kwaari'ko kudenga.
5.

# Ngirozi dzokudenga,

Dzakaimba usiku,
Makomo akatinhira,
Norufaro kunaShe.
1.
Ru------mbidzo
Kuna Mwari kudenga.
Ru------mbidzo
Kuna Mwari kudenga.
Vafudzi mafadzwa nei?
Nziyo idzi ndedzei?
Chiedza maonepi?
Mazwi maanzwa kupi?
2.

Uyai Bheterehema;
Dzakadaro ngirozi,
Muzomupfugamira,
Kristu, Ishe wazvarwa.
3.
Akarinzwa muzamba,
Ngirozi dzomukudza,
Maria naJosefa,
Tokudza Ishe navo.
4.

# Christians Awake

Mukaiwo maKristu, Kwaedza,
Muponisi wepasi wazvarwa!
Simukai rumbidzai rudo
Rwakaimbwa nengirozi dzose;
Rufaro rwemazwi okutanga,
Emhandara noMwana waMwari.
1.
Vafudzi vairinda vakanzwa
Mazwi ayo ngirozi, ichiti:
Ndozivisa kuzvarwa kwaIshe
Kwamuri nokumarudzi ose;
Mwari wazadzisa chivimbiso
Nhasi M'ponisi, Kristu, wazvarwa!
2.
Ngatirangarirei mumwoyo,
Mwari wakanunura marudzi!
Tsvakai Mwana wakatinunura,
Kubva muzamba, kumuchinjikwa;
Famba munhanho, nengoni dzake,
Dakara tive sepakutanga!
3.

Ngatifarisewo sengirozi
Tiimbe rumbo rwokununurwa:
Uyo wazvarwa zuva ranhasi
Achiratidza kubwinya kwake,
Watiponisa toimba nziyo,
Dzisingagume kunaMambo wedu
4.

# Mwoyo ngaifare nhasi,

Pazuva reKirisimasi;
Rumbidzai Mwari nenziyo
Watipa rudo rwake,
Jesu Kristu Muponisi,
Wakauya nezvipo;
Ngatiimbe pamwechete:
Zvoshamisa, ndowangu!
1.
Ngirozi dzakataura,
Pagomo kare kare,
Zvomwana wakabva kudenga
Mwari wazadzisa shoko,
Ngirozi, vafudzi vose,
Vakamukotamira,
Ngatiimbe pamwechete!
Zvoshamisa, ndowangu!
2.

Ngatinzwe nyaya yekare,
Yenziyo dzengirozi,
Ngatinzwezve nemashoko;
Kristu wokunda zvivi;
Ruponeso runopiwa
Pachena kumarudzi
Ngatiimbe pamwechete:
Zvoshamisa, ndowangu!
3.
Ernest Henry Parr

## Ngirozi dziri kudenga,

Burukirai pasi:
Makaimba zvokusikwa,
Imbai zvaMesiya.
Uyai ngatirumbidze,
Kristu wazvarwa, Mambo.
1.
Vafudzi zvaifunga,
Hwai dzavo usiku,
Mwari wogara navanhu,
Mwana ndiye chiedza.
Uyai ngatirumbidze,
Kristu wazvarwa, Mambo.
2.
Vatsvene vanokotama,
Netariro nokutya,
Nokukurumbidza, Ishe,
Wouya mutemberi;
Uyai ngatirumbidze,
Kristu wazvarwa, Mambo.
3.

Vatadzi vitendeuka,
Nemhaka yokutadza:
Vowana nduramo dzake,
Voshevedzwa netsitsi.
Uyai ngatirumbidze,
Kritsu wazvarwa, Mambo.
4

## Noweri wokutangisisa,

Ngirozi yakaoneka,
Navafudzi nehwai dzavo,
Muusiku hwaitonhora kwazvo.
1.
Noweri , Noweri,
Noweri , Noweri,
Wazvarwa Ishe weIsraeri.
Vakaiona nyenyedzi,
Ichipenya kure mabvazuva,
Ikavhenekera zvikuru,
Pamasikati nousiku.
2.
Nechiedza chenyenyedzi,
Ndokuuya vangwaru vatatu,
Kuzotsvaka Ishe Mambo,
Ndokuitevedza nyenyedzi.
3.
Yakaonekwa madokero,
Yakamira paBheterihem',
Ipapo yakangomira,
Panzvimbo yakarara Jesu.
4.

Vachenjeriwo vatatu,
Vakapfugamira Ishe,
Ndokumupa zvipo zvavo:
Goridhe, mura, nefurakin'senzi.
5.
Nesu tose pamwechete
Ngatirumbidze, 'She wedu
Musiki wedenga napasi,
Nokutitenga neropa.
6.

# Pauduku hwenyu , Ishe,

Chipotero, chakave
Munyika yeIjipita,
Kure’ko naHerodhi.
1.
Farirayi mucheche,
Wakakuriswa
Bheterehema
Ishe Jesu, yeukai
Mazwi aBaba wenyu
Paakati: ndichabisa
Mwana kuIjipita.
2.
Rumbidzai Ishe, Mwana,
Wakakuriswa nevhu
Renyika’yi yeAfrica,
Ikave chipotero.
3.
Ishe, tiropafadzei
Zvino paKrisimasi;
Tsitsi dzouduku hwenyu
Dziuyewo kwatiri.
4.

# Rwakaimbwa pausiku,

Rwiyo karekare,
Nengirozi dziri pasi
Namarimba adzo;
Rugare kuvanhu
RwaMambo wedenga,
Nenyika murunyararo
Ngainzwe ngirozi.
1.
Muzvivi nomudambudzo
Nyika yatambura;
Kwapfura nguva refu,
Ngirozi dzaimba.
Vanhu muhondo havanzwi
Rwiyo rwune rudo,
Nyararai imi varwi,
Inzwai ngirozi.
2.
Mazuva anopfura,
Sezvaakaprofitwa;
Nokufamba kwenguva
Rugare rwouya,
Runyararo pasi pose
Serwe kare kare,
Nyika ichazoimbazve
Rwiyo rwengirozi.
3.

# Sevanhu kare kare

Vakaona nyenyedzi,
Vakafadzwa nomwenje
Kutungamiririrwa nawo;
Nesu titungamiririrwe
Nguva dzose kwauri.
1.
Sezvavakachimbidza
Kuona muzamba,
Mwana vopfugamira,
Mudikanwi wedenga;
Nesuwo ngatiuye
Kuchigaro chengoni.
2.
Sezvavakapa zvipo
Muzamba, KuMwana'yo
Nesuwo, noutsvene
Tisina manyangadzo,
Tiunze zvipo zvedu
Kwamuri, Kristu Mambo.
3.
Jesu, ose mazuva
Tichengetei munzira;
Zvenyika zvapfuura
Ngaiuyiswe mweya
Kwamuri, 'She, nyenyedzi;
Kwamusingavanzike.
4.

Kunyika'yo kudenga,
Hakudikanwi nwenje;
Ndimi, 'She, mwenji wayo,
Zuva risinganyure:
Tichaimba, narinhi:
Hareruya, kuna 'She!
5.

## Tarisai, muchando

Wazvarirwa M’ponisi;
Gwayana rake Mwari,
Chivimbiso chekare.
1.
Mangwanani matsvene
Rununuro rwauya,
Imbai muJerusarem’,
Wazvarwa Bheterehem.
Vafudzi taurayi,
Munofadziswa neyi?
Masiyepiko hwai?
Mujinga memakomo.
2.
Tichirinda usiku,
Takaona chiedza;
Ngirozi dzichiimba,
Muponisi wazvarwa.
3.
Mwana uyo mutsvene,
Norudo rwakakomba;
Rwakabva kudenga’ko,
Kuuya pano pasi.
4.

Chitidzidzisai imi,
Nouso hwakapfava;
Kuti tigova semi,
Mukuzvininipisa.
5.

## Tererai, ngirozi,

Dzinorumbidza Ishe;
Rugare ruve panyika,
Vanhu vawadzaniswe.
Farai, marudzi ose,
Nengirozi dzokudenga,
Pamwechete tiimbe:
Wazvarwa muBhet’rehem.
1.
Tererai, ngirozi,
Dzinorumbidza Ishe.
Anokudzwa nedenga,
Kristu, ‘She, asingafe,
Anouya kuvanhu,
Wazvarwa nemhandara;
munhu, asi ndiMwari,
Mukwazise ndiMwari,
Wakada kuva munhu,
Jesu ndiye Mwari.
2.

Tomukwazisa Mambo!
Kwaziwa zuva dzvene!
Anounza chiedza,
Chinorapa varwere.
Wakasiya kubwinya,
Vanhu varege kufa;
Iye wakazvarirwa,
Kuti vazvarwe patsva.
3.
Ungazive rwiyo rwakaimbwa
Nengirozi kare, here?
Denga rakazadzwa nokuimba
Napasi pakadairawo.
1.
UNGAZIVE RWIYO RWAKAIMBWA?

# Rurumbidzo kudenga,

Norugare kuvanhu
Rumbidzai Mwari,
Rugare kwese
Rumbidzai Mwari
Rumbidzai Mwari
Norugare kuvanhu
Unoziva rwiyo rwavafudzi
Pavaifudza usiku?
Denga rakatinhira, vakatya
Mazwi engirozi dzedenga.
2.
Unoziva nyaya yavachenjeri
Vachibva ‘vo kumabvazuva?
Panzira yavo pakavhenekwa
Nyenyedzi yaipenya kwazvo.
3.
A. P. Cobb

# O Come, All Ye Faithful

Uyai, vatendi!
Uyai nokufara,
Uyai, uyai Bheterehema:
Mutarisei, Ishe wengirozi;
Ngatimurumbidzei,
Kristu, Ishe
1.
Imbai, ngirozi!
Imbai nomufaro,
Imbai makovero ekudenga;
Kudzai Mwari, agere kudenga;
Ngatimurumbidzei,
Kristu, Ishe.
2.
Tinokukwazisa,
‘She wazvarwa nhasi,
Jesu rurumbidzo ruve kwamuri;
Izwi raBaba rauya semunhu;
Ngatimurumbidzei,
Kristu, Ishe.
3.

# Zviparidze pagomo,

Pamakomo ari kwese;
Zviparidze pagomo,
ZvaJesu wazvarwa.

Vafudzi vachafudza
Usiku musango,
Chionaka kudenga
Kwavheneka mwenje.
1.
Vafudzi vachifudza
Vachinzwa kudenga
Ngirozi dzichiimba:
Wazvarwa M’ponisi!
2.
Pasi pasi muzamba,
Kristu wazvarwa’mo,
Mwari watipa Kirisimasi
Yakakomborerwa.
3.

# Zamba rezvipfuwo rave urindo

Hwomwana, ‘She , paarinza musoro;
Nyenyedzi dzaona paakarara,
‘She, Jesu, mucheche, ari muzamba.
1.
Mombe dzinokuma, anopepuka,
Asi, ‘She mucheche haasi kuchema;
Ndinokudai Jesu, munditarise,
Garai neni, dakara mangwanani.
2.
Ivai pedyo neni; ndokukumbirai
Mundidisise nokusingaperi;
Ropafadzai vana murudo rwenyu,
Mutigadzirire kugara kudenga.
3.

## While Shepherds Watched

Vafudzi zvavaifudza,
Usiku musango,
Vakatumirwa ngirozi,
Kukapenya kwazvo.
1.
Ikati; regai kutya,
Ndokupai mose
Mazwi anofadzisa,
Kwamuri navose.
2.
Uko kuBheterehema,
Nhasi atozvarwa
Kristu, Ishe noM’ponisi,
Wavanhu venyika.
3.
Muchaona uyu mwana
Watobva kuDenga,
Akafukidzwa nenguwo,
Arere muzamba.
4.
Ngirozi zvayakapedza,
Dzimwe dzakauya,
Dzikaimba kunaMwari,
Dzichimurumbidza.
5.
Rurumbidzo ngaruvepo
Kuna Mwari wedu,
Norugare rusingafe,
Ngaruve kuvanhu
6.

ISITA: KUTAMBUDZWA,
Tarisa zvino Gwayana,
Ari paMuchinjikwa;
Atiparadzira ropa
Ari paMuchinjikwa.
Inzwa izwi rake zvino;
Iwe unofarireiko?
Ona paanofarapo,
Ari paMuchinjikwa.
Tarisa maoko ake,
Ari paMuchinjikwa;
Tarisa kudivi rake
Ari paMuchinjikwa.
Zuva raramba kupenya,
Nokudenga kunosviba,
Jesu worwa nokuipa
Ari paMuchinjikwa.
1.
2.

## Zvino vanomusimudza

Ari paMuchinjikwa;
Anokunzwira kusuwa,
Ari paMuchinjikwa.
Makomo anodedera,
Kana Jesu achiita
Rudzikunuro rwenyika,
Ari paMuchinjikwa.
3.

Zvino mabasa aitwa
Ari paMuchinjikwa;
Kurwa kwapera wakunda;
Ari paMuchinjikwa.
Anotarisa kudenga,
Iye anoti: Zvapera!
Anokotama ndokufa
Ari paMuchinjikwa.
4.
Kwose ndichaudza nyaya
YoMuchinjikwa wake;
Hapana chinondifadza,
SoM'chinjikwa wake.
Misi yose ndichareva,
Panyika napakudenga,
Kuti Jesu wandifira
Ari paMuchinjikwa.
5.

# ‘Tis Midnight, And On Olive’s Brow

Husiku zvino mubindu,
Pamumvuri wemuOrivhi,
Nyenyedzi yave kudoka;
Ishe, ega onamata.
1.
Husiku, pasina ani,
Ishe anorwa nokutya;
Nomudzidzi waaida,
Anoshaya hanya naye.
2.

Husiku hwave kusuwa,
Misodzi yake iropa;
Anopfugama neshungu,
Haangaraswe naMwari.
3.
Husiku, kwasasana,
Ngirozi dziri kuimba
Nziyo dzisina anonzwa,
Dzinonyaradza M’ponisi.
4.
KANA NDOONA M’CHINJIKWA

# Kana ndoona M'chinjikwa,

Paakafira Kristu, 'She,
Zvose zvangu ndozvizvidza,
Ndoshora kuzvida kwangu.
1.
Ndirambidze kuzvikudza,
Kunze kwokufa kwaIshe;
Zvose zvinondinyangadza,
Zvibviswe neropa rake.
2.
Hona uso, zvanza tsoka,
Zvose zvoratidza rudo;
Rudoiko rwakadai,
Nengundu yake yeminzwa!
3.
Dai ndine zvinhu zvose,
Zvaive chipo chiduku;
Rudo rwunondishamisa,
Runodisa ndizvipire.
4.

# Ishe, ndokugadzai zvino

Umambo ndohwenyu;
Ndofunga ngundu yeminzwa,
Ndouya Karavhari.
1.
Ndingafunge Getsimani,
Ndisakanganwe kurwadzwa;
Ngandifunge rudo rwenyu
Ndouya Karavhari.
Ndiratidzei guva renyu,
Pavakachema'po;
Ngirozi nenguwo chena,
Dzakakurindirai.
2.
Ngandisuwe saMaria,
Ndouya nechipo;
Ndione guva rashama,
Ndouya Karivhari.
3.
Ngandibvume kutakura
M'chinjikwa wenyu, 'She;
Ndigovane nhamo nemi,
Makatakura zvose.
4.

# Kune gomo kure, pamire M’chinjikwa,

Chiratidzo chokutambudzwa;
Ndinoda M’chinjikwa, pakafira Ishe
Kununura vatadzi vose.
1.
Ndichachengetedza M’chinjikwa,
Kusvika ndawana ngundu,
Ndichanamatira M’chinjikwa,
Kusvikira ndawana ngundu.
Uyo Muchinjikwa wozvidzwa nenyika,
Unondikwezva kwazvo ini;
Gwayana raMwari rakasiya denga,
Kuzotifira paKarivhari.
2.
NokuMuchinjikwa ndichazovimbika,
Ndotakura kushorwa kwavo;
Achazondidana kumusha kudenga,
Ndichagovana mbiri naye.
3.

## Kune gomo riri kure,

Kunze kwaro guta;
Kwaakarovererwa, ‘She,
Kwaakatifira.
1.

Hatingazive kurwadzwa
Kwaakatinzwira;
Asi tinoziva kuti
Wakafira isu.
2.
Wakafa kuregerera,
Nokutichenesa,
Kuti tiende kudenga;
Tiponiswe naye.
3.
Kwakanga kusina mumwe
Wokutinunura;
Ndiye wozarura suo
Tipinde kudenga.
4.
Wakatidisa zvikuru,
Nesu ngatimude;
Tivimbe neropa rake,
Nokumushandira.
5.
MAIWE! M’PONISI WANGU

# Maiwe! M’ponisi wangu,

Wandifira here?
Wakazvipa Ishe wangu,
Kuti ndiponeswe?
1.
Muponisi ndiyamurei,
Kuti ndivimbike;
Napakutonga kwenyu
‘She, mundirangarire.

Nom’towo wemhosva yangu
Warwadzwa pamuti;
Ingoni netsitsi huru,
Norudo kwandiri.
2.
Zuva ravanzwa nerima.
Rashaya kupenya,
ZvaKristu wakavafira
Vanhu vanotadza.
3.
Jesu, handingairipe
Mhosva yandinayo!
Zvino, ndinozvipira ;She,
Kwamuri, kudaro.
4.

## Mugetsimani, murima,

Kwakanzwika izwi
RaJesu, achiteura
Pamberi paMwari.
1.
Panzvimbo iyo,
Inzwa kuchema;
Tarisa Jesu M'ponisi
Ndiye anoteuta.
Ari oga mukutora
Zvakaipa zvedu;
Hakutaurwe kusuwa,
Misodzi neropa.
2.

Iye wopfugama pasi,
Mwana 'yo waMwari;
Mukusuwa anochema:
Baba, ndoterera.
3.
Handingakanganwe ropa
Nemisodzi yake;
Zvinoramba zvoyerera
Kuti ndishambidzwe.
4.
'She anondinamatira,
Anondigamuchira,
Jesu, bisai zvakaipa;
Zvino, ndinotenda.
5.

## Mwanakomana waMwari,

Muchichema, tokunzwai;
Buritsai zvivi pachena,
Dumbisai mwoyo yedu.
'She wedenga!
Makauya kuzofa.
1.
Ndizvo here, Kristu Ishe,
Nduramo ichatonga?
Tovinga here rufaro
Rwokufa kwenyu, Ishe?
Mururami!
Bisai majoto edu.
2.

Tinokunda kugumbuka,
Nokutonga kwenhando;
Chiedza chako chobuda,
Netariro toimba:
Hareruya!
'She anesu!
3.
Hezvi, tinokurumbidzai,
Pamhanza mune ngundu;
Navatsvene vemarudzi,
Vanokukotamirai.
Hareruya!
Tokunda noM'chinjikwa.
4.
NDIANI KUDANGAKO?

# Ndiani kudangako,

Anopfugamirwapo?
1.
Ndiye ‘She! Zvinoshamisa,
Ndiye ‘She! Mambo weDenga!
Tinomupfugamira,
Samambo tomugadza.
Ndiani anosuwa,
Achizvinyimakudya?
2.
Vanouya kuna’ni,
Varwere navasuwi?
3.
Ndiani PaM’chinjikwa,
Anofa nokurwadziwa?
4.

Anomuka ndiani,
Kuti ave M’ponisi?
5.
Ndiani anotonga
Munyika dzose ega?
6.

## Come With Me, Visit Calvary

Uyai, tishanyire
Gomo reKarivhari;
Pane tsime rizere
Ropa roM’ponisi;
Kubva kuzvakaipa
Anotinunura,
Zve, anovachengeta
Vanomutevera.
1.
Anoponisa kwazvo,
Anoponisa kwazvo,
Tendai zvino,
Torai rudo,
Anoponisa kwazvo.
Ruponiso rwaMwari
Zvino mungapiwe,
Rudzikinuro rwedi;
Mungarugam’chire;
Uyai nokutenda
Kuti mugam’chidzwe,
Tarisai kudenga
Kuti mumuzive.
2.

Kuda kwake ndoita,
Zvino ndozvipira;
Iye wonditsvenisa,
Naye ndozadziswa,
Ndotenda ndaponiswa,
Wandikomborera;
Mweya wake wauya,
Mwoyo wangu mutsva.
3.
Ndinarwo runyararo,
Ndinarwo rufaro,
Ndinarwo ruzororo,
Ndinarwo rukundo,
Anondipa upfumi
Husingaverengwe;
Zvinoshamisa sei,
Mwari ngaakudzwe!
4.

# Ndiudze nezvaJesu,

Nengoni dzake kunavose;
Noruponiso ndione
Norudo rwaakandifira.
1.
Ndiudze nezvaJesu,
Ndiudze nezvaJesu,
Noruponiso ndione,
Norudo rwaakandifira.

Ngandidzidze zvaJesu,
Nezveutsvene ndizive;
Mweya waMwari, dzidzisai
Zvose zvaKristu kwandiri
2.
Ndiudze nezvaJesu;
Nezveupfumi hwedenga;
Nezvaumambo hukuru,
Nezvokuuya kwake, ‘She.
3.
TARISA! JESU M’PONISI

# Tarisa! Jesu M’ponisi

Wakarovererwa;
Wakaisvokuda sei,
Zvavakakufira.
1.
Inzwa kugomera kwake!
Nyika yadedera;
Chizariro chetemberi,
Nezvengo zvatyoka.
2.
Rwaitwa rudzikinuro!
Wati; torai mweya.
Anokotama musoro,
Ipapo anofa.
3.
Asi akakunda rufu,
Iye akamuka.
Hapana rudo rukuru
Serwenyu, Gwayana.
4

# Tasva padhongi saMambo!

Inzwa voimba, Hosana!
Dhongi rofamba, munzira
M'chindwe akawaridzirwa.
1.
Tasva padhongi saMambo!
Uende zvako kunofa;
Kristu, kukunda kwatanga
Murufu nomuzvitadzo.
2.
Tasva padhongi saMambo!
Ngirozi dzose dzedenga
Dzotarisa, dzoshamiswa,
Kuona anozvipira.
3.
Tasva padhongi saMambo!
Kurwa kukuru kwasvika;
Baba ari pachigaro
Woona muzodzwa wake.
4.
Tasva padhongi saMambo!
Uende zvako kunofa;
Kotama pakurwadziwa,
Chitora simba, utonge.
5.

UYAI MU NE IYE M'PONISI
O

# O Com, And Look Awhile

Uyai muone Iye
M’ponisi wakatifira;
Ngatitarise, ticheme,
Jesu anorovererwa .
1.
Zvanza netsoka zvasungwa;
Muromo wake waoma;
Maziso ake adzima;
Jesu anorovererwa.
2.
Toramba kumunzwa here?
Tingamuseke Mutsvene?
Watakura mhosva dzedu,
Jesu anorovererwa.
3.
Tinovimba noM’chinjikwa;
Tsime rerutivi rwake
Rinoshambidzika kuipa;
Jesu anorovererwa.
4.
Rudo rwaMwari nezvivi,
Zvino zviri kurwisana;
Asi rudo ruchakunda,
Nokuti ‘She watifira.
5.
Vanokumbira vopiwa
Mwoyo wakapfava chose;
Mumwoyowo wakapfava,
Anogaramo Jesu, ‘She.
6.
Frederick William Faber

WAONA MUROVERWA?

## Waona Muroverwa?

Chishamiso.
Ndiye wakatifira,
Chishamiso!
Waona minzwa here,
Nairo ropa rake?
Nazvo ungaponiswe;
Chishamiso!
1.
Waregererwa here?
Chishamiso!
Nokunzwa zvorugare?
Chishamiso
Rudo rwake rwobisa
Misodzi nako kutya,
Nezwi rake zvopera;
Chishamiso!
2.
Unofara here?
Chishamiso!
Unorugare here?
Chishamiso
Ruponiso rwaIshe,
Rwuende kuna vose
Vari munyika dzose;
Chishamiso!
3.

Kumativi enyika,
Chishamiso!
Vamwe bedzi vakanzwa,
Chishamiso!
Kunyange vakatadza,
Jesu wakavafira,
Vose tichavaudza;
Chishamiso!
4.
‘WOKUSUWA’ WAKANZI

## ‘Wokusuwa’ wakanzi,

Iye Mwana waMwari
Wakavada vatadzi
Hareruya! Muponisi!
1.
Wasekwa nokutongwa,
Wakaparadza Ropa,
Iro randinunura;
Hareruya! Muponisi!
2.
Tiri vatadzi chose,
Asi iye Mutsvene;
Angatidzikinure;
Hareruya! Muponisi!
3.
Wakasimudzwa wofa,
Wakachema: Zvapera!
Agerewo kudenga
Hareruya! Muponisi!
4.

Pakuuya kwake’She,
Kuti titorwe naye,
Tichaimba zvakare:
Hareruya! Muponisi!
5.

# O Joyful Sound, O Glorious Hour

Izwi rinofadza nyika,
Rinoti: Kristu wamuka,
Wakabva muguva!
Imbai mumurumbidze,
Iye wakakunda kufa,
Nokutiponisa.
1.
Aripo, anesu,
Mununuri achiripo.
Wakamuka muvakafa,
Kuti ave Tenzi wedu,
Kutipa upenyu;
Kunyange vatsvene vofa,
Vokunda pamwe naIye,
Ishe, Mambo wavo.
2.
Zvino, hatingatye guva,
Nokuti wakatifira,
Achatimutsa;
Kunyange miviri yofa,
Yomutswa nesimba raShe,
Woivaka patsva.
3.

# Mukati meguva

Jesu, M’ponisi,
Wagarira zuva,
Jesu, Ishe.
1.
Wakamuka pakufa,
Wakakunda vavengi vake,
Wakakunda pakufa nokumuka,
Achagara nesu nokusingapere;
Wamuka pakufa,
Hareruya, wakamuka!
Vakamurindira
Jesu, M’ponisi,
Vakarinda nhando,
Jesu, Ishe.
2.
Wakakunda kufa,
Jesu, M’ponisi,
Wakakunda guva,
Jesu, Ishe.
3.

# I Know That My Redeemer Lives

Mununuri wakamuka,
Izvi zvinondifadzisa;
Ndiye wakakunda guva,
Achaponisa nesimba.
1.

Pam'soro peizwi iri,
Ngaatendwe! Ngaatendwe!
Pam'soro peizwi iri,
Ngaatendwe! Ngaatendwe!
Ndokomborerwa norudo,
Zve, anondiregerera;
Anobisa kwose kutya,
Misodzi anopisika.
2.
Iye ndiye hama yangu,
Anondida nguva dzose,
Wondigadzirira nzvimbo,
Wondigadzirira uko.
3.
Zita rake ngarikudzwe
'She, Jesu, haapinduke;
Ini ndofara kuziva
Kuti Kristu wakamuka.
4.
NDOSHANDIRA M'PONISI

# I Serve A Risen Saviour

Ndoshandira M’ponisi,
Mupenyu munyika;
Ndoziva akamuka,
Vamwe vacharamba;
Ruoko runetsitsi,
Ndonzwa izwi rake,
Nguva yondomudana
Ari pedyo.
1.

Ari M’penyu , ari M’penyu Jesu,
Iye anofamba neni
Murwendo rwo’penyu
Ari M’penyu kuponisa vanhu,
Ndinoziva izvi sei?
Mupenyu mandiri.
Munyika yandigere
Inorudo rwake;
Kana mwoyo waneta
Nganditsungirire;
Wonditungamirira
Kana kwovhuvhuta,
Zuva raachadzoka
Richasvika.
2.
Faraiwo vaKristu
Imbai nezwi renyu
Muchiti: ‘Hareruya!
Kuna Jesu Kristu;
Tariro yavatsvaki,
Anovayamura,
Rudo rwake rwokunda,
Anomutsa.
3.

# Kristu wamuka nhasi,

Hareruya!
Vanhu nengirozi vati:
Hareruya!
Simudzirai kutenda,
Hareruya!
Imbai denga nenyika:
Hareruya !
1.
Basa rerudo rapera;
Kwarwiwa zino kwakundwa;
Rima rino paradzwa,
Zuva rino vheneka.
2.
Vakamupfigira, asi
Kristu wakunda satani;
Haakundwe nokufa;
Denga dzvene, wazarura.
3.
Jesu ndiye mupenyu;
Rufu, uripiko zvino?
Wakafa kutiponisa;
Guva rakakundwa naye.
4.
Toenda kuna Kristu,
Totevera Tenzi wedu;
Saiye, tichamuka;
M’chinjikwa, guva, denga
5.

HWAKE

# A Little Ship

Kangarava kakafamba
Pam'soro pegungwa;
kakaenda zvakanaka,
Zvose zvichapenya.
1.
Asi dutu rakauya,
Rine simba guru;
Makore akavhuvhutwa,
Gungwa rikamutswa.
2.
Kunze kwomumwe, vakatya
Kunyura mugungwa;
Asi iye wakarara
Abatwa nehope.
3.
“Tenzi tofa tiponisei!”
Vose vakachema;
Akamuka worayira
Dutu rinyarare.
4.
Iye kudutu wakati:
Ibva, wanyarara;
Mhepo yakabva yati mwi
Yanzwa izwi rake.
5.
Toziva waive Ishe;
Hama noM'ponisi;
Kune vanovimba naye
Haangavasiye.
6.

## Ndiudze nyaya yaJesu,

Uyinyore mumwoyo;
Ndiudze nyayayo tsvene,
Inofadzisa kunzwa.
Ndiudze nezvengirozi
Dzichiimbira Ishe:
Rumbidza Mwari kudenga,
Norugare panyika.
1.
Ndiudze nyaya yaJesu,
Uyinyore mumwoyo;
Ndiudze nyayayo tsvene,
Inofadzisa kunzwa.
Kutsanya kwake murenje,
Ndiudze misi yake;
Achishushwa nokuyedzwa,
Asi akazokunda.
Ndiudze misi yake;
Nokutambudzwa kwake,
Akashorwa nokurwadzwa,
Akarambwa navose.
2.
Ndiudze zvoMuchinjikwa,
Kusekwa nokurwadzwa;
Ndiudze paakavigwa,
Nezvokumuka kwake.
Nyaya izere norudo,
Ive pachena kwazvo,
Rurumbidzo kuna Jesu,
Wakandidzikinura.
3.

# Tenzi, kuri kuvhuvhuta,

Gungwa rave nehasha,
Nedenga rose ratosviba,
Hatina pokuhwanda;
Motirega here tife?
Mungarare sei?
Nguva yose yototyisidzirwa,
Gungwa ringave guva.
1.
Mhepo negungwa zvonditerera,
Nyarara!Nyarara!
Kana kushatirwa kwegungwa,
Mashave, vanhu , kana chii,
Mvura hainganyudze ngarava,
Murere Tenzi wegungwa, napasi,
Zvose zvichanditevera
Nyarara! Nyarara!
Zvose zvichanditevera
Chinyarara.
Tenzi neshungu mumwoyo,
Nhasi ndozvideredza;
Kusuwa kwemwoyo kwondinetsa,
Mukai mundiponese.
Masaisai ezvivi
Ave kundinyudza;
Ndoparara here,
Tenzi wangu?
Ndibatsirei zvino.
2.

Tenzi, kutya kwakazopera,
Nedutu ranyarara,
Zuva ropenyawo munyanza,
Denga mumwoyo mangu;
Mununuri garai neni,
Musandisiyezve,
Norufaro ndichazosvikako,
Kumusha, ndozorora.
3.
H.R. Palmer

## Ndiudze nyaya yekare,

Yezvisingaonwe,
Zvokubwinya KwaJesu,
Nezvorudo rwake.
Nyatsondidzidzisa,
Semwana muduku,
Sezvandisina simba,
Ndichiri muzvivi.
1.
Ndiudze nyaya yekare
(katatu)
Yorudo rwaJesu.
Nyatsondiudza nyaya,
kuti ndinyatsonzwa,
Yorudzikinuro rwake,
Rwopiwa naMwari.
Garondiudza nyaya,
Zvandine hanganwa;
Dova remangwanani,
Risati raoma.
2.

Ndiudze zvakapfava,
Nezwi rechokwadi;
Yeuka! Ndiri m'tadzi
Wakazonunurwa.
Ramba uchindiudza
Kana uchazove
Panguva yedambudziko
Munyaradzi wangu.
3.
Ndiudze nyaya iyo,
Kana uchizotya
Kuti mbiri yenyika iyi
Inondidzivisa.
Kana ndichazoziva
Zvembiri yenyika,
Ndiudze nyaya yekare:
yaJesu wokurapa.
4.

# Wakambonzwa nyaya here?

Yomwana weBeterehem,
Nengirozi akakudzwa
Pamwe navachenjeri;
Akadzidzisa vakuru
Mutemberi kareko?
Ndinofara kukuudza:
Akadaro nanhasi.
1.
Ndizvozvo, ndizvozvo
Akadaro nanhasi
Ndizvozvo, ndizvozvo.
Akadaro nanhasi

Wakambonzwa nyaya here?
Achifamba pagungwa,
Vadzidzivo vachinyudzwa
Nemvura yeGarari?
Masaisai emvura
Akaterera Tenzi.
Ndinofara kukuudza:
Akadaro nanhasi.
2.
Wakanzwa nyaya here?
Ari muGetsimani;
Nenyaya inofadzisa
Achifira pamuti;
Neminzwa pamhanza yake,
Mweya wake waenda?
Akaitira iwe:
Akadaro nanhasi.
3.
Wakanzwa nyaya yaJesu
Akavigwa muguva!
Navadzidzi, akachemwa,
Nenhamo vakungudzwa?
Asi muri Mwari samasimba,
Akamuka paIsita,
Ndiye ruponeso rwedu:
Akadaro nanhasi.
4.
S.Z Kaufman(verses 1-3)
Gordon Taylor(Verse4)

## Crown Him With Many Crowns

Gadzai Gwayana
Nengundu youshe,
Inzwai nziyo kudenga
Dzinorirumbidza.
Muka, mweya imba
Zvowakakufira;
Umukudze Mambo wako
Nokusingaperi.
1.
NdiShe woupenyu
Wakakunda guva;
Akamuka mudambudzo
Kununura vanhu.
Ngatimurumbidze,
Akakunda kufa;
Wakafa kupa upenyu
Kuti rufu rufe.
2.
Gadza Ishe wedu,
Netsvimbo yoUshe;
Kumisa hondo panyika,
Atonge narinhi.
Napatsoka dzake,
Ashonge maruva
Anonhuhwira chaizvo,
Em'Paradhaisi.
3.

Gadza 'She worudo;
Tarisa muzvanza,
Mavanga anooneka
Norunako rwawo.
Kwaziwa, M'nunuri!
Imi mandifira,
Rurumbidzo rwusoguma
Narinhi, ndorwenyu.
4.

# Jesu achatonga kwese

Kunovhenekera zuva;
Ushe hwake huchagara,
Dakara rinhi narinhi.
1.
Marudzi ose evanhu
Anoimba rudo rwake;
Nawo mazwi avadiki,
Anokudza zita rake.
2.
Anawo makomborero,
Vasungwa vanonunurwa;
Vakaneta vozorodzwa,
Varombo vokomborerwa.
3.
Paanoratidza simba
Kurapa hapana rufu;
Maari vanhu vowana
Makomborero mazhinji.
4.

Zvisikwa zvose zviunze
Rukudzo kuna 'She Mambo,
Ngirozi dziburukire
Dziimbe pamwe nenyika.
5.

## Jesu wouya, ngaakudzwe,

'She wetsitsi norudo,
Gadzirai nzira yake,
Ngairurame kwazvo,
Nomugwenga ivemo,
Itai nzira ya'She.
1.
Jesu wouya nom'bayiro,
Pasave nemipata,
Kubwinya kwaMwari kuve
Kunokunda makomo.
Mazwi akwazise'She,
Ati: hona Jehovha!
2.
Jesu Kristu anouya
Wofamba nomurenje;
Umambo hwake hwokura
Paisave nechinhu;
Gwenga richazofara
Rapfekedzwa runako.
3.
Jesu wauya paive
Minzwa miti yokura,
Yakasimwapo naIshe,
Ine michero kwazvo,
Yokura nhivi dzose
Kwese kwese.
4.

Jesu wouya! nehova
Dzichabva kumakomo;
'She, wozarura matsime
Kudiridza mapani
Wopfu'ra nyika dzose
Dzoziva simba rake.
5.

# O Disclosem Thy Lovely Face

Onesai uso hwenyu,
Vandudzai simba rangu,
Zvino ndafa, nenyota,
Senyika yakaoma;
Uyai zvino, kwandiri,
Uyai M’ponisi, uyai.
1.
kana imi musipo,
Zuva rova nerima;
Haufadze musi ‘wo,
Kunze kwewenyu mutsa;
Ndipei chiedza chenyu,
Dziisai mwoyo wangu.
2.
Ndishanyirei mumweya,
Mubise zvakaipa;
Vhenekerai panzira,
Paradzai kusatenda,
Rambai muchioneka,
Nokusingazopera.
3.

Kristu Ishe wedenga,
Kristu idi, chiedza,
Zuva dzvene robuda,
Rinorikunda rima,
Richabva nokum’soro,
Senyenyedzi rosvika.
4.

## Riripo gomo raMwari,

Mweya woriona;
Ndinoda kurisvikira,
Ndisiye zvenyika.
1.
Zvanza mwoyo ngazvichene,
Kuzvida ndirege,
Ndinzwe ndipei rudo Ishe,
Ngandigare nemi.
Handizvide zviyevedzo
Zvikuru zvenyika;
Ndinozviregera zvose,
Ndiwane zvedenga.
2.
Ndoda ropafadzo raShe,
Vake vanopiwa;
Ndinodawo ururami
Hwavanogamchira.
3.
Ngandikwire gomo dzvene,
Mandikodzeresa;
Ndimire munzvimbo tsvene
Umo ndigoshanda.
4.

# I Will Sing The Wondrous Story

Ndichaimba nyaya tsvene
YaKristu wakandifira;
Wakasiya denga dzvene,
Kuzofa paKarivhari.
1.
Hungu, ndichaimba shoko
RaKristu wakandifira;
Navatsvene vokudenga
Vachaungana naye.
Jesu wandiwana ini
Hwai yakarasika;
Norudo wandifungata,
Kundidzora munzira.
2.
Ndakarapiwa naJesu
Ndisina nesimba;
Ndiri bofu, ndinokutya
Wakandisunungura.
3.
Nguva dzerima dzineni;
Nokusuwa munzira;
Asi Ishe achineni
Ndotungamirwa naye.
4.
Achave neni, dakara
Rukova rwayerera;
Ipapo wondiyambutsa,
Kune vadiwa vake.
5.

# Let Me Love Thee

Ngandikude, unoziva
Zviri mumwoyo wangu;
Rudo urwo rwune simba,
Rukupe zvose zvangu,
Mitoro yoreruka,
Kusuwa kunopera,
Kana zvoitirwa Ishe,
Nokufarira iwe.
1.
Ngandikude Ishe,
Utore mwoyo wangu,
Nyasha dzako chete,
Dzougutsa mweya.
Ngandikude zvionekwe,
Zvawakandiitira;
Ndiyamure ndigotenda,
Ndichiona Karivhari,
Ngandione rudo rwenyu,
Runyadze zvivi zvangu,
Nokutambudzika kwenyu;
Rudzikinuro rwangu.
2.
Ngandikude, Ndigofara,
Kana ndichikudisisa;
Mukufara, mukusuwa,
Ndingawane zororo.
Rudo runorerukisa
Kusuwa nokurwadzwa;
Rudo haruchazobvunza,
Ruchakunda mukurwa.
3.

# Love Divine, All Loves Excelling

Rudo runokunda rwose,
Norufaro rwedenga,
Mukati medu mugare
Sezva makavimbisa,
Jesu, mune tsitsi dzose,
Muri rudo rutsvene
Tishanyirei, tiponesei
Garai mumwoyo yose.
1.
Uyai, Mununuri wedu,
Ngatinzwe ngoni dzenyu;
Musambotisiya isu,
Temberi tsvene dzenyu.
Tinozokurumbidzai,
Nokukushandirai,
Tichazokutunhidzai,
Rudo rwenyu rukudzwe.
2.
Pedzisa basa renyu,
Tive tisina zvivi;
Tione ruponiso
Rwadzoserwa mamuri.
Tosandurwa mukubwinya,
Tosvika'ko kudenga,
Toisa korona pasi,
Murudo, tokukudzai.
3.

# O Master, Let Me Walk With Thee

Tenzi, ngandifambe nemi,
Mubasa ndizvideredze,
Ndibatsirei kutakura
Mitoro nezvinonetsa.
1.
Ngandisimbaradze vamwe,
Nezwi rerudo rutsvene;
Ngandidzore varasiki,
Vatungamirwe kudenga.
2.
Ndipeiwo mwoyo murefu,
Ndiwadzane nemi, Ishe;
Ndikushandirei nesimba
Rinokunda zvakaipa.
3.
Netariro ivheneke
Nzira'yo yezviri mberi;
Murugare rwenyu chete.
Ngandipe upenyu hwangu.
4.

III

## Kristu, moto woutsvene,

Mutume moto’yo worudo.
Toda chipo chamatenga,
Mutume moto’yo worudo.
Hondo iyi mutarise,
Mweya wenyu ngauuye,
Toda kuti titsveniswe,
Nomoto, nomoto worudo.
1.
Mwari waErija, tinzwei,
Mutume moto’yo worudo,
Mutiite tirurame,
Mutume moto’yoworudo
Kuipa kwedu kupiswe,
Ruvhenekero rupinde,
Izvi zvose ngazviitwe,
Nomoto, nomoto worudo.
2.
Toda moto, tokumbira
Mutume moto’yo worudo.
Muchatipa zvatinoshaya,
Mutume moto’yo worudo
Tipei simba tirurame,
Tipeiwo ngoni tikunde,
Tepeiwo kuti ticheniswe,
Nomoto, nomoto worudo.
3.

Tisimbisei, tiyamure,
Mutume moto’yo worudo
Vatadzi ngavaponiswe,
Mutume moto’yoworudo.
Tozvipira mberi kwenyu,
Nezvinhu zvosewo zvedu,
Zvitsveniswe nomweya wenyu,
Nomoto, nomoto worudo.
4.

# Holy Spirit, Truth Divine

Mweya Mutsvene, idi,
Penya mumwoyo mangu,
Izwi raShe nomwenje
Rindimutse ndione.
1.
Mweya Mutsvene, rudo.
Penya mumwoyo mangu;
Mutsa chido chikuru,
Bisa kuzvida kwangu.
2.
Mweya M’tsvene, chokadi
Tonga mukati mangu;
Iva Ishe, undipe
Simba ndisununguke.
3.
Mweya M’tsvene, rugare
Nyaradza mwoyo wangu;
Taura upfavise,
Murudzikamo rwako
4.

Mweya M’tsvene, rufaro,
Fadziso mwoyo wangu;
Mugwenga ndinoimba,
Uve tsime narinhi
5.

# Come , Holy Spirit

Mweya Mutsvene, uya
Senjiva, kuna Kristu;
Burukira pandiri,
Sendimi, paPendekositi.
1.
Mweya waMwari zadza
Pfungwa, muviri wangu,
Nomoto worutendo,
Wevapostori vako.
2.
Mweya weidi, svika;
Tisaudzime, kwete:
Tiparidze nesimba,
Tirape vanorwara
3.
Mweya waMwari M’penyu
Senjiva, uya zvino;
Takapfugama, tipe:
Pendekositi itsva.
4.

## Mweya worutendo,

Chitiburukira
Tiratidze Mwari, Mambo,
Pupura neropa
1.
Anotiponisa,
Meso aonese;
Wakafira vakaipa,
Wakandifirazve.
2.
Naizvozvo tonzwa
Kununurwa kwedu,
Tino imba nokufara:
Muri mwari wedu.
3.
Femera rutendo,
Rugogamuchirwa,
Rugopa mukati medu,
Kwedu kupupura.
4.
Rutendo rwokunda
Rwobisa makomo;
Runovaponisa vanhu,
Runovapa rudo.
5.

# Ndifemerei, Mwari

Noupenyu hutsva
Kuti ndiite zvamunoda,
Ndigoitawo semi.
1.
Ndifemerei Mwari
Dakara ndachena,
Ndide chinhu pamwe nemi,
Ndizoshingirira.
2.
Ndifemerei Mwari
Ndive wenyu chose,
Hupenyu hwangu hwepasi,
Hupenyeswe nemi.
3.
Ndifemerei, Mwari,
Kugoti ndisafe,
Asi ndigogara nemi,
Narinhi narinhi.
4.
WENYU

# Nokufambawo kwoMweya wenyu

Mumwoyo yedu nguva dzose;
Nokunyaradza kwoMweya wenyu,
Zvatangatotya nokusuwa:
1.

Tokukudzai, Baba wedu
Tokutendai, Baba wedu
Tokurumbidzai, Baba wedu,
Nomuteuro
Nokuraya kwoMweya wenyu
Totsvaka nzira yakareruka;
Totungamirwa noMweya wengu,
Nero samba rokuteerera.
2.
Nokupfavisa kwoMweya wenyu
Wakatidzora tarasika.
Kukurudzira kwoMweya wenyu
Hatikahadziki munzira.
3.
John Gowans
PAKUENDA KWOM’PONISI

## Pakuenda kwoM’ponisi

Achiwonekedza,
akativimbisa isu
Mutungamiri.
1.
Wakauyawo senjiva,
Achibhururuka;
Kupa utsvene norudo
Nokwatiri.
2.
Wakauyazve , semoto
Kuzotidzidzisa;
Wakauyawo semhepo,
Isoonekwa
3.

Wakauya nerunako,
Mushanyi womutsa;
Kuzozorora mumwoyo
Wakapfava.
4.
Izwi rake tinorinzwa
Rakapfava chose;
Rotanda kutya, roreva
Zvokudenga.
5.
Kururama kwatinako,
Nokukunda kwose,
Nepfungwawo dzoutsvene,
Ndezvake ‘She.
6.
Mweya Mustvene, womutsa,
Takarukutika,
Garawo mumwoyo yedu,
Tikodzere.
7.

# Gwayana reKarivheri

Tumai mweya kwandiri
Zvino undishambidze
Ndicheneswe sechando,
Kuti upenyu hwangu
Hakufadzisei, Ishe
1.

Bisai kuzvida kwose,
Kuda kwenyu kuitwe;
Rudo rwangu rubvire
Nomweya, rutsveniswe;
Kuti upenyu hwangu
Hukuwanire vanhu.
2.
Ndidzidzisei kurwisa,
Nokukunda zvitema;
Ndipeiwo mutsa kuti
Ndinzwire vamwe tsitsi;
Ngandizadzwe norudo
Ndikushandirei, Ishe.
3.

# Blessed Saviour, Now Behold Me

Muponisi, nditarisei
Pasi petsoka dzenyu;
Ndedzenyu tsitsi femerai,
Ndiitei ndizadziswe.
1.
Ndifemerei neniwo,
Ndiitei ndikodzere,
Femerai netsitsi dzenyu,
Ndiitei ndizadziswe.
Torai unhu hwangu hwose,
Neropa hwakatengwa,
Mandiregerera zvivi,
Ngandikushandirei, ‘She.
2.

Mumazuva angu ose
Musimba, m’kusasimba;
Zvipo zvishoma zvizhinji,
Jesu, ndokupai zvose.
3.
Muupenyu tungamira,
Mukufa muve neni;
Nesimba renyu ndokunda,
Ndotakura M’chinjikwa.
4.

## Mweya Mutsvene, tinzweiwo,

Gara muno mumba;
Burukai zvino nesimba,
Uya Mweya, uya.
1.
Ratidzawo sechiedza,
Zvourombe hwedu;
Tungamirai nzira dzose,
Koenda vatsvene.
2.
Uyai, serimi remoto,
Muchenese mwoyo;
Mweya yedu ngaipirwe
KuM’ponisi wedu.
3.
Uyai, sedova munatse
Uku kuzvipira;
Kushaya kwedu kugutswe
Namasimba enyu.
4.

Uyai senjiva, zarura
Mapapiro orudo;
Vanhu pasi pano vave,
Sevari kudenga.
5.

# Gracious Spirit, Dwell With Me

Mweya wengoni, garai
Neni ndive netsitsi,
Namazwi anorapa,
Muonekwe mandiri;
Nezviito zvakapfava
Zvipupurire Kristu.
1.
Weidi, garai neni.
Kuti ndive neidi,
Nouchenjeri hwenyu,
Huonekwe mandiri;
Zviito noushamwari,
Zvireve zva'She wangu,
2.
Womutsa, garai neni,
Mutsa uve mandiri;
Ndinzwire vanhu tsitsi;
Ndivakwezve kuna'She,
Nomutsa vauyiswe
Kutsoka dzaJesu, 'She.
3.
Wesimba, garai neni,
Kuti ndisimbiswewo;
Pandakundika ndoga,
Ngandipiwe kukunda;
Tariro yakasimba
Ngainditsungisewo.
4.

Mutsvene, Garai neni,
Kuti nditsveniswewo;
Kutsauka muzvivi,
Nokuda zvakanaka;
Nazvose zvandingave
Ndipe wakandipawo.
5.

# Come, Holy Ghost, All Sacred Fire

Beethoven 9, Arizon 7
Uyai, Mweya woutsvene,
Ndizadzisei mweya wangu,
Bisai zvakaipa zvose,
Mugare mukati mangu.
1.
Ndizadzisei mweya wangu,
Zve nendangariro dzangu,
Kuti ndiwanikwe zvangu,
Ndichiita kuda kwenyu.
2.
Zvaitwa! Mauya zvenyu;
Kwamuri ndinopa mweya,
Mwoyo wangu imba yenyu,
Ndogarira ini moga.
3.
Chipo change chagam'chirwa,
Nom'towo weropa rake;
Maoko ndatambanudza,
Kugoti ndiropafadzwe.
4.

IV
M'TSVENE, M'TSVENE,M'TSVENE

# Holy, Holy, Holy

M’tsvene,
‘She Samasimba!
Pamangwanangwana toimba kwamuri;
M’tsvene,M’tsvene,M’tsvene
Wetsitsi nesimba,
Mwari, utatumumwe utsvene.
M’tsvene, M’tsvene,
1.
M’tsvene,
Vatsvene vokudza;
Voisa ngundu dzavo pasi dzinobwinya;
Pagungwa rinopenya,
Ngirozi navatsvene vokunamatai,
Ndimi maive, muri narinhi.
M’tsvene, M’tsvene,
2.
M’tsvene,
Movanzwa merima;
Vatadzi havangaoni kubwinya
Ndimi M’tsvene moga;
Hapanazve mumwe,
Ane simba, rudo no’utsvene,
M’tsvene, M’tsvene,
3.
M’tsvene,
‘She Samasimba!
Mabasa enyu otunhidza zita renyu;
M’tsvene, M’tsvene, M’tsvene,
Wetsitsi nesimba,
Mwari, Utatumumwe hutsvene.
M’tsvene, M’tsvene,
4.

## O Father And Creator

O Baba, noMusiki
Worudo rutsvene,
Uyai makazara
Burukai kudenga
Makapa mwana wenyu
Kuti andifire.
Ndinokupfugamirai,
Zvose ndokupirai.
1.
O Kristu, Mununuri,
Zvose makandipa,
Neropa renyu, Ishe,
Kundisunungura.
Ndidzidzisei kukupai
Muviri nepfungwa;
Muuye norunako
Kuzadzisa mwoyo wangu.
2.
Naye Mweya M’tsvene,
Murovese hana!
Mandiri uyai mugare
Mundisimbaradze.
Mwenje uchivheneka,
Nzira yooneswa;
Garai, O Mweya M’nyoro,
Ndive nechokwadi.
3.

## Come, Thou Almighty King

Uyai, 'Samasimba',
Ti'mbe zita renyu,
Tikukudzei;
Baba worubwinyo,
Mukundi wazvose,
Uyai mutonge,
'She wekare.
1.
Uyai, 'Shoko benyu',
Mushonga munondo,
Tinamate;
Natsai vanhu venyu,
'Zwi renyu rikunde,
Mweya woutsvene,
Uyai zvino.
2.
Uyai, 'Munyaradzi,
Pupurai utsvene
Nguva ino;
Wamasimba ose
Tongai mwoyo yose,
Musazotisiya
Mweya Mutsvene.
3.
KuVatatumumwe,
Kudzwai narinhi,
Misi ose,
Noumambo hwenyu,
Tione murubwinyo;
Tikudze norudo,
Narinhiwo.
4.

V

# Inzwa dama revhangeri

Kristu wafa pamuti;
Hova dzetsitsi izhinji,
Ngoni zve dzepachena;
Zvino m’tadzi, zvino m’tadzi,
Ona wakakufira.
1.
Kunero gomo, mhanyira,
Wana bako maari;
‘She wokukoka kutsime,
Uyawo ushambidzwe;
Kurumidza, kurumidza,
Uya kwaari zvino.

2.
Ngoni dziri kuyerera,
Zviuru zvakapiwa;
Dzichayerera narinhi,
Kubva padivi raShe;
Hapana kufa, Hapana!
Kristu wakatifira.
3.
Kristu, ‘She, mugove wedu,
Tosangana kudenga;
Tichashamba mugungwaro
Rudo rwoMuponisi;
Utsvene hwake, Utsvene hwake,
Tichagarohuziva.
4.
Henry Frances

# Ishe, Mambo,simba rangu

Otanga zvemisi yose;
Mwoyo nechido ndezvangu;
Zvaanoda, ndazadzisa.
1.
Anoda kutsvenisa
Mwoyo wangu mukuipa;
Anotora changu chido,
Ndimuterere norudo.
2.
Anoda maoko angu
Aite zvine chimiro,
Anodazve tsoka dzangu
Dzifambe naye munzira.
3.
Miromo anoidazve,
Kuve namazwi matsvene;
Zvose zvomupfungwa dzangu,
Zvifadzise Mambo wangu.
4.
Anoda uduku hwangu,
Nokuvavarira idi;
Zvandinogona kuita;
Izvi zvigomushandira.
5.
Ishe, kwamuri ndouya,
Ndosunungurwa mubasa;
Muchandipa basa rangu,
Mwoyo, upenyu, ndezvenyu.
6.

# Ishe, ndinozvipira

Pachangu kwamuri;
Nguva nendangariro
Dzaibatwa neni.
Ndanzwa kudaidzira
Kwenyika, nokwenyu,
Nditumei kuyamura,
Ndiripo ‘She wangu.
1.
Ndiripo ‘She, nditumei,
Ndiripo ‘She, nditumei,
Ndinozvipira ndichiterera,
Ndiripo ‘She, nditumei,
Kare handakakudai,
Ndakazvida bedzi,
Asi, ndakatarisa
Vanhu varasiki.
Zvino handingasiye
Mweya yavatadzi,
Vashandiri vashoma,
Mabasa mazhinji.
2.
Inzwai, Mwari weDenga
Zvivimbiso zvangu;
Kwamuri ndozvipira
Noupenyu hwangu.
Kunyange ndichizvidzwa
Neshamwari dzangu,
Ndinokupai muviri,
Diramhamba rangu.
3.

# Jesu anotidaidza

Mudutu roupenyu,
Misi yose tonzwa izwi
Richiti: nditevere.
1.
Vapostori vakarinzwa
Pagungwa reGarariya,
Vosiya misha nehama;
Nokuda kwake iye.
2.
Jesu anotidaidza
Kubva mune zvenyika,
Kubva kuzvifananidzo
Achiti : ungandide.
3.
Murufaro, mukusuwa,
Mubasa, muzororo;
Nomunhamo, anodana
Timude pane zvose.
4.
Netsitsi anotidana,
M’posisi ngatikunzwe,
Tipe mwoyo titevere,
Tikude pane zvose.
5.

JESU, NDATORA M’CHINJIKWA

## Jesu, ndatora M'chinjikwa

Kuti ndikuteverei;
Kunyange ndiri kuzvidzwa,
Muchave zvangu zvose.
1.
Ndichakutevera Jesu
Makafira mhosva yangu,
Kana vamwevokuzvidzai,
Ndichakutevera bedzi.
Zvandaida ngazvipfuure
Zvandaitsvaka zvose;
Ndine pfuma isingafe,
Ndina Mwari nedenga.
2.
Venyika vangandizvidze,
Vakatosiya Mwari;
Vanhu vangandinyengedze,
Imi, muri weidi.
3.
Kana muchindifarira,
'She werudo nesimba,
Vangandiseme vavengi,
Muri chiedza change
4.
Nhamo haindikuvadze,
Ndichine rudo rwenyu;
Rufaro rune rugare,
Ndirwo runobva kwenyu.
5.
Henry Frances
Jas L. Elginburg

# Mwari, tumirai vanhu

Vasingatende zvenhema;
Vane mirau yaKristu,
Mupfungwa nomumabasa.
1.
Mwari, tumirai vachenjeri,
Vadudzire shoko renyu;
Dakara kuda kwaKristu
Kuve mirau yenyika.
2.
Mwari, tumai vashingi,
Vakagwinya, vasingatye,
Zviri mberi, vanoona,
Vanoda kukushandirai.
3.
Mwari, tumai vane mwoyo
Inovenga zvakaipa;
Ndiwo magamba enyika;
Ndivo musimboti wayo.
4.

# I have Been Called By Jesus

Ndakadanwa naJesu
Kuva muparidzi;
Nomuutsvene hake
Kuva mupostori;
Ndotora Muchinjikwa,
Handinyadzwe nawo;
Handisisina musha,
Wokurinza musoro.
1.
Sokudana kwaJesu,
Vadzidzi vekare;
Pagungwa reGarari,
Vakasiya zvose;
Wakavaita, ivo,
Vabvuvi vavanhu;
Neni, tenzi, ndiite,
Mubvuvi wavanhu.
2.
Ndichipingudzwa pano,
Nditsvake ruzivo;
Ndidzidziswe udzamo
Hwedama renyu, ‘She.
Ndisave anoshorwa
Pamberi pavanhu,
Ndiite ndikodzere
Muruzivo rwedi.
3.

Vazhinji vakauya
Vakamboshevedzwa;
Asi vashoma voga
Vamakasarudza.
Ishe, neni ngandive
Musarudzwa wenyu;
Ndisave mudududzi,
Wevhangeri renyu.
4.

# I’m Set Apart For Jesus

Ndakasarudzwa naJesu,
Kuti ndive wake;
Iye upenyu hwangu,
Ndanzwa rudo rwake,
Ndakatsaukaniswa,
Mukuipa kwose,
Zvose ndinozvipira
Kuna Mwari, Ishe.
1.
Ndasarudzwa naJesu,
Anondichengeta;
Ndomupa mwoyo wangu
Anoushambidza.
Hatitsaukaniswe,
Tiri mumwechete,
Nokuti ndiri wake,
Ari wangu, Iye.
2.

Ndasarudzwa naJesu,
Naye ndigogara;
Anondisunungura,
Mhandu anotanda;
Anondipa masimba,
Mukuedzwa kwose;
Naye nokuzvipira,
Ndingakunde nyika.
3.

## Ndiani muKristu?

Abatire Ishe?
Ndiani anoda
Kuwana vamwe?
Ndiani wosiya
Zvinhu zvenyika?
Ndiani muKritsu,
Anomurwira?
1.
Nom’towo waIshe,
Nomutsa wake,
Tiri vashandiri
VaKristu Ishe.
Hatide kukudzwa,
Kana nokugadzwa;
Asi, tasarudza
Nzira yokurwa,
Nom’towo wokuda,
Vaakafira,
Waanodaidza,
Anomurwira.
2.

Jesu matitenga
Pasina ndarama;
Asi ropa renyu
Ratinunura.
Gomborero renyu
Rotizadzisa,
Nemi tinobvuma
Tasunungurwa.
3.
Kurwa naSatani
Ndiko kukukutu;
Asi ichakunda
Hondo yaKristu.
Pasi pomureza
Tiri kurwira,
Neizwi raJesu
Tinozokunda.
4.
Tenzi, tichengetei
Nendoni dzenyu,
Kuti tigorwira
‘She, tiri venyu.

# I'll Go In The Strength Of The Lord

Ndoenda nesimba raShe,
Munzira dzaagadzira;
Ndotevera shoko rake,
Handitye kunyange njodzi,
Kwari ini ndoenda,
Iye achapa zvose,
Kusvika rwendo rwapera
Ndichagarovimba naye.
1.

Ndoenda, ndoenda, ndoenda nesimba
Ndoenda nesimba raShe,
Ndoenda, ndoenda, ndoenda nesimba
Ndoenda nesimba raShe.
Ndoenda nesimba raShe,
Kubasa raanondipa;
Rufaro rwaanondipa
Rwondimutsurura mweya;
Iye wondidzivirira,
Nesimba wondichengeta,
Ndovimba nesimba rake,
Ndogara murudo rwake.
2.
Ndoenda nesimba raShe,
Norutendo muzviedzo,
Ngoni dzake dzova nhowo.
Kutsunga kwokurudzira,
Sezvo achitungamira,
Mukusangana nemhandu,
Nebakatwa rechokwadi,
Mukutambura ndokunda.
3.

## Ndosimuka, mandidana

Munzira youpenyu;
Ndichipota kwese kwese,
Ndichiuya kwamuri.
1.

Ndiri wenyika Ishe Tenzi.
Ndokuteverai kwese.
Muri wangu, Kristu Ishe,
Muyamuri nehama!
Ndokuteverai murima,
Kristu motungamira;
Ndoedza kukunda nhamo,
Mozarura musuwo.
2.
Munhamo, ndonyemwerera,
Mondifadza ndakundwa;
Ndonwa mvura yepaMara
Imi moinakisa.
3.
Moratidza zvemagumo
Emhiko dzangu dzose;
Ndopa mweya nomuviri
Zvive zvenyu narinhi.
4.
Susie Swift
PAGUNGWA’RO REGARARIYA

## Pagungwa’ro reGarariya,

Vachisona usvasvi pagungwa,
Vabvuvi voshanda misi yose,
Dzamara Tenzi asvika nepo.
1.
Nditevere anoshe’dza,
Ndinokuitai vabvuvi;
Semazuva apaGarariya,
Jesu anotishevedza.

Vakasiya zvose vanzwa izwi,
Ndokumutevera Tenzi;
Vakashanda naye pamwechete
Kudzora vanhu kuna Baba.
2.
Izwi rake torinzwa nhasi,
Richadana vanhu sekare;
Kunge vabvuvi paGarariya,
Siya zvose! Nditevere.
3.
NOM’PONISI

## Pasi, munhika ndofamba noM’ponisi,

Maruva opfumvudza, mvura yoyerera,
Kwose kwose ini ndichazomutevera
Mutsoka dzake ndichawana ngundu.
1.
Ndom’tevera, ndom’tevera Jesu,
Kupiko, kweseko, ndomutevera ;
Ndom’tevera, ndom’tevera Jesu,
Kwese kwese ini ndomutevera.
Pasi, munhika ndofamba noM’ponisi,
Mune madutu anobvundura mvura,
Noruoko rwake handina chandingatye,
Njodzi hadzityise ‘She ari pedyo.
2.
Pasi, munhika nepm’soro pegomo,
Pedyo noM’ponisi mweya wochengetwa;
Wotungamira munzira dzaakafamba,
Pavakaungana pagomo ra’She.
3.

Invitation

# Return, O Wanderer

Chidzoka, iwe mufambi,
Tsvaka Baba wako;
Zvido zvitsvawo mauri
Naye zvaiswamo.
1.
Wakafanira kumuda, Ishe
(katatu)
Zvimwe haungaende kudenga.
Anonzwa kuchema kwako,
Mufambi chidzoka;
Woona misodzi yako,
Kana uri woga.
2.
Chodzoka iwe mufambi,
Ishe wodaidza;
Uya kuM’chinjikwa wake,
Wokuregerera.
3.
William Bengo Collyer

## Ye Ransomed Souls

Imi vanunurwi,
Uyai kunaShe,
Wouya kwatiri,
Sokureva kwake;
Farai netariro, farai,
Tichanunurwa kuzvivi.
1.
Tinovimba naShe;
Tikareurura,
Wovimbisa iye
Kutiregerera
Nokutishambidza kuti
Kuzvivi tigonunurwa.
2.
Dama raShe idi,
Haringapinduke;
Norudowo rwedi;
Totsveniswa naye.
Farai, muzivewo nemiwo,
Kuti Kristu mununuri.
3.
Ngatiuya narwo
Rurumbidzo rwedu,
Titende nenziyo
Nomutsa kunesu;
Farai netariro, farai,
Takanunurwa kuzvivi.
4.

# Inhanho kuna Jesu!

Chiita zvino;
Uya kuMponisi
Nezvitadzo zvako.
1.
Nhanho chete, nhanho chete,
Wokumirira;
Chiuya uchibvuma
Unozokomborerwa,
Rega kuramba tsitsi,
Iye wotambidza
Inhanho kuna Jesu!
Tenda, uchapona;
Anomira norudo
Kukuregerera.
2.
Inhanho kuna Jesu!
Kuti uponiswe;
Nguva yavakupera
Wasarudza here?
3.
Inhanho kuna Jesu!
Huya, uchidaro:
Kwamuri Muponisi,
Ndozvipira zvino.
4.

JESU ANOGAM'CHIRA

# Jesu anogam'chira

Paridzai matama.
Kunavo vanosiya
Nzira yokuruma.
1.
Imbai zvakarezve,
Vatadzi vogam'chirwa
Rondedzera nemazvo,
Vatadzi vogam'chirwa.
Uyai muzorore,
Vimbai neizwi rake;
Anotora vatadzi,
Vatadzi vogam'chirwa.
2.
Vatadzi vogam'chirwa,
Kana zvitadzo zvangu
Zvandashambidzwa mavara,
Denga ndopinda naye.
3.
trs. Emma Frances Bevan

# Jesu anokudana kumusha,

Woshevedza, woshevedza!
Wosiyirei zuva rorudo,
Womira kure kure?
1.

Woshevedza, woshevedza!
Jesu wodana, zvunyoro nhasi!
Jesu wodana kuvakaneta,
Woshevedza, woshevedza!
Uya nom'toro ukomborerwe;
Haangakudzore,sva.
2.
Jesu womirira, uya zvino,
Womirira, womirira!
Uya nezvivi upfugamire;
Uya, usanonoke!
3.
Jesu wonyengetedza, terera!
Mumwe nhasi, munzwe nhasi!
Vanotenda vachafara kwazvo;
Simuka, uya zvino!
4.

# O Wonderer, Knowing Not

Mufambi usingazive
Tsitsi dzoM'ponisi,
Zvino murima ugere,
Nokuramba ngoni;
Asi, iwe wodaidzwa
NaShe, Mununuri,
Anozokudzikinura,
Ungawane tsitsi.
1.
Ungawane tsitsi,
Ungawane tsitsi,
Mutadzi, wokutambura,
Ungawane tsitsi.

Iwe, usina tariro,
Wakafirwa naShe;
Iye wafa segwayana
Kuti uponiswe
Udzikinurwe naIshe
Pachena, mutadzi;
Rudo rwake chishamiso,
Ungawane tsitsi.
2.
Kunyange zvitadzo zvako
Zvokura segomo,
Neropa ungashambidzwe,
Upiwe kufara
Simutsira mwoyo wako,
Teura kwaari;
Ngirozi dzoimba rwiyo:
Ungawane tsitsi.
3.

# Sinner, See Yon Light,

Mutadzi, ona kuvhenekerwa
Kunobva paKarivhari,
Ropa rake rakayerera;
Paakafa M'ponisi.
1.
Chiuya , Chiuya
KuM'chinjikwa wake;
Maoko ake anotambidza,
Ruregerero rwake.
Ndiye M'ponisi pasi pomuti,
Wakatiteurira,
Pamhanza ropa rakabuda
MuGestimani, rima.
2.

Tarisa maoko oM'ponisi
Anodaidza zvino;
Ndakazvipira kukuponisa,
Ndipewo mwoyo wako.
3.
Uya kwaari, ubvume zvivi,
Kune wakakufira;
Uya kwaari nomwoyo wedi
Anokusunungura.
4.

# Sinner, We Are Sent

Mutadzi, tokushevedza
Nhasi kuchidyo chaShe;
Woramba here kuuya,
Uchanonokerei?
1.
Siya zvose zvakaipa
Rega kumirira hwedza;
M’ponisi anoshevedza,
Uya, zvino kwaari.
Uya, zvose zvagadzirwa;
KuM;ponisi tizira;
Siya zvenyika mushure,
Tsvaka kuregererwa.
2.
Zviyevedzo zvepanyika,
Zvingatitirei?
Zvingave nebasa rei
Kunaye murasiki?
3.

## Nditarise, ndamira

Ndinzwe ndichiteterera;
Mumwoyo mako, mutadzi,
Ngandipinde, ngandipinde.
1.
Pamusuwo ndinomira
Ndinzwe ndichiterera;
Mumwoyo mako, mutadzi,
Ngandipinde, ngandipinde.
Ndakakupfekera minzwa,
Ndakatira ndichimira:
Mumwoyo mako, mutadzi;
Ngandipinde, ngandipinde.
2.
Handikukumbire nhando;
Yeuka zvangu zvirwadzo;
Ndafa kuti ununurwe:
Ngandipinde, ngandipinde.
3.
Ndinouya norufaro,
Norunyararo, norudo;
Mumwoyo mako, mutadzi:
Ngandipinde, ngandipinde.
4.

NDIANI ACHATEVERA JESU?

# Ndiani achatevera Jesu?

Atakura M’chinjikwa wake?
Mumwe anoda, mumwe woenda,
Ndiani wopfeka ngundu?
1.
Ndianiko, ndianiko,
Achatevera Muponisi?
Ndiani womutevera zvino,
Jesu M’ponisi?
Ndiani achatevera Jesu?
Chiuya umupfugamire,
Ndiani achatura mitoro
Pachipfugamo chengoni?
2.
Ndiani achatevera Jesu?
Achirumbidza zita rake?
Ndiani woimba ruponiso,
Achirumbidza Gwayana?
3.
Ndiani achatevera jesu,
Kunyange munzira yokufa?
Asangane navadzikinurwi,
Voimba vari mhiri’yo?
4.

## Sing Them Over Again

Ndiimbirezve, mashoko,
Mazwi oupenyu;
Ndione kunaka kwawo,
Mazwi akanaka;
Adzidzise basa.
1.
Akanaka, akanaka,
Mazwi oupenyu
(pamhidza)
Kristu wopa kuna vose,
Mazwi oupenyu;
Mutadzi unganzwe Ishe,
Pachena, wopiwa,
Anotidaidza.
2.
M'ponisi anodaidza,
Mazwi oupenyu;
Anopa kuregerera,
Mazwi oupenyu.
Jesu muponisi,
Ndiye Muchengeti.
3.

## Norupfavo, Jesu anoshevedza,

Kwauri iwe neni!
Jesu womirira achitarisa,
Tarisa iwe neni!
1.
Uyai kumusha!
Imi mose makaneta!
Nokutsenererera Jesu woshevedza,
Woti: Mutadzi, uya!
Tomirirei Jesu achitidana,
Kudana iwe neni?
Tononokerei kutsitsi dzake,
Tsitsi kwauri neni?
2.
Rwoshamisa rudo rwakavimbiswa,
Vimbiswa iwe neni!
Nyange takatadza toregererwa,
Kwauri iwe neni?
3.

# Though Your Sins Be As Scarlet

Nyangwe zvivi zvotsvuka,
Zvichachena sechando
Nyangwe zvove seropa,
Zvichave semakushe.
1.

Inzwa izwi rodana,
Dzoka kuna Mwari;
Ane nyasha zvikuru,
Norudo runokosha.
2.
Woregerera Zvivi,
Nokusazviyeuka;
Tarisai kwandiri,
Wodaro Mwari wenyu.
3.

# Weary Wanderer, Wilt Thou Listen

Terera, iwe mufambi,
Norudo ndinoimba,
Rwakaita Muponisi
Kuti abve kudenga;
Muchidyiro chezvipfuwo
‘She wedu wakarinda;
Panyika waive mweni,
Kutsvaka vanotadza.
1.
Pachikomo cheKarivhari,
Vakamuroverera;
Parutivi rwake ropa
Rakazotishambidza;
Kunyange akarambidza;
Mambo kuti apinde,
Nechokwadi ukapfidza
Uchamuwana, Ishe.
2.

Mudududzi wakatanda
Jesu mumwoyo wako;
Waifunga zvokudenga,
Asi zvapera zvino.
Nazvino achine tsitsi,
Nhasi anogogodza;
Ukaramba Muponisi,
Iye achakusiya.
3.
UNE CHITSIGIRO MUMADUTU?

# Will Your Achor Hold?

Une chitsigiro mumadutu here?
Kana makore ova nehasha
Masaisai okuzunguza
Wosimba here nechitsigiro?
1.
Tine chitsigiro choMweya,
Chinotisimbisa mudutu ,
Padombo risotsukunyudzwa
Rakadzikwa murudo rwaIshe.
Chitsigiro chomira mukutya, here?
Kana masaisai osundaidzwa,
Kunyange dutu richivhuvhuta
Hakuna chinganyudze ngarava.
2.
Chichamira mudutu rorufu, here?
Apo mweya wako wotonhodzwa
Haungakundwe nyangwe mudutu,
Kana une rutendo rune tariro.
3.

UNE NHAMO, NOKUNETA?

## Art Thou Weary?

Meso achaona mangwanani here?
Guta regoridhe richipenya,
Uchazorora here wave kudenga,
Namadutu ose apera.
4.
Une nhamo, nokuneta
Unotambudzwa?
Uya kwandiri, anoti,
Zorora.
1.
Ane mavangawo here?
Kuti ndim'zive?
Tsoka, zvanza, divi, zvine
Mavanga.
2.
Ane ngundu youMambo
Iri pamhanza here?
Hungu, ingundu asiwo,
Yeminzwa.
3.
Kana ndikamutevera
Ndowaneiko?
Kusuwa, nebasa nayo
Misodzi.
4.
Ndikatsamira kwaari
Ndichawanei?
Kusuwa kwose, nebasa
Zvobiswa.
5.

Ndikati, Ishe nditore,
Woramba here?
Nyangwe zvose zvopfurura,
Haarambe.
6.
UNGASUNUNGUKE PAKUIPA?

# Would You Be Free?

Ungasununguke pakuipa?
Muropa raShe mune simba;
Ungakunde zvose zvakaipa
Ropa rake rine simba.
1.
Mune simba rinoshamisa,
Muropa reGwayana;
(pamhidza)
Ungasununguke pane hasha?
Muropa raShe munesimba;
Uya ushambidzwe paKar'vhari,
Ropa rake rine simba.
2.
Ungatsveniswe-tsveniswe kwazvo,
Muropa raShe mune simba;
Unganunurwe mumanyangadzo,
Ropa rake rine simba.
3.
Ungamuitire basaMambo?
Muropa raShe munesimba;
Ungagaromukudza nenziyo,
Ropa rake rine simba.
4.

# Come, Every Soul By Sin Oppressed

Uya, iwe wakaneta,
Ishe ane tsitsi;
Achakupa kuzorora,
Ukavimba nezwi.
1.
Vimba naye, vimba naye,
Uvimbe zvino;
Ishe achakuponisa
Panguva ino.
Jesu wakaparadza ropa
Kutikomborerera;
Pinda ushambe muropa
Rinochenesa ngwee.
2.
Jesu idi, nayo nzira,
Anokuzorodza;
Vimba, usinganonoke,
Ucharopafadzwa.
3.
UYAI KUM'PONISI ZVINO

## Uyai kum’ponisi zvino,

Shoko rake inzira yedu;
Ari pakati pedu nhasi,
Achiti: uyai
1.

Tichafara pakusangana,
Mwoyo yedu yakacheneswa,
Kana toungana naIshe,
Kumusha kudenga.
Uyai kuna ‘She, inzwa izwi!
Mwoyo wose ngaufarise,
Pachena ngatimusarudze,
Musambononoka.
2.
Fungai zvakare anesu,
Achirayira, mutererei;
Inzwai izwi rake, roti
Uyai kwandiri.
3.
UYAI, VANODA ‘SHE

## Uyai, vanoda ‘She,

Muve norufaro;
Imbai zvinonakidza
Pamberi paMambo
Vangarambe havo
Vasingamuzive Ishe,
Asi isu varwi vake
Titaure dama.
1.
Tichanomuona ‘ko,
Hatichazotadza;
Kubva kuhova dzengoni,
Tonwa murufaro;
Tisati taenda
‘Ko kwaanogara,
Pfungwa idzi dzakanaka
Dzinotifadzisa.
2.

Vanhu vowana tsitsi
Ivo vomurumbidza,
Mapudzi ekudenga’ko
Ndiwo orutendo;
Naizvo tiimbe
Iwome misodzi,
Tofamba munyika yaShe
Kudenga kwaari.
3.
UYAI, VATADZI, KUNA JESU’SHE

# Uyai vatadzi, kuna Jesu 'She,

Mutore ruponiso rwepachena;
Mukai varanda, musakotsire,
Tendai, chiedza, mbiri zvigopinda.
1.
Mhondoro yaJudha ndiSamasimba
Inokupa rukundo nguva dzose.
Satani nenyika zvichakurwisa,
Kukudzivirira kuuya kwako,
Sezvo Jesu M'ponisi akakunda,
Achakuyamura kuti ukunde.
2.
Nyangwe kurwa nenhamo zvichityisa,
Kune dzimba dzerugare kudenga;
Uchazoona ngundu noumbambo,
Zvipo zvavakundi, zvakakumirira.
3.
Kana wopinda mum'pata wokufa,
Ufambe naye, wokupa masimba,
Usingatye chinhu, uchiteura,
Ngirozi dzichakupinza kudenga.
4.

# Ten Thousand Souls,

Zviuru zvizhinji, zhinji
Zviri muUmambo;
Zvavo vakapinda, asi
Vamwe vane nzvimbo.
1.
Uya, uya enda neni
Kunzvimbo yokufara;
Uchazopiwa upenyu
Husingazoperi.
Kune nzvimbo yezvirema,
Pamwe navatadzi;
Jesu wakaita izvi
Ari paMchinjikwa.
2.
Kune nzvimbo yomutadzi
Asingambotendi;
‘She wakaponisa mubi,
Achakuponisa.
3.
Navo vanotsvaka nzira
Kuti vanyaradzwe;
Ngavazive kuti Kristu
Angavanunure.
4.
Neniwo, ndine chokwadi
Kuti ndine nzvimbo;
Naizvozvo ndichaimba
Nezvoruponiso.
5.

# Not What These Hands Have Done

Basa remaoko
Harindinunure;
Dambudziko romuviri
Harindiponise.
1.
Zvandinoda kuita
Hazvipe rugare;
Miteuro nemisodzi,
Hazvindizorodze.
2.
Basa renyu, Ishe,
Ringandiponise;
Ropa reGwayana chete,
Ringandinyaradze.
3.
Rudo rwenyu, Baba;
Kwete rwangu, Ishe,
Rungarwise dambudziko,
Rungandizorodze.
4.
Ngoni dzenyu, Baba;
Dzondiregerera;
Simba renyu roga, Ishe
Ringasunungure.
5.
Ndinokudza Kristu,
Ndozorora naye;
Ndisina kukuhadzika:
M'ponisi wangu.
6.

# Ishe, tanetswa nezvivi,

Tinochemera kwamuri,
Tichipfeka hanzu chena,
Mutishambidze mumweya.
1.
Nyika ino ichaguma,
Uyai kuruponiso,
Muchidedera kwaari,
Nomwoyo kuMuchinjikwa.
2.
Ishe motipa hwedenga
Ushe hwoMweya Mutsvene;
Vakaipa vapadzwe
Nesimba romweya wenyu.
3.
Baba, tikomborerei,
Tigare upenyu utsva;
Tinatswe kusingapere,
NaMwari norudo rwake.
4.
Batsirai Gwaza

# Jesu, dombo rekare,

Ngandizvivanze nemi,
Mvura pamwe neropa
Padafu zvakabuda
Ngazvinyatsoshambidza.
Ndicheniswe muzvivi.
1.

Kuita basa Chete,
Hakungakukwanire,
Zvido zvangu zvizhinji,
Misodzi yoyerera,
Hazvingaripe mhosva,
Mungaponise moga.
2.
Mumaoko handina,
Ndovimba noM’chinjikwa;
Ndipfekedzei, M’ponisi
Ndiyamure nengoni;
Ndouya kutsimero,
Ndishambidze ndisafe.
3.
Kana mweya wapera,
Kana meso adzima,
Ndichauya kudenga
Panzvimbo yokutongwa;
Jesu dombo rekare,
Ngandizvivanze nemi.
4.
Augustus Montague Toplady

## Jesu, kwamuri ndochema,

Kunze kwenyu ndichazofa;
Uyai nokuponisa,
Ndigam'chirei zvino.
1.

Ndigam'chirei zvino,
Ndigam'chirei zvino,
Jesu Kristu mandifira,
Ndigam'chirei zvino,
Ndakatadza, ndinemhosva,
Asi makandibayirwa;
Ndiitei sezva munoda,
Ndigam'chirei zvino.
2.
Handigone kuzvinatsa,
Mukuedza ndinotadza;
Ndiponisei nawo mutsa,
Ndigam'chirei zvino.
3.
Ndionei patsoka dzenyu,
Ndiitwe sokuda kwenyu;
Ripedziswe basa renyu
Ndigam'chirei zvino.
4.

## Kubva munhamo, nemajoto,

Ndouya, ‘She! Ndouya, ‘She!
Mumwenje worusununguko,
Jesu, ndinouya:
Mukurwara ndova mutano,
Mukushaya ndova mupfumi,
Kubva muzvivi ndova wenyu,
Jesu, ndinouya.
1.

Kubva munyadzi nokushaya,
Ndouya,’She! Ndouya, ‘She!
Ndowana mbiri yoM’chinjikwa,
Jesu, ndinouya:
Kubva munhamo ndoripiwa,
Kubva mudutu ndonyaradzwa,
Nomukusuwa ndofariswa,
Jesu, ndinouya.
2.
Kubva mubishi rokuzvida,
Ndouya,’She! Ndouya, ‘She!
Ngandigare muchido chenyu,
Jesu, ndinouya;
Ndozviisa murudo rwenyu,
Pasina tariro, ndofara,
Ndobhururukawo senjiva,
Jesu, ndinouya.
3.
Kubva kutya, kuzeza guva,
Ndouya, ‘She! Ndouya, ‘She!
Mukufara nomwenje wenyu,
Jesu, ndinouya.
Kubva muzvivi zvakakomba,
Ndopinda muzvivi zvakakomba,
Ndopinda muzambara renyu,
Ndogaroona uso hwenyu,
Jesu, ndinouya.
4.

# What A Wonderful Change

Muupenyu Hwangu ndasandurwa kwazvo
naJesu mumwoyo wangu;
ndine ruvheneko rwandatsvaka kwazvo,
NaJesu mumwoyo wangu.
1.
Ndi Jesu mumwoyo wangu,
Ndi Jesu mumwoyo wangu,
Wauya kwandiri nerufaro rwedi,
Ndi Jesu mumwoyo wangu.
Ndaregera kudzungayira panyika,
NaJesu mumwoyo mangu;
Zvino zvitadzo zvangu zvaregerwa,
NaJesu mumwoyo wangu.
2.
Ndine tarirowo isingadenheke,
NaJesu mumwo wangu.
Nokukahadzika hakundidzivire,
NaJesu mumwoyo wangu.
3.
Kumusha kudenga ndichazoenda,
NaJesu mumwoyo wangu;
Nomurwendo rwangu ndichazofarisa,
NaJesu mumwoyo wangu.
4.

## Mwoyo wangu wasarudza

Muponisi;
Ini handichapinduka,
Narinhi!
MuProfita naShe wangu,
Ndiye Muponisi wangu,
Ndoimba neizwi rangu;
Muponisi.
1.
Ngavave nepfuma vamwe,
Muponisi;
Pfuma yaShe haipere,
Mbiri yenyu ichapera,
Mbiri yenyu ichaguma,
Pfuma yaShe inogara,
Muponisi.
2.
Mukurwa, mukupona,
Muponisi;
Muurombo, mukupfuma,
Muponisi;
Napamusi wokuguma,
Pandichazomudavira,
Pandichazosiya nyika,
Muponisi.
3.

Nakwose kwandinoenda,
Muponisi;
Ndinozomuparidzira,
Muponisi;
‘She, mavambo, namagumo,
Rutariro, norufaro
Kwandiri Kristu ndizvozvo,
Muponisi.
4.
RWOM’PONISI

# I Have Heard Of A Saviour’s Love

Ndanzwa rudo rwoM’ponisi
Rudo runoshamisa kwazvo;
Wakauya kubva kudenga,
Netsitsi, nomutsa kwandiri?
1.
Ndizvozvo! Netsitsi nomutsa kwandiri
Ndizvozvo! Netsitsi nomutsa kwandiri.
Ndanzwa kurwadziwa kwake;
Kutambura kwake pamuti;
Zvinomborehwa here kuti
Akatambudzikira ini?
2.
Ndataurirwa nezvedenga,
Roonwa navarwi vaJesu,
Kune nzvimbo here kudenga,
Yakagadzirirwa iniwo?
3.
‘She, pindura mibvunzo yangu,
Ndoendepi asi kwaMuri?
Mungotiwo noMweya wenyu:
Ndine Muponisi kudenga.
4.
(Mavhesi akachinjwa)

# O Touch Mine Eyes

Ndibatei meso ndione
Uso hwenyu nokufara,
Nomukudekara kwenyu,
Ndimhanye nokutsungirira.
1.
Rurimi rwangu ruudze
Zvitsvene kuvarasiki;
Kuti, imi makauya
Kuvatenga zvinokosha.
2.
Zarurai nzeve ndigonzwa
Kazevezeve kerudo
Kandibise kunyika,
Ndikuonei pakudenga.
3.
Ndisunungurei ndimhanye
Nenzira’yo youtsvene;
Kana ndichibatwa nemi,
Ndoona kupenya kwenyu.
4.
NDINGASHAMBIDZWE NEI?

## What Can Wash Away My Sin?

Ndingashambidzwe nei?
Neropa raJesu chete.
Ndingatsveniswa nei?
Neropa raJesu chete.
1.

Itsime reropa
Rinondishambidza,
Handizive rimwe
Iropa raJesu chete.
Hakuna kucheniswa
Kunze kweropa raJesu.
Nako kuregererwa
Kunze kweropa raJesu.
2.
Hakuna rununuro,
Kunze kweropa raJesu.
Kana basa ranguwo,
Kunze kweropa raJesu.
3.
Hakuna rutariro,
Kunze kweropa raJesu;
Hakunawo nduramo,
Kunze kweropa raJesu.
4.

# Why Should I Wait

Ndomiririrei, handitizire
Kumwezve asi kunemi;
Kunyange ndiri mutadzi,
Ndouya, Ishe, ndouya.
1.
Ndomiririrei, ndozvitarisa,
Ndinoona zvivi chete;
Ndimi mungandishambidze;
Ndouya, Ishe, ndouya.
2.

Ndomirireiko nhasi
Ndichinzwa izwi richiti
‘Mtadzi ndokushambidza?
Ndouya, Ishe, ndouya.
3.
Ndomirireiko nhai?
Mangwana ndinganonoke,
Ndakasvikirwa norufaro;
Ndouya, Ishe, ndouya.
4.

# My Robes Were Once All Stained With Sin

Hanzu dzakambosvibiswa,
Dzisina machenesero,
Dakara izwi razoti;
Shamba, uchene sechando.
1.
Ndashamba muropa ra'She
wandichenesa sechando.
Chivimbiso kuna ani,
Chosanganisira neni;
Ndakauya, ndinoziva
Ropa rakandichenesa.
2.
Handikahadzike kuti
Mavara akashambidzwa;
Mumwoyo mangu ndoziva
Ropa rinondichenesa.
3.

Ndiani wouya zvino
Ashambidzwe zvivi zvake,
Mukutendeka woziva
Hanzu dzochena sechando?
4.
'YE WANGU

## Jesu ndinokudai, muri 'ye wangu,

Ndinosiya zvose nokuda kwenyu;
Muri Mununuri, Mponisi wangu,
Ndinokudai Jesu, ndokuda zvino.
1.
Ndinokudai nokuti makandida,
Matenga rudzikinuro paK'vhari;
Ndinokudai makapfekedzwa minzwa.
Ndinokudai Jesu, ndokudai zvino.
2.
Ndinokudai muupenyu, nomurufu;
Ndokurumbidzai nokusingaperi;
Nomusi wokufa ndichazoimba;
Ndinokudai Jesu, ndokudai zvino.
3.
Mazambara orufaro ikoko,
Ndichazonamata pasuo hwenyu;
Ndichazoimba nengundu pamhanza;
Ndinokudai Jesu, ndokudai zvino.
4.
William Ralph Featherstone

JESU 'SHE ANONDIDA NARINHI

# Jesu, 'She anondida narinhi,

Handibiswe kwaari nezvivi,
Ndiye mudzikinuri wangu,
Zvino ndave wake
1.
Zvino ndave waJesu,
Jesu wave wangu;
Kusiri kwenguva shoma,
Asi narinhiwo.
Ndakarasika muzvakaipa;
Jesu wauya kundiponisa,
Ndabiswa kubva mukuyedzwa,
Zvino ndave wake.
2.
Ndofara, Jesu wandiponisa,
Kubva muzvivi zvakandibata;
Ropa rake randinunura,
Zvino ndave wake.
3.
Norman John Clayton

## o

Jesu wanditenga
Neropa rake,
Zvino ndakaponiswa,
Ndave waMwari;
Ndacheniswa sechando:
Izvi ndoziva!
1.

Izvi ndoziva! Izvi ndoziva!
Mwari wandiregerera,
Wakandisunungura, ‘She,
Ndaimbove bofu, ini,
Zvino ndoona!
Jesu muchengeti:
O, zvoshamisa!
Pamberi paBaba,
Wondimirira;
Anodzinga madutu:
Izvi ndoziva.
2.
‘She, mutsvene sei!
Ndogaroimba;
Wakambozvidziwa,
Asi ndiMambo.
Nzira yangu yopenya;
Izvi ndoziva.
3.

## o

Kugara murudo,
Nomuchiyedza,
Kutenda narinhi
She samasimba;
Kugaromuziva
Kufara kwake;
Ngakuvewo neni
Panguva dzose.
1.

Kuve wake, Jesu,
Upenyu hwangu;
Rufaro narinhi,
Haruparadzwe;
Kugara, kutenda,
Ndisina kutya,
Ndogam’chira pano
Chipo chedenga.
2.
Ndopupurira Jesu,
Ndiri ‘ye waShe;
Anondifadzisa.
Ndomupa zvose
Ndinorwira mbiri,
YoMuchinjikwa;
Pane mubayiro,
Kana pasina,
Achazondidana
Chisiya zvombo,
Kurwa kwazopera,
Uya ugadzwe.
3.

# Makore andakaparadza,

Ndisina hanya naShe wangu;
Ndisingazive wandifira,
PaKarivhari.
1.
Tsitsi zhinji nengoni dzake,
Dzaakandipawo pachena;
Mweya wangu wasunungurwa
PaKarivhari

Neshoko raMwari ndoziva
Murau wenyu wandatyora;
Mweya wangu wonyengetera
PaKarivhari.
2.
Ndopira zvose kuna Jesu,
Ndamugam'chira saShe wangu,
Mweya wopemberera, woimba,
PaKarivhari.
3.
Norudo rwake taponiswa!
Nengoni dzatiburukira!
Wakave zambuko reduwo,
PaKarivhari.
4.
M'PONISI WAKANDITSVAGA

# M'ponisi wakanditsvaga

Kuresa nenzira
Wakandiita ndione,
Pazuvaro rinoshamisa.
1.
Jesu wanditsvaka,
Ndakanga ndichidzungaira;
Jesu wandiwana
Zuva rinoshamisa.
Wakatura mutoro,
Wedambudzo rangu,
Nomutsa ndaregererwa,
Pazuvaro rinoshamisa.
2.

Ndaivewo mutadzi,
Akandishambidza;
Mwoyo wazadzwa norwiyo
Pazuvaro rinoshamisa.
3.
Universal Songs, Holand

## Mweya wangu uno Muponisi,

Wakasunungurwa;
Ndofanira kusarudza zvino,
Ndichagamuchira 'She
1.
Ndoda, ndoda ndoda
Mwari muyamuri wangu;
Ndakatengwa neropa raShe
Ndava wenyu chose.
Nengoni ndichagam'chira tsitsi;
Rudo rwenyu Kristu;
Rwaukunda mwoyo wangu kwazvo,
Ndichavimba nemi.
2.
Munoziva kusasimba kwangu,
Ndotya kurasika;
Asi imi muri simba rangu,
Munondipa simba.
3.
Hungu, Ishe, tipei isu tose,
Ngoni dzenyu nhasi;
Sezvinobva mumwoyo tichiti:
Tichava waKristu.
4.

Vakauya vamwe vachibvunza:
Tingapone here?
Hungu, ndinoda muponiswewo,
Nesu tinodaro.
5.
NDAINY'URA MUZVIVI

# I Was Sinking Deep In Sin

Ndainy’ura muzvivi
Kumahombekombe;
Namavara mumwoyo,
Pasina rumuko;
Asi Tenzi wegungwa
Akanzwa kuchema,
Akandizvuva ini
Ndaponiswa.
1.
Rudo chete, rudo chete,
Rwakandinyurura,
Rudo chete.
Mwoyo wangu ndomupa,
Naye ndonomatira;
Ndoponiswa maari,
Ndichimuimbira;
Rudo rwake ndorwedi,
Ndokudza nenziyo;
Kuvimbika mubasa
Ndozvake, ‘She.
2.

Mwoyo iri munjodzi
Ngaitarire ‘She;
Jesu anoponesa
Wokuzvuva norudo;
Ndiye Tenzi wegungwa,
Rinomuteerera;
Ishe anoda kuti
Uponiswe.
3.

# I Heard The Voice Of Jesus Say

Ndakanzwa Jesu achiti:
Uya uzorore;
Zorora waneta, rinza
Musoro pandiri.
Ndakauya kuna Jesu,
Ndakaneta kwazvo;
Ndakawana kuzorora,
Ndinarwo rufaro.
1.
Ndakanzwa Jesu achiti:
Tarisa ndokupa
Mvura youpenyu zvino,
Inwa, uchapona.
Ndakauya kuna Jesu,
Ndakanwa mvura ‘yo;
Nyota yangu yakapera,
Zvino ndaponiswa.
2.

Ndakanzwa Jesu achiti:
Nditarise, iwe;
Ndiri chiedza chenyika,
Ndikuvhenekere.
Ndakatarisa kwaari,
Iye zuva rangu;
Muchiedza choupenyu,
Ndofamba narinhi.
3.
RWASHE

# I Heard Of A Saviour, Whose Love Was So Great

Ndakanzwa zvorudo rukuru rwaShe,
Pamuti wakafira ini;
Vakamupfekedza ngundu yeminzwa,
Kuregerera m'tadzi seni
1.
*Wakaregerera mutadzi seni,
Wakaregerera mutadzai seni,
Vamupfekedza ngundu yeminzwa,
Kuregerera mutadzi.
Vatadzi wakavachemera, woti:
Dai maiziva Muponisi,
Ndaikuchengetai pasi pemapapiro,
Kuregerera vatadzi semi
2.
Urwo rudo rwake rwandishamisa
Rwandiunza kuna Jesu:
Zvandakauya haangandirase,
Waregerera mutadzi seni.
3.

Idi, unoponisa m'tadzi wose,
Iwe haangakudzinge,
Akakumbira netsitsi dzake
Saka, uya uponiswe.
4.
Eliza Read

# Now I Have Found A Friend

Ndawana shamwari
Jesu wangu;
Rudo runogara,
Jesu wangu;
Rufaro nehama,
Zvichazopfuura,
Ini Ndagarika,
Jesu wangu.
1.
Kana ndapererwa,
Jesu wangu;
Anondisimbisa,
Jesu wangu;
Anondichengeta,
Anondinunura,
anonditsigira,
Jesu wangu.
2.
Nyika yapfuura,
Jesu wangu;
Patichazotongwa,
Jesu wangu;
Ndichazomuona,
Mambo wokudenga,
Nokumurumbidza,
Jesu wangu.
3.

Ndasiya zvenyika,
Jesu wangu;
Ndinoda zvedenga,
Jesu wangu;
Ndiye Mununuri,
Ndiye Muchengeti,
Ndiye Muponisi,
Jesu wangu.
4.

## Ndichimboita kuipa,

Ndisina nokutya;
Dakara ndaona uso
Hwakandikarira.
1.
Gwayana raroverwa,
Gwayana reKarivhari,
Riripo rakabayiwa
Ndiye Mununuri.
NdiJesu waroverwa,
Iye wakarwadzwa;
Kwandiri wakatarisa,
Ari paM'chinjikwa.
2.
Handichazokukanganwa
Kutarisa kwake;
Uko kwandipa mhosva
Asingataure
3.
Hana yakabvuma mhosva,
Yakanditsamwisa;
Ndakaona zvivi zvangu
Zvamuroverera.
4.
Akatarisa achiti:
Ndokuregerera,
Kufa kwangu, ropa rangu,
Zvinodzikinura.
5.
Rufu rwake rworatidza
Zvivi zvangu zvose,
Chishamiso tsitsi dzake,
Dzondiregerera.
6.
W. A. Havergal
I Am So Glad
Ndinofara Baba wokudenga
Woreva rudo mugwaro rake;
Ndoona mubhuku zvishamiso
Zvinoti: Jesu anondidawo.
1.
Ndinofara Jesu wandida,
Anondida, anondida,
Ndinofara Jesu wandida,
Ini anondida.
Jesu anondida, ndinomuda,
Rudo rwake rwakandinunura;
Nm'towo werudo wandifira;
Ndine chokwadi Jesu wondida.
2.
Kana ndikabvunzwa ndingatii?
Mbiri kuna Jesu ndinoziva;
Mweya Mutsvene tobvumirana,
Topupura Jesu anondidisa.
3.

# Kana pane rumbo rwandingaimbe,

Murunako Mambo ndomuona,
Rumbo urwu ndoimba narini
Chishamiso, Jesu anondida.
4.
Muchokwadi ndinozororora;
Ndovimba naye ndokomborerwa;
Satani wogumbuka, wotiza,
Ndamuudza, Jesu anondida.
5.

# I Believe That God , The Father

Ndinotenda kuti Mwari
Ari muMwana wake,
Muunyoro hwake, Jesu,
Rudo rworatidzwa,
Nyangwe vakamurovera
Nokumuramba, Ishe,
M'chinjikwa ndirwo rudo
RwaMwari paKarivhari.
1.
Ndinotenda kuti Mwari
Angasandure mwoyo,
Nokunatsa unhu hwedu,
Nokubwinyaswa nengoni,
Voutera vangarambwe;
Asi vangasimbiswe,
Kumhuri yaIshe Jesu
Vose vana vaMwari.
2.

Munyika Ukasanduka
Zvimwe zvinogarawo
Tingagare muutsvene,
Nengoni dzake Mwari,
Vose vonzwa Mweya M'tsvene
Voterera ' zwi rake.
VaKritsu vangave sa'ye
Nomurusununguko.
3.
Zvivimbiso zvake Jesu
Hazvichazosanduka,
Ndakambozviedza kare,
Ndinozvitenda nhasi.
Mwari anopa muranda
Zvombo zvebasa rake;
Simba ndere vanotsvaka,
Ngoni, vanokumbira.
4.
John Gowans
NDINOVIMBA NASHE M'PONISI

# Blessed Assurance

Ndinovimba naShe M'ponisi,
Anondipa rufaro rwedi;
Nom'towo wake ndanunurwa,
Ndazvarwa patsva, ndatsveniswa
1.
Inyaya yangu, rumbo rwangu,
Ndichimukudza Jesu wangu.
Ndozvipfavisa norufaro,
Ndinoonazve zvinakidzo;
Ngirozi dzashe dzinouya,
Norudo rwake nawo mutsa.
2.

Muna Jesu ndinozorora,
NoM'ponisi ndaropafadzwa;
Ndiri murudo norunako,
Ndomirira 'She netariro.
3.

## Pane mumwechete bedzi

Anotida!
Rwake rudo rwakakomba,
Anotida!
‘Shamwari dzingatisiye,
Dzingagarotinyengedza,
Asi iye ndiye chete,
Anotida!
1.
Kumuziva, ndoupenyu,
Anotida!
Ngatifunge timutende
Anotida!
Wakatitenga neropa,
Nomungwenga watitsvaga,
Wakatidzora kudanga,
Anotida!
2.
Tawana shamwari Jesu,
Anotida!
Anozotiropafadza,
Anotida!
Mwoyo yofara kumunzwa,
Achiti tigere pedyo,
Totyei kuvimba naye?
Anotida!
3.

Ungazive Jesu here?
Anotida!
Zvipire kwaari zvino
Anotida!
Wokupa makomborero,
Akanakisisa chete,
Woenda newe kudenga,
Anotida!
4.

# When Upon Life's Billows

Nhamo dzepasi dzikakutambudza,
Nokutsamwa kukada kukurasa;
Ona makomborerero averenge ,
Uchashamiswa zviito zvShe.
1.
Averenge makomborero,
Averenge mazita awo
Averenge maropafadzo,
Uchamiswa nezviito zvaShe.
Une mutoro wezvishusho here?
M'chinjikwa unoremera here?
Verenga, zvinatso nhamo dzorova,
Uchaimba mazuva achipfuura.
2.
Mumatambudziko makuru, madiki,
Usatsamwe ari pam'soro Mwari;
Verenga zvinatso uchanyaradzwa,
Nomurwendo rwose uchayamurwa.
3.

PAMUCHINJIKWA WOM'PONISI

*— entry too long for one page —*
*read this hymn at nziyo.com*

# Matama anoyambira,

Pazuva roga roga,
Zvinoitika kwavari
Tizira kuupenyu
Usagare murenje;
Usatarise shure,
Kana nokudududza,
Kuti usaparadzwe.”
3.
Matama anofadzisa
Anoparidzwa kwose;
Azere ruregerero
RwaIshe aroverwa.
Dama rinofadzisa,
Rounzwa kuna vose,
Vanotenda kwaari
Vowana ruponiso.
4.
Service
(a) KUDENHWA
Challenge
Tis Religion That Can Give
Chitendero chotipa,
M’chiedza, m’chiedza;
Rufaro muupenyu,
M’chiedza chaMwari
1.

# Famba muchiedza,

Muchiedza,
Famba muchiedza
Chiedza chaMwari.
Chitendero chingape,
M’chiedza, m’chiedza,
Kunyaradzwa mukufa,
M’chiedza chaMwari.
2.
Kana tafa tofara,
M’chiedza, m’chiedza,
Tichagara narinhi,
M’chiedza chaMwari
Ishe ndiMwari wedu,
M’chiedza, m’chiedza,
Tichafara narinhi,
M’chiedza chaMwari.
3.
4.
Attr. Mary Masters (verse 1-3)
(verse 4)
He, Who Would Valiant Be
Anoda kutsunga
Pano rushambwa,
Ngaatevere’ She
Mazuva ose.
Nokuzogumburwa
Hakuchamumisa;
Akambovimbisa
Kuva mufambi.
1.

# Vanomuitira

Nyaya dzerima,
Vanozvitadzisa,
Iye wotsunga.
Haachakundika,
Panguva dzokurwa,
Achagadzirisa
Kumutevera.
Ishe todzivirirwa
NoMweya wenyu;
Toziva pakufa
Tine upenyu.
Zvenhando zvopera,
Handichazombotya
Ndichagaroedza
Kumutevera.
2.
3.
Dziripo tsitsi here
Dzakachengeterwa ini?
'She angaite here
Ndiregererwe ini?
1.
Mwari rudo, ndinonzwa,
Jesu anondidawo,
Jesu mupenyu, anondida.

# Handaida ngoni dzake,

Ndaiwanzomugumbura;
Ndisingamuterere,
Ndichimutsamwisisa.
2.
Ndaipirwei rudo urwo?
Bvunza mumiririri;
Chikonzero ndiJesu,
Pachigaro chengoni.
Anondireverera,
Achiratidza zvanza;
Mwari rudo, ndinonzwa,
Jesu anondidawo.
3.
4.
(mavhesi, akashandurwa)
Famba muchiedza kuti
Uzive zvorudo
Zvinogoverwa noMweya,
Mutongi kudenga.
Famba muchiedza kuti
Mwoyo uve wake
Anogara muchiedza
Musina nerima.
Famba muchiedza kuti
Rima rigotiza;
Uchavhenekerwa, iwe
Nechake chiedza.
1.
2.
3.

# Famba muchiedza kuti

Usazotya guva;
Kubwinya kwaKristu, Ishe,
Rima kuchadzinga.
Famba muchiedza kuti
Nzira icheniswe;
Wova mungoni dzaMwari,
DzaMwari, chiedza.
4.
5.
except chorus
Mirai imi vaMwari!
Musiye zvakan’ora;
Mupe mwoyo, mweya, pfungwa
Kumukudza Mambo
Mirai imi vaMwari!
Umambo hwomirira;
Unzai kuwadzaniswa
Kunopedza zvivi.
1.
2.
Mirai imi vaMwari!
Chechi yokumirira;
Mosimbiswa mweya yenyu,
Mokura mairi.
3.
Teverai tsoka tsvene
DzaKristu noM’chinjikwa,
Sehama dzevana vaShe,
Mirai, vake Mwari!
4.
(BHB)

# I, Thirst, Thou Wounded Lamb of God

Ndine nyota yeGwayana,
Kushamba muropa raro,
Ndikagara mumaronda aro,
Ndowana upenyu nazvo.
Torai mwoyo wangu wose,
Ndokupa kwamuri chete;
Zvino ndipei chifukidzo
Chechivimbiso chorudo.
Vanogara pedyo nemi
Vanodzivirirwa chose;
Vanogamuchira simba,
Vokurwirai voponiswa.
Muponisi makakunda,
Kwamuri, 'She, topfugama;
Tinokupai mwoyo yedu
Muupenyu nomurufaro.
1.
2.
3.
4.
Nicholas Ludwig von Zinzendorf
Pamberi penyu, 'She,
Ndinoda kuona,
Ndichiuya nemibvunzo
Munoipindura.
1.

## Ndichitaura,

Kwamuri, Ishe;
Ndakarurama here?
Mponisi ndiudza.
Ndadududza here?
Kana kuchengeta
Zvose zvamakandipa, ‘She
Muchandisimbisa.
2.
Ndine mwoyo here,
Wakashambidzika,
Hana inonyenyeredza
Zvose zvinonyadza?
3.
Ndinotsunga here,
Sezvandaiita,
Mukuparidza matama
Kuna vakatadza?
4.
Kana ndatadza, ‘She,
Handichaita zve;
Ndichatenda simba renyu
Richanditsvenisa.
5.
Pane zvoda mwoyo wangu,
Mweya zvowopfuura;
Noruvimbo ndonogutswa,
Mweya zvowopfuura;
Zvino ndavakuzviona
Zvandichazova ini,
Chisimbiso ndapiwa
Mweya zvowopfuura.
1.

# Ndinoreurura zvivi,

Mweya zvowopfuura;
Mwoyo wangu wodapfuma,
Mweya zvowopfuura;
Zvose zvandaidisa
Hazvichina maturo,
Mweya zvowopfuura.
Ndiripano kuzvidemba,
Mweya zvowopfuura;
Ndomirira tsitsi dzenyu,
Mweya zvowopfuura zvose zvinofadza nyika;
Vandudza mweya wangu, ‘She,
Ndiwane ngoni dzenyu,
Nditore ndive wenyu,
Mweya zvowopfuura.
2.
3.
Mweya zvowopfuura,
Mweya zvowopfuura;
Ngandizvipire ini,
Mweya zvowopfuura
Tendai! tendai! M’tsvene womirira
Kutsvenisa zvakavambwa nengoni;
Mwari anodisa vanhu vaponiswe;
Kuti akutsvenise noMweya M’tsvene.
1.

# Zvose zvinofadza nyika,

Zvipire!zviperi! usave unoramba iti,
Tenzi kuda kwenyu kuitwe.
Magumo kurwisa, rudo rwenyu rwokunda;
Kuti runditsvenise, uyai Ishe, uyai.
Ruponiso kwazvo! udzai kuna vose,
Ushe hwasatani hwokundwa chose!
Zuva nenhoo zvokomborerwa na’She,
Kuti anditsvenise noMweya M’tsvene.
Terera Izwi raJesu:
Richidaidza: uya,
Ndotambidza runyararo,
Uzorore waneta;
Ruponiso, ruponiso,
Rutore, uchafadzwa.
2.
3.
1.
Ari pam’soro kudenga,
Asi anodaidza;
Norutendo ungamunzwe:
Uyai makaneta;
Ruponiso,ruponiso,
Rutore uchafadzwa.
Izwi rake ronyarara,
Zvino rinodaidza;
Mutadzi, terera mazwi,
Kuropa, chimhanyira;
Ruponiso, ruponiso,
Rutore uchafadzwa.
2.
3.

## M’ponisi ano upenyu,

Ndiye woga wokupa;
Hutore usina mari,
Chipo chaMwari oga;
Ruponiso, ruponiso,
Rutore uchafadzwa
4.
O Turn Ye
Dzokai, dzokai munofirei,
M’ponisi zvaari pedyo netsitsi?
Jesu anokoka, woti: Uyai!
Ngirozi dzinozokuchingurai.
Usazvinyengedze nokunonoka,
Uchiti: zvimwe ndichazviponisa!
Uya, mutadzi uri sezvauri;
Hova dzoyerera, dzoruponiso.
Pfuma yenyika ingakuyamure
Mukutambudzwa nokurwadzwa here?
Ingakuyamure kana wava kufa
Inokutakura kuDenga here?
Wofa nenzara mumweya wako sei?
Muna ‘She Jesu mune tsitsi zhinji;
Rega kusatenda, vimba uone,
Ugowana tsitsi dzisingapere.
Chiuya nesu, zvipire kuna’She,
Tichivimba, hatingatsaukane;
Zvino, unorambirei kuuya?
Ngatiendei tose uko kuDega
1.
2.
3.
4.
5.

## Usazvibvumidze kuita zvivi,

Zvikunde kuti uyamure vamwe;
Irwa usingatye, siya kuipa,
Mutarise Jesu achakusvitsa.
Siya vakaipa, venga kutuka,
Kudza zita rake, usarishore;
Fungisisa uve nemwoyo wedi,
Mutarise Jesu achakusvitsa.
Mwari achamupa mukundi ngundu,
Norutendo tokunda mukuedzwa,
M’ponisi anotipa simba idzva,
Mutarise Jesu achakusvitsa.
1.
2.
3.
Bvunza M’ponisi zvino
Kuti akuyamure,
Anoda kukuyamura,
Achakusvitsa.
Ipa nzvimbo kuna Jesu,
Wakatakura zvivi;
Anokumbira kupinda,
Ngaapinde M’ponisi.
1.
Ipa nzvimbo kuna Jesu,
Terera izwi rake;
Uzarure mwoyo wako,
Bvuma kuti apinde.

## Une nzvimbo yorufaro,

Neye basa unayo;
Asi hauna nzvimbo
YaShe mumwoyo wako.
2.
Ipai nguva kuna Jesu,
Nengoni wokudana,
Ndiyo nguva yokubvuma,
Haangakunzwe hwedza.
3.3.
Ipai nzvimbo kuna Jesu,
Misi inopfuura;
Ruchati rwosvika rufu,
Izwi raShe rodzima.
4.
Wati waenda kuna Jesu here?
Washambidzwa muropa here?
Unovimba nengoni dzake here?
Washambidzwa muRopa here?
Washambidzwa muRopa ,
Muropa reGwayana raShe?
Mwoyo wako, wakacheneswa here?
Washambidzwa muRopa here?
1.
Unofamba noMuponisi here?
Washambidzwa muropa here?
Unozorora muna iye here?
Washambidzwa muRopa here?
2.

## Zvibvise zvipfeko zvina mavara,

Ushambidzwe muropa ra'She,
Pane tsime rinochenesa mweya,
Ushambidzwe muropa raShe.
3.
Elisha Albright Hoffman
(b) KUZVIPIRA MUBASA
Chiitai, Ishe kuda kwenyu;
Ndimi muumbi, ndiri m'nyakwe;
Ndiumbei sokuda kwenyu, 'She,
Ndakamirira, ndozvipira.
Chiitai, Ishe kuda kwenyu;
Nditarisei Ishe, nhasi;
Ngandicheniswe sechando, 'She,
Pamberi penyu ndokotama.
Chiitai, Ishe kuda kwenyu;
Ndibatsireiwo ndakaneta;
Nesimba rose nderenyu 'She,
Ndibatei mundiponise, 'She.
Chiitai, Ishe kuda kwenyu;
Upenyu hwangu tungamirai;
Ndizadze mweya kuti vose,
Vaone Kristu nemandiri
1.
2.
3.
4.

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

4. Zvose zvandinazvo,
Makandipa;
Noupenyu hwangu,
Ndohupira.
Kana ndokuonai,
Mweya wonunurwa
Nokusingapere,
Nemi, Ishe.

## (PHB)

Ancient Irish,tr. Mary Byrne
Versified by Eleanor Hull

1. Jesu Muponisi, mandiponisa,
Makandinunura kuzvakaipa,
Ndokushandirai mazuva ose,
Nokukunamatai, Ishe wavose.

Ndinopira mwoyo

Kwamuri ’ She wangu

Ndopira upenyu

Kutsvaga vanhu.

2. Ndichatevera ndichizvideredza
Mumatambudziko ndichavimbika
Muchinjikwa wenyu ndoutakura
Kuti ndizopinda nemi kudenga.
3. Muzviedzo zvose, ndichatendeka,

Zvose zvoitika ndichagam’chira;

Kuti ndiyamure vatadzi vose,

Ndipei simba renyu, Mambo wavose.

4. Vanhu vanoshaya mwenje waMwari,

Ndiyamurei kutora dama kwavari,

Simba rasatani, richakundika,

Mugadzwe Ishe wavose panyika.

KRITSU,’SHE, WORUGARE

1.
Kritsu ’She, worugare,

Ndipei hwenyu upenyu;

Kwandiri huratidzwe

Upenyu hwenyu chete.

Garai neni, vaone

Kritsu ari mandiri.

2.
Pindurai chido changu,

Nditsvenisei nomoto;

Poresai zvinorwadza

Ndifemerei upenyu;

Ndizadzei zvino kuti

Kritsu ave mandiri.

3.
Ndipei ngoni dzenyu, Ishe

Kununura vatadzi;

Upenyu tungamirai,

Zvinyoronyoro zvose;
Kuti nyika ione

Kritsu chete mandiri.

Colin Fairclogh

## M’PONISI, NGANDIVE

1. M’ponisi, ngandive

Pedyo nemi;

Mubasa nepfungwa,

Ndive m’tsvene.

Torai mwoyo wangu
Uve wenyu chose;

Murudo ndiite

Basa renyu.

2. Ndibvire semoto
Kwose kwose;

Munyika yorufu,

Ndozvipira, ‘Ishe,

Kufa kwenyu, Ishe,

Pasina woraswa;
Padafu reropa,

Vapotere.

3.

Misi yangu yose,

Ndorumbidza;

Hamukundike?

Kundisimbisa

NoMweya Mutsvene,

Ini ndiponiswe;

Ndidade naKritsu,

Ndichienda.

## A Charge To Keep

1. Ndine rangu basa,

Rukukudza Ishe,

Nerokuponisa mweya,

Denga ukodzere.
2.
Kuti ndiyamure ,

Ndofanira kuti,

Simba rangu rishandiswe,

Mukuda kwatenzi.
3.

Ngandichengetedzwe,

Ndibatsirei imi,

Ishe, mundigadzirewo

Ndikupei nhoroondo.

4.

Ndoda kuteura,

Nokuvimba nemi,

Ndikakundika ndichafa,

Nokusingapere.

1. Ndine rake simba, Mambo,

Rokutonga nguva dzose;

Nemwoyo wake ndowangu,
Nezvaanoda ndoita.

2. Anoda mwoyo uchene

Kubva manyangadzo ose;

Anokumbirazve chido,

Chorudo runoterera.

3. Anoda ndimushandire;

Mumabasa anokosha,

Anoda tsoka dzifambe

Nesimba mazuva ose

4. Anoda miromo kuti

Itaure zvakachena;

Ndangariro, pfungwa, zvose,

Zvimufadze, Ishe wangu.

5. Anoda uduku hwangu,

Nokuvavarira idi;
Nezvandigona zvose

Izvo zvingamushandire.

6. Ishe,kwamuri ndouya,

Ndofara kukushandirai;

Mondipa zvandichaita;

Ndokupai upenyu hwangu.

Called From Above I Rise

1. Ndiri kudaidzwa

Kuti nditsveniswe;

Patsime pandinoenda

Ndingashambidzike.

2.
Rine mvura tsvene,

Tsime refu, bamhi;

Rakazarurwa kare

Nepfumo reuto

3. Ndinonzwa mumweya

Mvura youpenyu;

Ndinofara kuparidza

Ruponiso urwu.

4. Mweya unodisa

Kuti ufadziswe

Noruponiso rwaJesu,

Zve, nokuva wake.

NDIMI NZIRA: TINOUYA

1. Ndimi nzira: tinouya

Kuti tiponiswe;

Vanoda kutsvaka Baba

simbaVomutsvaga nemi.

2.
3.
Ndimi idi: inzwi renyu

Rinotipa njere;

Munotipa ndangariro,

Nomwoyo mutsvene.

Ndimi upenyu hezere:

Makakunda rufu;

Navanovimba mamuri

Vachakunda rufu.

4. Ndimi chokwadi upenyu:

Tizivisei nzira,

Kuti tiwane upenyu

Husingazopera.

George Washington Doane

NDOKUSHANDIRAI’ISHE?

1. Ndokushandirai, She
Makazvipira kwandiri?
Basa rangu rashaya simba
Ndichakuparidzirai sei?
Zvino ndiri paMchinjikwa
Pamavambo erose simba,

Ndouya nokushaya kwa ngu,

’She ndikodzere basa renyu.

2. Nzeve hadzinzwe ’ izwi renyu,

Maoko ozeza basa,

Tsoka dzobvunda basa renyu

Kuti ndisvike Karivhari.
3. Ndipei simba, Ishe wangu;

Mubise upofu hwangu;

Rutendo mukukahadzika,

Ndigone kukushandirai.

## O MWARI, NDOKUPEIKO?

O God, What Offering Shall I Give?

1. O Mwari, ndokupeiko,

Ishe wedenga nenyika?

Mweya, nenyama gamu'chirai,

Chipo chitsvene, chipenyu,

Kunyange chiri chiduku,

Ndinopa zvose kwamuri.

2. Zvino, kana wangu mweya,

Hausisiri wangu, sva;
Uchengetei uve wenyu,

Ufadzisei, ubvirise;

Mweya wangu uratidze

Kubwinya kwezuva renyu.

3. Tiratidzeiwo zvamuri,

Kuti tigokurumbidzai

Tipei ungwaru, norudo,

Tizadzisei noutsvene

Hunopfuura goridhe,
Hunokunda nyamatsatsi .

4. Ndipeiwo simba roMweya,

Sezvo ndine zita renyu;

Pfungwa dzangu, namabasa,

Mamuri zvigoungana.

Rudo rwenyu, misi yose,

Ngarurumbidzwe Ishe.

## PAM'CHINJIKWA WAJESU

1. PaM'chinjikwa waJesu,

Ndinoda kugara,

Mumumvuri wedombo

Munyika yenyota;

Musha wedu murenje,

Bumhudzo panzira;

Patinotura zvose,

Patinotonhodzwa.
2.
PaM'chinjikwa wajesu,

Ndinoona mumwe

Wakandifira ini,

Andidzikinure;

Ndonoonazve zviviri

Zvinondishamisa,

Rudo rwake rukuru,

Nokwangu kuipa.
3. Ndogara mumumvuri

WoM'chinjikwa waShe;

Ndinofadzwa nezuva

Repauso hwake;

Handichada zvenyika

Kana kupundutswa,

Ndazvidza zvivi, asi
Ndoda Muchinjikwa.

Elizabeth Cecilia Clephane

1. Pane nzira ine minzwa

Neduku yakananga,

Inonzi nzira yebasa;

Inoenda kudenga.

Tichafamba munzira’yo,
Towana zvatinoda,

Parukova rwetsitsi

DzaMwari rwunoyerera.

Nenzira yebasa

Dzoyerera ngoni dzaMwari;

Nenzira yebasa

Dzoyerera ngoni dzaMwari.

2. Ndiyo nzira youtsvene,

Inzira yorufaro;

Kunyangwe ine matombo

Nenhamo nezvinetso,

Asi nzira ’yo yebasa

Yakafambwa naTenzi,

Norudo runoratidza

Nzira yokunaMwari

3. Ngatifambe nayo nzira

Takatarisa zuva;
Totakura nhamo dzedu,

Tipedze zvatatanga.

Rwizi rwengoni dzaMwari
Rwoyerera panzira,

Tinganwe tisimbaradzwe

Kumitoro yemisi.

# Yes, There Flows A Wondrous River

1.
Rukova runoyerera
Kushambidzwa vakaipa;
Runosunungura mweya,
Runobisa zvakaipa.
Takakombwa norukova,

Runesimba noutsvene hwaMawari

Rungapindure mutadzi wose,

Runobva kuna Mwari

2.
Vanotsvaka rwizi urwu,
Vanowana zvavanoda
Runorapa vanorwara,
Kana vachirutenda
3.
Makawana rushambidzo
Murukova urwu here?
Makabisirwa mitoro
Inotambudza here?
4.
Murikunonoka sei
Muchiri muzvakaipa
Kana materera Mwari
Munozosunungurwa.

1. Shanda, upedzwe masimba

Kuita chido chaBaba;

Nzira yakafamba Tenzi,

Iwe muranda, fambawo.

2. Shandaka, kwete, zvenhando,

Wako mugove, idenga;

Kusapembedzwa, zvinei,

Uchapembedzwa naTenzi.

3. Shanda pano zvikwanire,

Ishe achakupembedza;

Mwoyo wako, uchafadzwa;

Basa harive renhando.

4. Shanda zuva richipenya,

Rima rosvika usiku;

Kasika kurasa nungo,

Ndonzira kuwana Mweya.

5. Vanhu vanofa murima

Guva roshaya tariro;

Vheneka chiyedza kwese,

Chiedza munhamo tsvuku.

6. Shanda, rinda nom'teuro,

Ngwarira kuwana vanhu;
Enda munzira dzenyika,
Uya navadzungairi.

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

1. Jesu Muponisi, mandiponisa,
Makandinunura kuzvakaipa,
Ndokushandirai mazuva ose,
Nokukunamatai, Ishe wavose.

Ndinopira mwoyo

Kwamuri ’ She wangu

Ndopira upenyu

Kutsvaga vanhu.

2. Ndichatevera ndichizvideredza
Mumatambudziko ndichavimbika
Muchinjikwa wenyu ndoutakura
Kuti ndizopinda nemi kudenga.
3. Muzviedzo zvose, ndichatendeka,

Zvose zvoitika ndichagam’chira;

Kuti ndiyamure vatadzi vose,

Ndipei simba renyu, Mambo wavose.

4. Vanhu vanoshaya mwenje waMwari,

Ndiyamurei kutora dama kwavari,

Simba rasatani, richakundika,

Mugadzwe Ishe wavose panyika.

## KRITSU,’SHE, WORUGARE

1.
Kritsu ’She, worugare,

Ndipei hwenyu upenyu;

Kwandiri huratidzwe

Upenyu hwenyu chete.

Garai neni, vaone

Kritsu ari mandiri.

2.
Pindurai chido changu,

Nditsvenisei nomoto;

Poresai zvinorwadza

Ndifemerei upenyu;

Ndizadzei zvino kuti

Kritsu ave mandiri.

3.
Ndipei ngoni dzenyu, Ishe

Kununura vatadzi;

Upenyu tungamirai,

Zvinyoronyoro zvose;
Kuti nyika ione

Kritsu chete mandiri.

Colin Fairclogh

## M'PONISI, NGANDIVE

1. M'ponisi, ngandive

Pedyo nemi;

Mubasa nepfungwa,

Ndive m'tsvene.

Torai mwoyo wangu
Uve wenyu chose;

Murudo ndiite

Basa renyu.

2. Ndibvire semoto
Kwose kwose;

Munyika yorufu,

Ndozvipira, 'Ishe,

Kufa kwenyu, Ishe,

Pasina woraswa;
Padafu reropa,

Vapotere.

3.

Misi yangu yose,

Ndorumbidza;

Hamukundike?

Kundisimbisa

NoMweya Mutsvene,

Ini ndiponiswe;

Ndidade naKritsu,

Ndichienda.

# A Charge To Keep

1. Ndine rangu basa,

Rukukudza Ishe,

Nerokuponisa mweya,

Denga ukodzere.
2.
Kuti ndiyamure ,

Ndofanira kuti,

Simba rangu rishandiswe,

Mukuda kwatenzi.
3.

Ngandichengetedzwe,

Ndibatsirei imi,

Ishe, mundigadzirewo

Ndikupei nhoroondo.

4.

Ndoda kuteura,

Nokuvimba nemi,

Ndikakundika ndichafa,

Nokusingapere.

1. Ndine rake simba, Mambo,

Rokutonga nguva dzose;

Nemwoyo wake ndowangu,
Nezvaanoda ndoita.

2. Anoda mwoyo uchene

Kubva manyangadzo ose;

Anokumbirazve chido,

Chorudo runoterera.

3. Anoda ndimushandire;

Mumabasa anokosha,

Anoda tsoka dzifambe

Nesimba mazuva ose

4. Anoda miromo kuti

Itaure zvakachena;

Ndangariro, pfungwa, zvose,

Zvimufadze, Ishe wangu.

5. Anoda uduku hwangu,

Nokuvavarira idi;
Nezvandigona zvose

Izvo zvingamushandire.

6. Ishe,kwamuri ndouya,

Ndofara kukushandirai;

Mondipa zvandichaita;

Ndokupai upenyu hwangu.

# Called From Above I Rise

1. Ndiri kudaidzwa

Kuti nditsveniswe;

Patsime pandinoenda

Ndingashambidzike.

2.
Rine mvura tsvene,

Tsime refu, bamhi;

Rakazarurwa kare

Nepfumo reuto

3. Ndinonzwa mumweya

Mvura youpenyu;

Ndinofara kuparidza

Ruponiso urwu.

4. Mweya unodisa

Kuti ufadziswe

Noruponiso rwaJesu,

Zve, nokuva wake.

# NDIMI NZIRA: TINOUYA

1. Ndimi nzira: tinouya

Kuti tiponiswe;

Vanoda kutsvaka Baba

simbaVomutsvaga nemi.

2.
3.
Ndimi idi: inzwi renyu

Rinotipa njere;

Munotipa ndangariro,

Nomwoyo mutsvene.

Ndimi upenyu hezere:

Makakunda rufu;

Navanovimba mamuri

Vachakunda rufu.

4. Ndimi chokwadi upenyu:

Tizivisei nzira,

Kuti tiwane upenyu

Husingazopera.

George Washington Doane

# NDOKUSHANDIRAI'ISHE?

1. Ndokushandirai, She
Makazvipira kwandiri?
Basa rangu rashaya simba
Ndichakuparidzirai sei?
Zvino ndiri paMchinjikwa
Pamavambo erose simba,

Ndouya nokushaya kwa ngu,

'She ndikodzere basa renyu.

2. Nzeve hadzinzwe ' izwi renyu,

Maoko ozeza basa,

Tsoka dzobvunda basa renyu

Kuti ndisvike Karivhari.
3. Ndipei simba, Ishe wangu;

Mubise upofu hwangu;

Rutendo mukukahadzika,

Ndigone kukushandirai.

## O MWARI, NDOKUPEIKO?

O God, What Offering Shall I Give?

1. O Mwari, ndokupeiko,

Ishe wedenga nenyika?

Mweya, nenyama gamu'chirai,

Chipo chitsvene, chipenyu,

Kunyange chiri chiduku,

Ndinopa zvose kwamuri.

2. Zvino, kana wangu mweya,

Hausisiri wangu, sva;
Uchengetei uve wenyu,

Ufadzisei, ubvirise;

Mweya wangu uratidze

Kubwinya kwezuva renyu.

3. Tiratidzeiwo zvamuri,

Kuti tigokurumbidzai

Tipei ungwaru, norudo,

Tizadzisei noutsvene

Hunopfuura goridhe,
Hunokunda nyamatsatsi .

4. Ndipeiwo simba roMweya,

Sezvo ndine zita renyu;

Pfungwa dzangu, namabasa,

Mamuri zvigoungana.

Rudo rwenyu, misi yose,

Ngarurumbidzwe Ishe.

## PAM'CHINJIKWA WAJESU

1. PaM'chinjikwa waJesu,

Ndinoda kugara,

Mumumvuri wedombo

Munyika yenyota;

Musha wedu murenje,

Bumhudzo panzira;

Patinotura zvose,

Patinotonhodzwa.
2.
PaM'chinjikwa wajesu,

Ndinoona mumwe

Wakandifira ini,

Andidzikinure;

Ndonoonazve zviviri

Zvinondishamisa,

Rudo rwake rukuru,

Nokwangu kuipa.
3. Ndogara mumumvuri

WoM'chinjikwa waShe;

Ndinofadzwa nezuva

Repauso hwake;

Handichada zvenyika

Kana kupundutswa,

Ndazvidza zvivi, asi
Ndoda Muchinjikwa.

Elizabeth Cecilia Clephane

1. Pane nzira ine minzwa

Neduku yakananga,

Inonzi nzira yebasa;

Inoenda kudenga.

Tichafamba munzira'yo,
Towana zvatinoda,

Parukova rwetsitsi

DzaMwari rwunoyerera.

Nenzira yebasa

Dzoyerera ngoni dzaMwari;

Nenzira yebasa

Dzoyerera ngoni dzaMwari.

2. Ndiyo nzira youtsvene,

Inzira yorufaro;

Kunyangwe ine matombo

Nenhamo nezvinetso,

Asi nzira 'yo yebasa

Yakafambwa naTenzi,

Norudo runoratidza

Nzira yokunaMwari

3. Ngatifambe nayo nzira

Takatarisa zuva;
Totakura nhamo dzedu,

Tipedze zvatatanga.

Rwizi rwengoni dzaMwari
Rwoyerera panzira,

Tinganwe tisimbaradzwe

Kumitoro yemisi.

# Yes, There Flows A Wondrous River

1.
Rukova runoyerera
Kushambidzwa vakaipa;
Runosunungura mweya,
Runobisa zvakaipa.
Takakombwa norukova,

Runesimba noutsvene hwaMawari

Rungapindure mutadzi wose,

Runobva kuna Mwari

2.
Vanotsvaka rwizi urwu,
Vanowana zvavanoda
Runorapa vanorwara,
Kana vachirutenda
3.
Makawana rushambidzo
Murukova urwu here?
Makabisirwa mitoro
Inotambudza here?
4.
Murikunonoka sei
Muchiri muzvakaipa
Kana materera Mwari
Munozosunungurwa.

1. Shanda, upedzwe masimba

Kuita chido chaBaba;

Nzira yakafamba Tenzi,

Iwe muranda, fambawo.

2. Shandaka, kwete, zvenhando,

Wako mugove, idenga;

Kusapembedzwa, zvinei,

Uchapembedzwa naTenzi.

3. Shanda pano zvikwanire,

Ishe achakupembedza;

Mwoyo wako, uchafadzwa;

Basa harive renhando.

4. Shanda zuva richipenya,

Rima rosvika usiku;

Kasika kurasa nungo,

Ndonzira kuwana Mweya.

5. Vanhu vanofa murima

Guva roshaya tariro;

Vheneka chiyedza kwese,

Chiedza munhamo tsvuku.

6. Shanda, rinda nom'teuro,

Ngwarira kuwana vanhu;
Enda munzira dzenyika,
Uya navadzungairi.

# GAM'CHIRAI MWEYA WANGU

Take My Life Nd Let It Be

1.
Gam'chirai mweya wangu,

Nahwo upenyu hwangu;

Gam'chirai misi yose

Zvose zvirumbidze 'She.
2.
Maoko agamu'chirwe

Basa renyu riitwe;

Gam'chirai tsoka, Ishe,

Kuti dzikumhanyirei.

3.
Gam'chirai izwi rangu

Riimbire 'She wangu,

Mugam'chire muromo,

Uparidze Mambo.

4.
Gam'chirai mari yangu

Yandinayo ndeyenyu;

Gam'chirai ndangariro,

Itai basa nayo.

5.
Gam'chirai kuda kwangu,

Kuti kusave kwangu;

Gam'chirai ndangariro,

Itai basa nayo.
6.
Gam'chirai rudo rwangu,
Pfuma dzarwo ndedzenyu;

Ndigam'chirei ndimene,

Ndozvenyu zvangu zvose.

Frances

# ’SHE JESU, NDINODA

1. ’She Jesu, ndinoda kuramiswa,

1.
Tora nguva kuti uve mutsvene,
Ndinoda kuti mugare mandiri’

Ugare maari, taura naye;
Bisai zvivi zvose,mukunde mhandu;

Uve shamwari yevana vaMwari,
Mundishambidze, ndichene sechando
Utsvakewo makomborero ake.

Ngandichene, ndichene sechando,

Mundishambidze,ndichene sechando.

2. ’She Jesu, zvose zvisingafanire,

Neropa renyu ngazvitsveniswe;
Ndinosiya zvose ndicheniswewo;
Mundishambidze, ndichene sechando

3. ’She Jesu, ndomira ndichishirira,

Mukati mangu sikai mwoyo mutsva;
Kune vanotsvaka hamurambe, sva!
Mundishambidze, ndichene sechando.

4. Rutendo runondipa ropafadzo,

Mweya wangu chimurumbidza Ishe;
Kuteura kwangu kune mhinduro,

Ropa rinondichenesa sechando.

2.
Tora nguva ona nyika yopfuura,

Iva muchivande naJesu woga;

Ukamutarisa wova saiye,

Mauri shamwari dzoona Ishe.
3.
Tora nguva kuti utungamirwe,

Usamupindire pamberi pake;

Murufaro nenhamo tevera ’She,

Usazozvinonotse, famba naJesu

4. Tora nguva kuti uzvidekadze;

Kufunga nezvido zvitongwe naye;

Utungamirwe noMweya worudo,

Uchagadzirirwa basa kudenga.

## ANGAFE HERE MUTADZI?

1.
Angafe here mutadzi?

Jesu waturikirwei?
Kuchema uko ndokwei?

Anonamatira imi:
Baba muvaregerere,

Nokuti havandizive

2. Jesu wakabva kudenga

Kuti atidzikinure;

She werudo runogara,

Kuti nyika iponiswe,

Mweya uve mupuputi

Wo kuti makafira ini.

3. Gwayana rokununura

Nokutambudzika kwenyu,

Nokusuwa paM'chinjikwa
Takacheniswa zvachose,

Kunyadzwa, neropa renyu,

Bisai, mubise zvitadzo.

4. Ndisvipure tsoka dzenyu,

Dzishambidzwe nemisodzi;

Ngandiudze rudo rwenyu,

Munzeve dzavo vatadzi;

Kuti vose vaponiswe,
Nokuti ndanzwirwa tsitsi.

5. Rudo rwenyu rwundimutse,
Rudo rwenyu rwepachena;

Kuti vakaipa vose
Vanzwe tsitsi dzandiwana,

Kuti vose vaziviswe
Rudo rwenyu rusingafe.

1.
Harisi remhuka

Ropa paAtari,

Ringapere hana rugare,

Nokutichenisa.

2.
NdiKritsu, Gwayana,

Ringabise zvivi,

Zita dzvene, chipiriso

Chinokunda zvose.

3. Norutendo rwangu,

Ndotarisa iye,

Ndiri mudzoki, ndomira

Ndichireurura
4. Ndoringisa shure,

Ndoona mutoro

Wamakatakura, Ishe

Mhaka iri yangu.
5.
Totenda, tofara,

Kutukwa kwabiswa;

Toimba tichirumbidza

Rudo rweGwayana.

1. Ishe neropa rakaparadzwa,
Ndishambidzwe !

Zvino pamhosva yezvakaipa,
Ndishambidzwe!

Ndaive mutadzi wakaipa,
Kazhinji ndakundwa nokui
Asi, nezwi renyu ndinovimba,
Ndishambidzwe!
2. Ndaichema nazvo zvakaipa,
Ndishambidzwe!

Zvidzikinurwe chose neropa,
Ndishambidzwe!

Chivimbiso chenyu ’She ndotenda,
Zvandauya munondigam’chira,
Kuti ndisanyadzwe nokuipa,
Ndishambidzwe!

pa,

3.
Pakukahadzika kunonetsa,
Ndishambidzwe !

Pakutya kwose kunondishusha;
Ndishambidzwe !

Jesu kunyangwe ndisingazive,
Ndichitenda ngandishambidzwe,
Nezwi netsitsi dzenyu ndomira,
Ndishambidzwe !

4.
Kubva mukutya zvinotaurwa,

Ndishambidzwe !

Ndigopupura pasina kutya,
Ndishambidzwe
Ishe , norudo ndisimbisise,
Ndiri wenyu, vose ngavazive;
Kana ndichiyedzwa ngandiimbe,
Ndishambidzwe !

## Look Ye Saints

1.
Tarisai, zvinoshamisa

Kuona Jesu zvino;

Wakarwisa, wakakunda
Vose vanorukudzo.
Ngaagadzwe, ngaagadzwe,
Nengundu yorukundo.
2.
Ngaagadzwe Muponisi,
Wakatipa ruponiso;
Mupe simba routongi,
Achipiwa rukudzo.
Ngaagadzwe, ngaagadzwe,
Nengundu youmambo.

3.
Vaipi vamupa ngundu

Vachimuseka chete;

Vatsvene nadzo ngirozi

Vokudza zita rake.

Ngaagadzwe, ngaagadzwe,

Nengundu yorukudzo.
4.
Inzwai, vano murumbidza,

Varikuimba nziyo;

Jesu anosimutsirwa,

Tose tonzwa rufaro.

Ngaagadzwe, ngaagadzwe,

Nengundu youmambo.

1. Jesu Kritsu, munodiwa,

Ndinoti, muri wangu;

Kana muchiugamuchira

Ndokupai mwoyo wangu.

Hareruya, ndaponiswa,

Ngaritendwe Gwayana;
Ropa rake raparadzwa,
Iro randishambidza.

2. Torai rudo rwangu rwose,

Pfungwa, nendangariro;

Chizadzei chimiro changu

NoMweya wenyu zvino.

3.
Ndinobata nguwo yenyu,

Ndotambidza maoko;

Ndinoda kuti ndipihwe

Kurapwa norunako.

4.
Rudo rwenyu, Muponisi,

Runondizadza mwoyo;

Zvaitwa, ndahugam’chira

Utsvene hwenyu zvino.

5.
Zvino, ndiri munhu mutva,

Noupenyu hutsvene;
Mweya wangu wavandudzwa,
Ndina Kritsu amene.

1.
Jesu mundichengete
Pedyo noM'chinjikwa,
Panoera tsime,
Mvura yokurapa.

Ndofara, Ndofara
PaM'chinjikwa wake,
Kusvikira ndawana
Zororo naIshe.
2.
Ndomira paM'chinjikwa,
Worudo netsitsi;
Wakandivhenekera
Ndiye Muponisi.

3.
Pedyo noM'chinjikwa,

Gwayana raMwari;

Ndiyamure kufamba

Nemi Muponisi.
4.
Ndomira paM'chinjikwa,

Ndichagarovimba;

Kudzamara ndapfuura

Rukova rworufu.

## KINURO

DZI

1. Jesu makave rudzikinuro;

Rudo rwaishamisa!

Rwakabva mumwoyo waBaba,

Kundifira paMuchinjikwa,

Ndinunurwe pakuipa;

Rudo rwaishamiswa.

Rudo rwunoshamisa zvikuru,

Runobva kudenga kum’soro,

Runondizadza, tunondifadza,

Rudo rwaishamisa!

2. Muchinjikwa unotiratidza

Zviitiko zvorudo;

Nengoni ndichamushandira

Narinhi kana ndaponiswa

Makauya kutifira;
Rudo rwaishamisa!

3. Rudo rwake rwonyengetedza,

Rudo runoshamisa!

Kukudavirai ndakaramba,
Asi ’She ndauya kwamuri,

Zvose zvangu ndozvipira

Pamusana perudo.

1.
Riripo tsime rizere
Neropa raJesu;
Vatadzi vakashambamo,
Vowana upenyu.

Ndinotenda, ndinotenda

Jesu wandifira;
Wa ndiparadzira Ropa
Nokundinunura.
2. Iyo mbavha yakafara
Kuona tsimero;
Neni mutadzi mukuru
Ndashamba munaro.
3. Ropa reGwayana raShe
Rine rose simba;
Rokusunungura vose
Pane zvakaipa.
4. Kubvira nguva iyoyo
Yokuona Ropa;
Ndakaparidza kuvanhu
Kuti anovada.

5. Ndichaimba nero shoko

Nguva dzangu dzose;

Nokudenga ndichafara'

Nokusingaperi.

## O Boundless Salvation

1. Ruponiso kwazvo! gungwa rorudo,

Nengoni dzaJesu dzedenga uko,

Dzingasunungure nyika ’yi yose,

Dzokwanira vose, ngandinunurwe.

2. Ndine zvakaipa zvizhinji zhinji

Pamusana pazvo ndine misodzi;

Asi misodzi ’yo haikwanire;

Ndingashambidzike neropa chete

3. Ndasungwa nezvivi, handingakunde,
Zvinondiitisa zvandisingade;

Asi narwo rudo netsitsi dzaShe,
Ndingasunungurwe,ngandinunurwe.

4. Zviripo zviedzo zvinondityisa,
Mumisi yangu handina kufara;
Asi Muponisi angandiite
Kuti ndifadziswe norudo rwake.

5. O Gungwa retsitsi, gungwa rorudo,
Ndaida kupinda mumvura mako.
Zvakare ndauya, ndisadzokere
Ndisati ndapinda kuti ndichene.

6. Zvino ndinopinda muna ’yo mvura
Ndinonzwa M’ponisi achindidana;
Ndinosimbaradzwa ndichishambidzwa;
Ndapinda mairi, yondishambidza.

7. Zvino, Hareruya! Ose mazuva
Anozoshandiswa kumurumbidza,
Iye wakaita gungwa rorudo
Kuti rikwanire ini nemiwo.

# He Was Wounded For My Transgression

1. Mabayirwa mhosva yangu

Dombo rekare kare;

Ndozvivanza kwamuri,

'She, mumaronda enyu.

2. Nemisodzi yemakore,
Haindibatsire;
Ndimi Kritsu munobisa
Zvivi zvangu zvose.
3. Mumaoko handinei,

Ndouya kuna Kritsu;

Zvandiri paMuchinjikwa,

Pamakaroverwa.
4. Mabayirwa mhosva yangu,

Dombo rekare kare;

Ndozvipira kwamuri, 'She,

Mumaronda enyu.
Munyori haazivikanwe

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

## Within My Heart

1. Matakura zvivi, Jesu,
Zvisi zvivi zvenyu;

1.
Zadzisai mumwoyo mangu
Makaripa mhosva, Jesu,

Kurwadzwa nokufa kwenyu;
Isi mhosva yenyu.

Vakashambidzwa neropa,

Vazive ndimi mutongi.
2. Muri munhu anorudo,
Asakambotadza;

Raparara ropa renyu,

Imi,makanaka.

3. Kudarika kwedu kose,
Kwakave kwamuri;

Nezvitadzo zvedu zvose,

Zvakave kwamuri.

4. Kuripo kuregerwa,
Nezvirwadzo zvenyu;

Pakuipa toshambidzwa
Nero ropa renyu.

2. Ndoona uso hwenyu, ’She,
Hwakakuvadzirwa ini;
Ndoshama nengoni dzenyu,
Ndokudai nomwoyo wose.
3.
M’ponisi neropa renyu,
Nyika haindiyevedze;
Kurwadzwa kwomwoyo wenyu
Ngandikugovane nemi.
4.
Pa’Mchinjikwa manunura
Mweya wangu kubva m’zvivi
Pedyo nawo ndichagara,
Ndikudanirei vatadzi.

1. Farisai neni,

Ndaive murombo;

Asi zvino ndahuwana

Upfumi hworudo.

2. Farisai neni,

Ndairwadzwa mwoyo,

Asi ndasangana naye

Anorapa kwazvo.

3. Farisai neni,

Ndaineta kwazvo;

Asi ndawana ruoko
Runo ruyamuro

4.
Farisai neni,

Nokuti ndawana,

Hama inoziva mwoyo,

Asi inondida.

1.
Imbai rudo rweJesu

Tsitsi nengoni dzake;

Mudzimbadzo dzinopenya,

Wotigadzirira nzvimbo.

Tazosvika kudenga

Tichafara zvikuru sei!

Tomuona Jesu

Tichaimba, takunda!

2. Panyika tiri vafambi,

Makore okwidibira;

Kana misi yazopera,

Noupenyu hwapera.
3.
Ngativevanotendeka,

Kuvimba misi yose;

Patichazonomuona,

Wotipa mubairo.
4.
Togam’chira mubayiro

Norunako rwaIshe;

Masuo achazarurwa

Tofamba pandarama.

1. Jesu, Ishe ndinokunda nemi;
Ndinokunda! Ndinokunda!

Mudi wemweya, ndokunda nemi;

Ndinokunda ! Ndinokunda!

Hamunganunure m'tadzi seni?

Hamuna kunditambudzikira?

Makandifira paMuchinjikwa,
Ndinokunda ! Ndinokunda!

2. Hungu, Ishe ndinopira mwoyo

Ndinokunda! Ndinokunda!

Ndichabva kune zvinondisunga,

Ndinokunda ! Ndinokunda!
Ndofara kuti ndikushandire,

Zvose patsoka dzenyu ndoisa,

Ndovimba, ndichirwa kumagumo,

Ndinokunda ! Ndinokunda!

3. Ndichiimba ndichave mukundi,

Ndinokunda ! Ndinokunda!
Ruponiso ruzhinji nderwangu,

Ndichakunda ! Ndichakunda!

Ndofamba ndoshambidzwa muropa.

Mumaoko enyu ndochengetwa,

Murudo rwenyu ini ndinorwa,

Ndinokunda ! Ndinokunda!

4. Pakuguma, ndouya kudenga,

Ndinokunda ! Ndinokunda!
Vose vopembera ndichiuya;
Ndinokunda ! Ndinokunda!
Ngirozi nevatsvene voimba,
Ndichipinda muumambo hwaShe.

Nezwi guru ndoimba kudenga;
Ndazokunda ! Ndazokunda!

## MANGU

There’s A Song That’s Ringing

1.
Ndine rwiyo mumwoyo mangu.

Ndazowana shamwari,

Ndowangu kumagumo,

Kunyange muyedzi achinditeya,

Iye aneni, ndinoziva.

Mumwoyo mangu ndoimba,

Wakandiregerera,

Nokuti wakandida

Ndinoimba ndinoimba,

Nokuti wakandida.

2.
Ndine rwiyo mumwoyo mangu,

Wakandisunungura,
Wakandipa kukunda,

Zvivi zvangu zvashambidzwa

muropa

Wondichengeta, ndinoziva.

3.
Ndine rwiyo mumwoyo mangu,

Ndichaona M’ponisi;

Pamagumo erwendo

Ndichapfeka hanzu chena

sechando,

Ndichagam’chirwa, ndinoziva.

# I Stand All Bewildered

1. Ndinomira ndichishamiswa
Kuona gungwa rorudo,

Rokwidibira mweya wangu,

Sorunyararo rwenjiva.

Muchinjikwa wakwidibira

Zvakaipa zvangu zvose,

Ndovimba naJesu nazvose,

Ndinoita kuda kwake.

2. Ndorwisa kuti nditore
Simba rokusunungurwa;

Asi pandakaguma kurwa,

Jesu wakandinyaradza.

3. Wakandibata, ndikapona,

Mukurwadzwa kwangu kwose.
Ndakabata hanzu yaJesu,

Mweya wangu ukapenya.

4. Ishe worugare wopfuura,
Uso hwangu hwovhenekwa;
Asi, inzwa, anotaura:
“Ndokupa rugare rwangu.”
W.F. Crafts

# WANGU

A Melody In My Heart
1.
Ndiri kuimba mumwoyo wangu,
Rumbo rwounza kufara,
Mutoro wangu wakabiswa,
Zuva ’ro rinofadza.
Mumwoyo wangu,

Ndiri kuimba mumwoyo wangu

Mutoro wezvakaipa wakabiswa

Ndiri kuimba mumwoyo wangu.

3.
2.

Nzira yopenya nguva dzose,
Chishamiso kuti ndasandurwa,

Norufaro, norugare,
Rudo rwake harugume,

Mutoro wanguwo wezvivi,
Murenje’mo rwakandiwana,

Wabiswa paKarivhari,
Mwoyo wangu wofara.

# I Love To Sing

1. Ndoda kuimba zvaJesu

Wakandifira;

Wondizadza norufaro,

Ndinomushandira

Ndoda kuimba.
Ndoda kuimba,
Ndoda kuimba zva Jesu,
Ndoda kuimba.
2. Ndoda kuimba zvorudo
Norunako rwake,

Vose vanofadzwa nazvo.

Kudenga napasi.

3. Ndinoimba zvesimba rake

Rinotisandura;

Kuimba zvoruponiso,

Kunondifadzisa.

1.
Ruponoso! Izwi redi,

Rwunotifadzisa;

Rwunorapa vane zvivi,

Runobisa kutya.
Tinosimudzira mureza,
Uyo worudo pam’soro;
Pasi pawo toramba tichirwa,
Toenda kudenga’ko
2. Ruponiso! ngarunzwike

Nepanyika pose;

Nehondo dzedenga dzose

Dzoti: Ngarukudzwe!

3.
Ruponiso! Rurumbidzo

Ndorwenyu Gwaya
;
na

Mwoyo Yedu nemiromo

Zvofara kuimba.

(verses 1 and 2)

## My Saviour Suffered

1. Wakatifira pamuti,

Ngaritendwe Gwayana!

Uyai tirumbidze She,

Ngaritendwe Gwayana!

Gwayana, Gwayana raroverwa,

Ndinorida zita raro,

Rabvirisa mwoyo wangu,

Garitendwe Gwayana!

2. Watakudzwa mhosva yangu,

Ngaritendwe Gwayana!

Ndapona nezita rake,

Ngaritedwe Gwayana!

3. Ndoziva ndaregererwa,

Ngaritendwe Gwayana!

Ndiri kuenda kudenga,

Ngaritendwe Gwayana!

4. Ndicharamba ndichiimba,

Ngaritendwe Gwayana!

Kuti Jesu wandifira,

Ngaritendwe Gwayana!

## Precious Promise

1.
Chivimbiso chakakosha,

Chakapiwa naMwari,

Kumufambi wakaneta:

Ndiri Mutungamiri.

Ndotungamira, ndotungamira,

Ndotungamira neziso rangu;

Nzira yose yokudenga,

Ini, ndichakutungamira.
2.
Kunyange une zviedzo,

Shamwari dzinotiza;

Bata chivimbiso icho:

Neziso ndotungamira.
3. Kana makore atora
Tariro nokuvimba,

Yeuka chakavimbiswa:

Neziso ndotungamira

4. Upenyu hwava kupera,

Kana kwasviba kufa,

Mutungamiri wokudana

Neziso ndotungamira.

# I Shall Not Fear

1. Handingatye kunyange makore ouya:

Mwari wangu ane hanya anondinzwa,

Kunyange madutu achindivhundutsira,

Ini ndiri mumaoko ake.

Ndiri mumaoko ake;

Mune zvinouya,

Ndiri wake;

Mazuva emberi,

Akarongwa naye,

Nzira uechokwadi

Kuva naye.

2. Nyangwe ndisingaone nzira mberi kwangu,

Ndichangotevera mirayiro yake;
Ndine rutendo rwakasimba

Ini ndiri mumaoko ake.

3. Kare wakandipa zvaindikwanirawo,

Kana ndazvipira kubasa rorudo,
Ndinokahadzika nei kuti aripo

Kana ndiri mumaoko ake?

Stanley E. Ditmer

# O For A Heart

1. Ndipei mwoyo wokukudza
Mwari Ishe wangu;
Mwoyo wakasununngurwa
Neropa raJesu.
2. Mwoyo wakazvipfavisa,
Chitongero chaShe,
Kritsu paanotaura,
Anotonga chete.
3. Mwoyo wakazvipfavisa,
Mwoyo wechokwadi,
Usingatsaukaniswe
Naiye mugari.
4. Mwoyo unofunga zvedi,
Norudo uzere;
Mwoyo mutsvene, wetsitsi,
Semwoyo wenyu ’She.
5. Mundipe chenyu chimiro,
Uyai ’She, zvino;
Nyorai zita ’dzva pamwoyo,
Rinonzi rorudo.

# ISHE. MURI CHIPOTERO

1. Ishe, muri chipotero.

1.
Jesu, mudi womweya,
Kana mweya uchitya;

Kwamuri ndotizira
Munogona kusimbisa,

Mvura ichi shinyira,
Padutu rine hasha.

Mhepo ichivhuvhuta.
Ndokutendai, ndokutendai,

Ndivanzei, Muponisi,
Muchagarondibata.

Padutu roupenyu;

Ivai mutungamiri,
2. Dzimwe nguva dzapfuura,
Gam'chirai mweya wangu.
Handina kumbotenda,

Zvaasakaona meso,

Handina kuzvitenda.

Ishe Jesu, Ishe Jesu,

Ndidzidzisei kuvimba.

3. Ngandikunde nokutenda,

Ndave pakukundika;

Rutendo runosandura,
Kurwa kuve kukunda.
Ngandikunde, ngandikunde,

Ndisingazive kutya.

2.
Rimwe bako handina,
Ndotsamira kwamuri;
Regai kundisiya,
Ngandinyaradzwe nemi.
Ndovimba nemi chete,
'She, mubatsiri wangu;

Ndidzivirire, Ishe,
Namapapiro enyu.
3.
Kritstu, ndokudai chete,

Zvose zviri mamuri;
Simbisai vakaziya,
Ponesaiwo zita dzvene,

Munaro zita dzvene,
Ini, ndiri mutadzi;
Nokuipa ndizere,
Mune idi nengoni.
4.
Munadzo tsitsi zhinji
kuregerera zvivi,
Rukova rwokurapa,
Rwundirape mukati,
Muri tsime ro'penyu

Ngandizadziswe nemi,
Garai mumwoyo wangu,
Imi, rinhi narinhi.

-

# When Peace Like A River

1. Kana nzira yangu ino rugare,

Kana zvisuwo zviripo,

Panzvimbo dzose makandidzidzisa

Kuti zvakanaka mumwoyo.

Rugare mumwoyo

(pamidza)

Runyararo mumwoyo wangu.

2. Kunyangwe satani achindinetsa,

Ndiyeuke dzose nguva;

Kristu anoziva zvandinoshaya,

Akandiparadzira ropa.

3. Kristu muri wangu, noupenyu hwangu

Kana ndasvika pakufa,

Handichazotya nokuti ipapo,

Rugare rwenyu muchandipa.

4. Ishe, togarira kuuya kwenyu,

Patichaenda kudenga;

Zvofadza sei kunzwa izwi raShe,

Richipa mwoyo kuzorora.

## Simply Trusting Every Day;

1. Kuvimba nguva dzose

Mumatambudziko ose

Kunyange nokutsamwa

NaJesu ndinovimba.

Kuvimba nguva dzose,

Kuvimba misi yose,

Kune zvinoitika,
NaJesu ndinovimba

2.
Mweya wake wopenya,

Mumwoyo une rima

Naye handichazowa,

NaJesu ndinovimba

3.
Munzira ndinovimba

Murima ndoteura;

Munjozi ndomudana,

NaJesu ndinovimba

4.
Muupenyu ndovimba

Murufu ndichavimba,

Kudenga ndichapinda,

NaJesu ndinovimba.

# M'PONISI JESU, ANONDISHAMISA

He Hideth My Soul

1. Muponisi Jesu, anoshamisa,

Anondishamisa kwazvo!

Anovanza mweya wangu mudombo
Mune hova dzorudo

Anovanza mweya wangu mudombo

Riri munyika yenyota ;

Anovanza upenyu nomurudo,

Noruoko wondivanza.

2. Muponisi Jesu anoshamisa,

Mutoro wangu wobisa;

Wonditsigira, handitsukunyudzwe,
Wogarondipa masimba.

3. Wondiropafadza panguva dzose,
Ndozadzwa noMweya M'tsvene;
Ndoimba, ndofara : Rumbidza Mwari !
Iye Mununuri wangu.

# What A Fellowship

1. Mukuwadzana, ndinofarisa,

Ndotsamira maoko ake;

Ndokomborerwa norunyararo

Ndotsamira maoko ake.

Ndotsamira,

Kubva kunjodzi dzose;

Ndotsamira,

Ndotsamira maoko ake.

2. Zvinofadzisa ndiri parwendo,

Ndotsamira maoko ake;

Nzira youpenyu zuva nezuva,

Ndotsamira maoko ake.
3. Ndovhundukei, ndogotyeiko?
Ndotsamira maoko ake;
Ndokomborerwa, pedyo naIshe,
Ndotsamira maoko ake.
)
-

1. Mwari, Baba, ndatsauka

Kubva kumusha, murima;

Ndidzidzise kutaura:

Kuda kwenyu ngakuitwe!

2. Muchida upenyu hwangu,
Ndohwenyu, hausi hwangu;

Ndodzorera zvenyu, Jesu:

Kuda kwenyu ngakuitwe!

3. Chirwere chikaparadza

Upenyu hwangu panyika,

Ndichazoti kuna Baba:

Kuda kwenyu ngakuitwe!

4. Ropafadza mwoyo, Ishe,

Tumira Mweya Mutsvene,
Ndovimba nemi nazvose:

Kuda kwenyu ngakuitwe!

5. Kuda kwangu kuvandudzwe,

Kuti nokwenyu kunzwane,

Bisa zvisingayamure:

Kuda kwenyu ngakuitwe!

1.
Ndichifunga nezvenyaya,

Kukundika nenhamo;

Matambudzo noupofu,
Zvabva mukusatenda!
Kazhinji ndakundika

Nokuti handitendi.

Rwakadzikisa, rwakakurisa,

Tinochemera rutendo rwa’She.

2. Ndingashame kukundika?

Ngingashame ndichiwa?

Ndaikunda norutendo

Dai ndakatendeka;

Ndichinge ndapererwa,

Simba rake rokunda

3. Kungoni dzisingagume,

Ndononokei’ko?

Kusimba risingagume,

Ndoreva zvangu zvose,
Pfuma yose yedenga
Norutendo ndezvangu.

4. Hungu, ’She, ndichavimbika,
Ndogara murutendo,
Ndichiziva muri pedyo,
Mondiita ndikunde;
Jesu kana muripo,
Handizotyi narinhi.

## MAMBO

1. Ndogara pamhiko dzaKristu Mambo

Rinhi narinhi apiwe rukudzo;

Ngaarumbidzwe, ndinoimba rumbo,

Ndogara pamhiko dzaMwari.

Ndinogara!

Ndogara pamhiko dzaMwari M'ponisi;

Ndinogara!

Ndogara pamhiko dzaMwari.

2. Ndogara pamhiko dzisingakundwe ,

Kana dutu nokutya zvindibate;

Nezwi benyu raMwari ndichakunda,

Ndogara pamhiko dzaMwari.

3. Ndogara pamhiko dzaKristu Ishe,

Ndasungwa norudo narinhi wose,
Nebakatwa roMweya ndingakunde,

Ndogara pamhiko dzaMwari.

4. Ndichigara pamhiko handingawe,

Mweya wondidaidza nditerere,

Pana Muponisi ndingazorodzwa,

Ndogara pamhiko dzaMwari.

5. Ndichigara pamhiko ndingaone

Kuti muropa'ro ndingashambidzwe;

Kristu akaita ndisununguke,

Ndogara pamhiko dzaMwari.

1. Ndipei rutendo kubisa

Makomo o'upenyu hwangu;

Mundipe rudo rwomwana

Rwokushandira 'She wangu;

Rudo rwenyu ngarukunde

Mwoyo wangu munazvose.

2. Ndoda chido chakasimba,

Ndipeizve kutsungirira,

Vaponiswe vakaipa,

Vabvutwe kubva mukufa,

Varegerwe naMwari

Vanunurwe noM'ponisi.
3. Ngandisaparadze nguva,

Asi, kushandira vamwe;

Misi igoshandisirwa

Avo vasingamuzive
Ndishande nom'towo wavo

Rudo rwenyu ruve navo.

4. Zvipo zvangu zvose, Ishe,

Mumaoko zvigam'chirei

Ndigare ndichiparidza
Zita renyu ndorikudza;

Nguva yangu ngaipere

Mukuparidza Jesu 'She .
5. Ndizadzisei mwoyo Ishe
Norudo rwenyu rweDenga;
Kuti ndisimbararezve,
Ndivade sokwenyu kuda;
Kuti ndigogarufudza,
Makwai amakafira.

## I'm Pressing On The Upward Way

1. Ndiri kuenda kudenga,
Ndokwidza musi nomusi,

Ndichifamba, ndonamata,

Ishe ndikwidzei pashongwe.

Ndisimudzei, ngandimire

Norutendo rwokudenga,

Kuzere rudo, rufaro,

Ishe, ndikwidzei pashongwe

2. Mwoyo wangu haudise

Kutya nekukahadzika;

Vamwe vogara mazviri,

Ini ndouya kushongwe.

3. Ndingade kubva mumhute,

Ndizorore mukuyedzwa;

Pam'soro pane rugare

Rwavanogara pashongwe.

4. Ndoda kukwira pam'soro

Nyangwe nzira ine dutu

Ndichikwira, ndichaimba:

Nditungamire kushogwe.

5. Nditungamire kugomo,

Handifambe ndisinemi;

Kudenga 'ko ndotarisa,

Ndotenda ndiri pashongwe.

Charles H. Gabriel

1. Ndotarisa makomo,
Ariko mberi kwangu;
Anosvevera denga,

Anondipa kubwinya
Akadyarwa naJehovha
Nesimba rake omira,
Ndotarisa makomo
Wodana mberi kwangu.
2. Meso oona shongwe,
Tsoka dzinomirapo;
Rutendo ndirwo chete,
Rwoona zviri mberi.
Rwakareba semakomo
Namakwidza anorema
Ndotarisa makomo
Kunobva rubatsiro
3. Ndiri pamakomozve,
Ndobva kune zvenyika
Ndosvikapo pashongwe,
Pasina chondikunda
Ndoona ndiri pashongwe
Nyikayo yechipikirwa,
Ndotarisa kum’soro,
Mwoyo woona denga.
Enerst Rance

1. Norudo rwaMwari, Ishe

Zvichanaka;

Ngoni dzake hadzipere,

Zvichanaka

Ropa rake rinokosha

Ngoni dzake dzakakwana;

Noruoko rune simba

Zvichanaka

2. Napatinotambudzika,

Zvichanaka ;

Tichaona kununurwa,

Zvichanaka!

Tichafara nokuimba

Mapudzi tichabereka

Totungamirwa noMweya

Zvichanaka

3. Netariro yamangwana,

Zvichanaka;

Tichaimba norutendo,

zvichanaka!

Tovimba naBaba wedu,

Wotipa zvatinoshaya;

Muupenyu, nomukufa,
Zvichanaka.

1. O Mwoyo, zorora

Baba vanoratidzwa

Murudo rwaTenzi,

Mubasa rake rose;

Chifamba munzira,

Mweya wosununguka;

Rugare rwaIshe

Ngaruve kwamuri.
2. O Mwoyo, zorora,

Nomumatambudziko,

Murufu, muviri

Uchengete rutendo

Rima riri mberi

Ngarisambokutyisa.

Rugare rwaIshe,

Ngaruve kwauri,

3.
Wakatungamira,

Nzvimbo kugadzirira;
Uchatungamirwa
NoMweya Munyaradzi.
Mumwoyo waBaba,
Uchave musha wako;
Rugare rwaIshe,
Ngaruve kwauri.
-

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

## RUNYARARO, MUNYIKA YERIMA?

Peace, Perfect Peace?

I'm in his hands!

1. Rega kumirira izvo zvinoshamisa,

1.
Runyararo, munyika yerima?
Usanonoke nechiedza;

Ropa raJesu roti: nyarara.
Mukuita basa umire pachokwadi
Uvhenekere pauri.

2. Runyararo, mukumanikidzwa
Vhenekera pauri

Kuita kuda KwaShe, rugare
Vhenekera pauri,

Uyo ari kure naJesu agone,

3. Runyararo, uri mukusuwa?

Vhenekera pauri.

Pachipfuva chaJesu, zorora.

2. Pane rima ungabatsire kuri kunda,

Usatadziswe nokuzvida;

Ungafadze mwoyo womumwe nokuimba,
Uvhenekere pauri.

3. Mwari wovimbisa vanotevera shoko,
Usatadziswe nezvitadzo,

Pachiso chinopenya ngavaone Ishe,

Uvhenekere pauri.

4. Runyararo, kure navadiwa?

Muna Jesu tochengetwa, navo
5. Runyararo,zvemberi irima?

Jesu ari pachigaro chake.

6. Runyararo, rufu kwese kwese?

Jesu wokunda rufu nesimba.
7. Zvakwanira: nhamo dzichapera,

Jesu wotidana kurugare.

Edward Henry Bickersteth

1. Rutendo rwamadzibaba!

Vari mujeri, mumoto;

O mwoyo inofarasei,

Tichinzwa izwi rinoti:

Rutendo rwamadzibaba!

Ndorwedu dakara rufu.

2. Mujeri, vakakandwamo,

Vasingarohwe nehana;

Asi vechizvrwa chavo.

Saivo,vachafira ’She.

3. Rutendo rwamadzibaba!

Ndudzi dzose, rwuchakunda;

Nechokwadi chake, Mwari,

Marudzi osununguka.

4. Rutendo rwamadzibaba!

Rwokunda mhandu nehama;

Tichaparidza zverudo,
Namabasa enduramo,

Rutendo rwamadzibaba!

Ndorwedu dakarakufa.

1.
Tariro yangu imire

Paropa raJesu, Ishe

Handichazovimba mumwe,

Ndovimba nezita raShe.
Kristu ibwe pandinomira,

Kwose kumwe kune jecha.
2. Uso kwake hwapfidigwa,

Ngoni dzake dzozorodza
Napadutu roupenyu

Ndabatwa naIshe wangu.
3. Mhiko nevimbiso dzake
Zvinotsika mumurove;

Ndarasikirwa nazvose,

Iye ndichavimba naye.

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

## ’Tis So Sweet To Trust In Jesus

Saviour, Lead Me

1. Zvakanakisa kuvimba
Neizwi rake, Jesu;

1. Ishe, nditungamirei,

Nomuchivimbiso chake,

Ndirege kurasika;
Kuziva “Ishe wati”.

Ndinovanzwa nemi,

Ndichagara murudo

Jesu, ndinovimba nemi;

Ndinogarozviziva !

Jesu, Jesu, makanaka!

Nengoni ini,ndichavimba.

2. Zvitsvene kuvimba nashe;

Nokusiya kuzvida;

Ndichitenda kuna Jesu,

Upenyu, norufaro.

3. Ndofara kuvimba nemi

Jesu, M’ponisi, hama!

Ndoziva kuti muneni

Kusvikira magumo.

William J. Kirkpatrick

Guidance

Tungamirai!
Kuti ndisarasike,
Munzira youpenyu,
Nditungamirei, Ishe.
2.
Muri bako romweya,
Padutu roupenyu;

Ndokunzwai muri pedyo,
Netsitsi ndichavimba
3.
Ishe nditungamirei
Kana dutu rapera;
Kunyika yokudenga,
Kusina nemisodzi.

1. Jesu, nditungamirei

Mudutu roupenyu;

Handione pamberi,

Ngozi, nhamo dzemberi,

Ndimi mutungamiri,

2. Semwana wonyaradzwa,
Jesu nditungamirei

Munganyaradze dutu,

Mafungu anokunzwai

Mukaati : Nyarara!

Ndimi, Ishe, wegungwa,

Jesu, nditungamirei.

3. Ndave pedyo nomusha,

Nezviedzo zvowanda,

Musha uri mhiri ’ko,

Ndozendamira nemi,

Ndonzwa voti : Usatye!

Ndinokutangamira !

## He Leadth Me

1.
Jesu wanditungamira,

Mazwi aya andifadza,

Zvose izvo zvondoita,

Ndotungamirwa naIshe.

Anonditungamira,

Wondibata noruoko;

Ndichazova muteveri,

Ndotungamirwa naIshe.
2. Munguva dzokutambudzwa,

Nomunguva dzokufara;

Murugare, nomunhamo

Ndotungamirwa naIshe.

Ndobata ruoko rwa’She
3.

Handinyunyute narinhi;

Mwoyo wofadzwa nazvose,
Ndotung amirwa naIshe.

4. Kana ndapedza mabasa,

Ndakunda nengoni dzake;

Handichazorutya rufu,

Ndotungamirwa naIshe.

1. Muhondo yaJesu tiri pamwechete

Kurwisa simba remhandu;

Tokunda satani, towana vatadzi,

Touya navo kuna Jesu.

Ndinorwira Jesu chete,

Napanhamo, napadutu,

Ndotevera nzira yaShe,

Ndinorwira Jesu chete.

2. Tinoenda kundorwa nechakaipa

Tinoda vatadzi vose;

Tichizivisa vezva Ishe Jesu,

Nokuvakokera kunShe.

3. Jesu wakatida wakafira vose

Wakafa kutiponisa;

Asi wakamuka, kuvaregerera

Vanodana kuzita rake.

4. Kunyange torwa nemhandu dzine simba,

Tinotsunga kudzirwisa,
Nokuti kurwa ndokwa’She, Samasimba

Nesimba raMwari tukunda.

1. Muponisiachitungamira

Ndakachengetedzwa kuna zvose;

Mudutu rehasha wandivanza

Mumaoko aMwari

Mumaoko aMwari

Mumaoko aMwari,

Handizotyi ndakachengetedzwa,

Mumaoko aMwari.
2. Mumaoko ake ondibata,

Izwi rake richandinyaradza

Ndochengetwa, Ishe wondibata

Mumaoko aMwari.
3. Wondichengeta, haandisiye

Murudo rwake handindabviswe;

Wondichengeta munazvose;

Mumaoko aMwari.

(CLH)

E.S Lorenz (Music arr.)

1. Pamwenje waMwari wedu,

Ndofamba, ndiri kufamba;

Panzira yaTenzi wedu,

Ndofamba ndiri kufamba.

Hanzu chena yokukunda,

Musha wangu wakanaka,

Mubayiro, nokufara,

Ndowana kudenga.

Jesu Muponisi wangu

Wakandishambidza,

Wakandifira paKarivhari,

Norudo rwakanakisa ndogaroimba,

Ndinogara patsime roMuponisi.

2. Ndokunda hondoyezvivi,
Ndofamba ndiri kufamba;
Nesimba roM'ponisi,
Ndofamba ndiri kufamba.
3. Nesimba roMweya wake,
Ndofamba ndiri kufamba;

Ndokunda mukurwa kwose,

Ndofamba ndiri kufamba.

4. Ndinozoenda pamberi,

Ndofamba ndiri kufamba;
Ndichiparidza zvaMwari,
Ndofamba ndiri kufamba.

Robert Johnson

1.
Ndichitungamira naShe,

Ndingashaiweiko?

Ndingakakahadzike here?

Achinditungamira.

Kugarika kwohutsvene

Ndokwake norutendo.

ndowirwa nenhamo
Nyangwe
Jesu wondiyamura.

2. M'ponisi wotungamira,
Anochenesa nzira,
Mukuyedzwa wopa ngoni,
Nechingwa wondigutsa.
Nyangwe ndoda kuwa pasi
Mweya wave nenyota,
Mberi ndinoona Dombo
Retsime rorufaro.
3.
M'ponisi wotungamira,

O rudo rwake rwose,

Ndinovimbiswa zororo

Mumba maBaba wangu,

Mweya wangu usasafe

Ndopinda muchiedza,

Ndoimba ndichiti : Jesu,
Wakanditungamira.

# Guide Me, O Thout Great Jehovah

1. Nditungamirei Jehovha,

Ndichifamba parwendo;

Ini handina masimba,

Ndibatei ruoko;

Muponisi !
Ndipei masimba enyu.

2. Zarurai tsime remvura,

Mvura yokuponisa;

Ndipeiwo kuvhenekerwa

Kwomwenje waJehovha
Mununuri !
Muchandidzivirira.

3. Ndasvika pakufa kwangu,

Buritsai kutya kwangu;

Ngandipinde denga renyu,
Nokubatidzwa kwenyu

Ndichaimba !

Nziyo dzokurumbidza.

# I Must Have The Saviour With Me

1. Ngandive noMuponisi,

Handingafambe ndoga;

Ngaasedere kwandiri,

Naiye ndigobatwa.

Mweya wangu usingatye

Ngaanditungamire,

Ndoenda, ndisingarambe

Kuita kuda kwake.
2. Ngandive noMuponisi ,
Handichina rutendo,
Angataure kwandiri,
Mazwi orunyaradzo.

3. Ngandive noMuponisi,
Ndichifamba panyika;
Mumatambudziko makuru,

Kana mukufadziswa.

# Lead, Kindly Light

1. Tungamirai murima renyika

Tungamirai !

Ndiri kure kure nokumusha,

Tungamirai !

Ndisimbisei, handidi kuona

Zviri mberi : asi nhamo chete.

2. Ndinonyengetera bedzi k uti,

Tungamirai !

Ndaita kuda kwangu, zvino

Tungamirai!

Ndaida zvinhu zvose zvenyika,
Ndaizvida : chindikanganwirai.

3. Nesimba renyu ndakomborerwa;

Tungamirai !

Pamatombo nedutu, usiku

Hupfuure;

Mangwanani ndigam’chirwe ini
Nezviso zvavo, vadiwa vangu.

## Saviour, Like A Shepherd

1. Titungamirei numutsa,

Mufudzi tichengetei;

Pamafuro akanaka,

Mumipata tifudzei.

Jesu wedu
Makatitenga, Ishe.
2. Tiri venyu mutibate,
Ivai mudziviriri;

Dzivirirai mukuedzwa,

Titsvake, varasiki

Jesu wedu
Tinochema kwamuri.

3. Chokwadi motigam’chira,

Isu tiri vatadzi;

Mune tsitsi mune simba

Tishambidzei nengoni

Jesu wedu

Ngatiuye kwamuri.
4. Ngatitsvake ngoni dzenyu;

Tiite kuda kwenyu;

Ishe wetsitsi nomutsa

Tizadzisei norudo

Jesu wedu

Munotida kwazvo.

## ISU TINORWA NASATAN’

1. Isu tinorwa naSatan’

Tichakunda ! Tichakunda !

Vanhu vachanzwirwa tsitsi.

Tichakunda ! Tichakunda!

Kunyange avo vatadzi,
Ngavazive M’ponisi,
Kuti vagonzwirwa tsitsi;

Tichakunda ! Tichakunda!

Ngativheyese mureza

Mudenga pam’soro pedu,

Neropa raJesu wedu;

Tichakunda ! Tic hakunda!

2. Kunyange Satan’ asimbe,

Tichakunda ! Tichakunda !
Tichiedzwa misi yose,

Tichakunda ! Tichakunda!
Muna Kristu tinovimba,
Muzita rake tinorwa;

Tagadzira kum’shandira;
Tichakunda ! Tichakunda!

3. Mumadutu oupenyu,
Tichakunda ! Tichakunda!
Murima nezvinotyisa,
Tichakunda ! Tichakunda!
Tonzwa izwi rake, Ishe,
Mukutinhira kwehondo
Achiti : mirai nesimba,
Muchakunda ! Muchakunda!

VII

KUGAM’CHIRWA KWEMAUTO

1.
Jesu matitora, matinunura;
Noruoko rwenyu, motidaidza
Kukuteverai; tozadzwa utsva,
Topa zvivimbiso pasi pom’reza.

Tinopira mhiko
Ticharwa! Ticharwa!
Torwa naSatani,
Vamwe vapone.

2. Tine hama pano, hatisi toga
Motisunganidza isu naivo;
Mhiko tochengeta, tiri muhondo;
Toshanda kurwira humambo hwenyu.

3. Ruponiso rwedi, ndicho chinangwa;
Topira miviri, pfungwa nomweya;
Ndotsvaga utsvene, rega kuneta!
Mubasa ndotsvaga, rufaro rwenyu.
-

## I Have Read Of Men Of Faith

1. Ndakanzwa vanotenda

Vakarwa vasingatye,

Vapfeka ngundu dzoupenyu;

Pfungwa yondidzokera :

Ndingave uto here

Kunge magamba asingatye?

Ndichapfeka nhoo,

Enda kuhondo,

Ndotsunga ndikunde,

handidududze,

Muvengi achaziva,

kwose kwandinoenda

Kuti ndinorwira

Jehovha.

2. Ini ndichamirawo

Nomunondo waMwari

Ndonyemwerera mberi kwemhandu;

Ndopfeka ngundu yangu,

Ndotonga kumusha

Kudenga kunopenya kwazvo.

3. Ndova uto mukurwa,
Ndozembera naIshe;

Ndiye simba rondinunura;
Handingabve pandiri,
Rufu rwandisvikira
Kukunda satani ndotsunga.

4. Haungavewo uto
Pamwe neni muhondo?
Hazvibatsire kungogara;
Jesu anoda varwi
Vanorwa vasingatye,
Vovhunduitsa vavengi vaShe.

## Joy, Joy, Joy

1.
Rufaro ! ruri muHondo yoRuponisi;

Rufaro ! muHondo yaIshe.

Imbai kuna 'She, nziyo dzokurumbidza,

Ridzai ngoma, mimhanzi ichiridzwa;

Ridzai mose, imbai nziyo,

Rumbidzai 'She mune rufaro;

Toenda kunyika yorufaro.

Tofara munziramo.
2.
Rufaro ! ruri muHondo yoRuponiso;

Rufaro ! muHondo yaIshe.

Neropa nemoto mauto anokunda,

Neropa nomoto tinesimba, mukurwa;

Ropa nomoto zvinosimbisa,

Vavengi vedu vanozokundwa;
Iropa nomoto zvinotipa

Simba rokukunda.

3
Rufaro ! ruri muHondo yoRuponiso;

Rufaro ! muHondo yaIshe.

Toimba, toimba, vose vachapembera

Tofara, tofara, denga richaungira;

Nengoma dzedu nemimhanzizve,

Mumisha yedu torumbidza 'She,

Kudzamara 'She asvike,

Tinozomukudza.

## ’SHE WORUDO NESIMBA

1. ’She, worudo nesimba,

Panguva ino tsvene,

Tozvipira kwamuri
Nemisi inouya.

2. Tinoda kuterera,
Titume, ’She, kunorwa,
Toenda tisingatye
Kunorwa nomuvengi.

3. Basa mberi iguru,

Totungamirwa nemi,

Muzviyedzo zvikuru,

Nesimba tichakunda.

4. Zvivi, kutya, nenyadzi,
Zvonyangadza muviri;
Rufaro toparidza,

Vatadzi vaunzwewo.

5.
Vadzidzi vakabvuma
Kusiya zvose zvavo;
Pavakafamba napo
Tifambe tisingatye.
6.
Ishe mutungamiri,
Tipei Mweya Mutsvene,
Chengetai tsoka dzedu
Munzira youpenyu.

Doris N. Rendell

1.
Simbai mungoni dzaShe,

Ivai vakarurama;

Tsungai murwire Mwari,

Nemwoyo wose kushanda

Simbai ! Simbai!

Mwari achanda kutya.

2. Simbai mungoni dzaShe,

Gadzirirai kushanda;

Uyai muvayamure

Vose Vanoshaya simba
Simbai ! Simbai!

Disai kuita basa.
3.
Simbai mungoni dzaShe

Irwai nerake simba;

Munjodzi zhinji tsungai,
Shingirirai mukurwa.
Simbai ! Simbai!
Mufarise nokukunda

Walter Henry Windybank

## Onward Christian Soldiers

1. Endai pamberi,

Varwi, vaMwari

Muchitungamirwa

NoM’chinjikwa!

Kristu, Tenzi wedu,

Mutungamiri,

Mireza yaMambo
Iri pamberi.
Endai kundorwa

Varwi vaMwari,
M’chinjikwa waJesu
Uri pamberi.
2. Hondo yaSatani

Yotya M’chinjikwa;

Saka ngatiende

Tinokunda !

Simba raSatan

Rave kupera;

Simudzirai izwi

Rokurumbidza.

3.
4.

VaKristu vofamba

Hondo inorwa;

Tofamba pavaka

Famba vatsvene.

Tiri pamwechete,

Sangano rimwe;
Tariro nerudo
Zvichiri pamwe

Zvoushe zvingafe
Zvinozorova;
Gungano raJesu
Richazogara.
Simba rasatani
Haringakunde,
Chivimbiso chaShe,
Hachikundike.
Fambai vaKritsu
Ngatisanganei;
Mazwi edu tose
Ngaarumbidze
Rurumbidzo rwose
Rupiwe Mambo,
Nokusingapere
Toimba nziyo.
5.

1. Jesu, ipai hondo yenyu
Rusunungukko rwenyu;
Ngatirwe nokuvimbika
Tichikupemberera.
Hareruya! Hareruya!
Tichave nokukunda.
2. Mwoyo yose yemagamba
Nomweya yoshongedzwa;
Tirivo varwi narinhi,
Titumirei kundorwa.
Nomuhondo ! Nomuhondo!
Toshanda misi yose.
3. Vavengi vari kukundwa,
Satani anotiza;
Majoto anodimurwa
Neropa zvoparadzwa.
Tokukudzai ! Tokukudzai !

Torwa dakara tife.
4. Bisai makomo enhamo,
Zvakaipa zvinatswe;

Tishambidzwe paKarivhari,

Mutume ruponiso.

Ndudzi dzose ! Ndudzi dzose!

Todziwana neropa.

1. Kundorwa ! kundorwa! Tadanwa

nemhere;

Ngatiende tose, kana tisingatye;

Onai zviuru zvavo varasiki,

Ndiani woenda nezita raIshe?
Irwai! Irwai !

Irwai ! Irwai !

Nemoto neRopa;
Hatichaneta,
Dakara asvike Jesu.
2. Kundorwa ! Kundorwa ! ndovapiko

varwi?

Anodaidza kuti murwe ndiMwari;
Kunyange hondo yemhandu ichityisa,

Mauto aJesu vanozokunda.

3. Kundorwa! Kundorwa! Inoridzwa
Mhere;
Ndiani anouya kurwira Ishe?
Mwari achatipa masimba makuru,
Ndiani worwa musimba reJesu

4. Kundorwa ! Kundorwa ! munhu wose

inzwai !
Yamura vanofa tsvaka varasika;

Vakadavira kare vanofarisa,

Voimba :nesu toenda kundorwa.

M. Stark

1.
Makore mazhinji zhinji ehondo panyika,

Mureza unoonekwa panokundwa pose;

Pasi pawo tichirwira zvose zvinokosha,

Muzita raMwari, mureza ngaupepere.

Pasi pomureza ticharwa, hatinete,

Mwari woponisa neropa nemoto.

2. Mureza unotaurwa zvihuru zvenguva,
Nyaya yavazvarwa patsva pasi pomuseza;

Vakarwa nasatani vakawana mikombe,

Namavanga avo, asimukundi ndiMwari.

3. Ndiri pasi pawo, ini ndakapira mhiko,

Mwari ndakavimbisa kuti ndive uto;
Kana warira mumhanzi ndichave
ndakunda
Moto, ropa noutsvene zvichandinunura.

4. Mureza unosimudzirwa kundudzi dzose,
Gadzirira hondo yako nouyu mureza;
Kurwisa rima rezvivi kusvikira zuva
Topeta mureza umambo hwako hwouya.

## MAUTO PAM’CHINJIKWA

1. Mauto paM’chinjikwa,

Rwirai, ’She!

Zvideredzwe zvenyika,

Rwirai ’She.

Uyai, mauto!

Takaponisiswa, Uyai nesu,
Tiri vakundi,

Tichakunda zvose.

2. Nezita roM’ponisi,
Rwirai ’She!

Irwai naSatani.
Rwirai ‘She

3. Irwai nukutenda,
Rwirai ’She!

Jesu wopa kukunda,
Rwirai ’She.

4. Kusave anotiza,
Rwirai ’She!

Irwai yose nguva,
Rwirai ’She.

5. Irwai mutendeke,
Rwirai ’She,

Munogokunda zvose,
Rwirai ’She

1.
Mirai namasimba,

Mauto aJesu,

Simudzai mureza

WaMambo mukuru;

Anotipa tikunde

Mhandu dzake dzose,
Kudakara agadzwe
’She wavanhu vose.

2. Mirai namasimba,

Ndizvo madaidzwa;

Budai makasimba,

Nhasi munogorwa.

Chimurwirai Ishe

Murwise vavengi;

Musimbe pane njodzi,

Murwe savatsungi.

3. Mirai namasimba

AJesu ’She wenyu;

Pachenyu hamunawo,

Musafunge enyu.

Shongai zvombo zvaShe,

Mugaroteura,

Kunyange pane njodzi,

Musatye kundorwa.

4. Mirai namasimba,

Hondo ichapera;

Nhasi izwi rokurwa,

Hwedza rokukunda.

Upenyu husingafe

Hwopiwa kum’kundi,

Achagara naMambo,

Narinhi narinhi.

1. Mureza wedu weHondo
Unokwazisa zuva;

Kunopenya mberi kwawo,
Uchawana rukundo.

Fambawo napakuedzwa,

Upupurire Jesu!

Bhururuka mangwanani,

Umutevere Jesu.

2. Umambo hwerima guru,

Hwopera mberi kwaShe;

Kana varanda vezvivi,

Vacharasa majoto

Zviuru zvavo vadzoki,

Voenda kuna Kristu;

Vachapinda muumambo

Hune vana vaBaba.

3. Mureza tokutakura

Nemwoyo inofara.

Tokudzwa mukurwa kwose,

Tofara semauto;
Dzamara vanhu vawande

Muumambo hwaKristu.

Rumbidzai, mukudzei,

Kristu weNazareta.

1. Mureza wopenya

Npakudenga;

Mauto aKristu
Arikufamba:
Tofamba murenje,
Tichinamata.
Nomwoyo mumwechete,
Tiri kuimba.

Mureza wopenya

Napakudenga;
Mauto aKristu
Ari kufamba.
2.
Jesu, Ishe, Tenzi,
Patsoka dzenyu,
Isu vana venyu
Tinofarisa.
Takambokusiyai,
Tikarasika;

Tichengetei, Muponisi,

Munzira tsvene.

3. Chititungamirai

Munzira dzose;

Tiite vakundi

Vemhandu dzose

Dambudzo rapera,

Motizorodza

Jesu makanaka,

Tokuimbirai.

1. Mwari wochengeta mauto,

Tichave vakundi narinhi;

Hondo yezvivi yosangana ,

Tine chokwadi kukunda,
Vanoedza kutikunda

Tichiri kungorwisa,

Mureza uchapepera,

Hatichazokundika.

Kwete, hatizokundika narinhi,

Kwete, kwete, kwete, kwete,

Kwete hatizokundika narinhi,

Ticharwira rukundo mazuva ose

2. Tichatevera Muponisi,

Hondo yezvivi ichatiza;

Varwi havazotyi rarinhi,

Vakatsungirira kukunda;

Pautsvene nedenga,
Hatife takabva

Ticharamba tichingorwa,

Hatichazokundika .

3. Namatama oruponiso,
Toenda kumarudzi ose;

Noruponiso ruzere
Tichandoparidzira,
Tichabvarura satani
Towanira ’She nyika,
Tova vakundi narinhi,
Hatidzokeri shure.

*— entry too long for one page —*
*read this hymn at nziyo.com*

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

1.
Ridzai mhere,
Murwire Ishe,
Mureza waShe,
Simutsai.
Pakati zvombo
Tsungai mose,
Vimbai nezwi
Rake dzvene.
Simutsai mureza waIshe

Paridzai shoko rake
Fambai mberi mumurumbidze

Mutungamiri ndi ye Ishe.
2. Tofamba mberi,
Kurwisa mhandu,
Tichazokunda
Mukurwa;
Mureza wedu
Wopenya kwazvo,
Muchokwadi
Hatingakundwe.
3. Mwari wavose,
Tinzwe todana
Mutiyamure
Nengoni;
Kurwa kwapera,
Isu takunda,
Tipfeke ngundu
Mberi kwenyu.

1. Tambanudza mureza,

Namavara awo;

Anoyevedza kwazvo,

Pamberi pavose.

Shoko nderoupenyu,
Rakabva kudenga;

Shoko roruponiso,
Utsvene norudo.

2. Simutsai mureza
Muna dzose nyika;

Woshevedza vashingi

Nengoni dzaMwari.

Ruponisi rwopiwa

Kuvatadzi vose;
Kumarudzi
Nokusingapere.
epasi,

3. Tomira pasi pawo,

Nengoni dzaJesu.

Murudo rwoutsvene,
Toshamba muropa.

Hondo yoruponiso!

Madanwa kundorwa;

Musanete mukurwa,

Mugadze Kristu ’She.

# PAMUREZA?

1.
Unganidzire zviri pamureza?
Ushora, noutsvuku;
Nohwedenga, namavara ahwo,
Hune shoko reidi.

Simudzira mureza weHondo,

Weropa, nomoto:

Simudzira mureza weHondo,

Unoudza ruponiso.

2.
Utsvuku, ruponiso rwaMwari,
Nokufa kwake Kritsu;
Achifira vemarudzi ose,
Pakayerera ropa.
3.
Ushora, chiratidzo choMweya,
Chezuva rePendekositi;
Akauya nokutikumbira,
Titsvake varasiki.

4. Hwedenga, kududzira utsvene,

Kutsveniswa kuchivi ;

Hasha, kuzvida, nezvepanyika
Zvisagara matiri.

1. Uto rinoenda kundorwa,

Ramba uri m’nhanho.

Usasarire mumashure,

Ramba uri m’nhanho.

Rwendo rurefu rwakaoma,
Njodzi zhinji dzingakutyise;

Utsungirire usatyiswa

Urambe uri m’nhanho.

Ramba uri m’nhanho,

Ramba uri m’nhanho,

Usazorore zvishoma,

Tevera Jesu uch ifara,

Ramba uri m’nhanho

Ramba uri m’nhanho

Uchiwana nzira yave nyore

Ukaramba uri munhanho

2. Uto rega kuva nokutya,
Ramba uri m’nhanho

Tevera Jesu nokufarisa;

Ramba uri m’nhanho.
Famba nechivindi mukurwa,
Mukurwa usadzoke shure,
Vimba naJesu ndiye nhowo;
Chiramba uri m’nhanho.

1. Uyai, ngatiendei kundorwa,

Jesu wotiyamura kukunda;

Torwira Kristu, zvivi torwisa

Tiri Hondo yoRuponiso inoenda.

Inoenda, inoenda

Hondo yoRuponiso inoenda

Mauto aJesu muve nesimba,

Tiri Hondo yoRuponiso inoenda.

2. Uyai ngatikunde vavengi,

Nyika ichapiwa kuM'ponisi'

Tine vavengi, asi tokunda

Tiri Hondo yoRuponiso inoenda.

3. Uyai ticharamba tichirwa,
Tinozovimbika kumureza;
Tichaimba nezvekuponiswa,
Tiri Hondo yoRuponiso inoenda.

3. Uto rinorwira Ishe,
Ramba uri m'nhanho;
Sungira nhowo nebakatwa,
Ramba uri m'nhanho.
Famba mberi, Ishe wodaro,
Wakananga chokwadi, mira.
Enda kunyika yechipikirwa,
Urambe uri m'mhanho

4. Uyai, regai kunonoka;
Nguva yokurwa inopfuura,
Kurwa kwotyisa asi, tokunda,
Tiri Hondo yoRuponiso inoenda.

1. Jesu, norufaro ini ndoimba :

Mununuri wangu, mambo nehama;

Muri wangu chose; zvino ndopira

Upenyu nazvose kwamuri moga.

Zvose ndozvipira, kana zvishoma.

Upenyu nenguva, zvitorei Jesu

Zvose ndozvipira, kana zvishoma

Upenyu nenguva, zvitorei Jesu.

2. Ndinozove murwi, nokurwisana.

Nokuipa kwose, idi kurwira;

Jesu ndiyamurei kutsungirira,
Kuti ndibatsire varasika.

3. Ndichave mufambi, ndisina kutya,

Pane nhano dzenyu ndichatevera;

Pane nzira duku, wotungamira,
Kana kune rima kune’ro zuva.

Gladys M Taylor

# We're A Band That Shall Conquer

1. Naishe tokunda vavengi,
Torwa nesimba roM'ponisi;
Nepfumo roMweya waMwari
Towanira Jesu vatadzi
Ndotenda, tokunda,

Tikarwa nesimba raIshe.

2. Taikunda nezita rake
Vavengi vedu vakatiza;
Ticharamba tichirwira 'She
Tinorwa nepfumo roMweya.
3. Muvengi wedu ane simba,
Kurwa kuchave kukukutu;
Asi Mambo achanunura,
Mukurwa ari pedyo nesu.

4. Tinorwa muzita raMambo
Mureza weHondo womiswa;
Torwira Mwari nenduramo,
Ushe hwasatan' huchakundwa.
5. Tichavimbika kuna Mwari,
Ticharwa muzita raIshe'
Tokunda nomoto neropa,
Towanira 'She nyika dzose.

## NDINOFADZWA NOM'CHINJIKWA

1. Ndinofadzwa noM'chinjikwa

WaKristu, nguva dzose;

Chiedza chenyaya tsvene

Chiri pam'soro pawo

2. Kana ndowirwa nenhamo,

Tariro yondinzvenga,

M'chinjikwa haundirase,
Wopenya norugare.

3. Kana zuva richipenya,

Kupa mwenje panzira,

NoM'chinjikwa wopenyawo

Kuwedzera chiedza.

4. Dambudzo kana rufaro,
Zvonatswa noM'chinjikwa;

Rugare rusina mwero,

Ndorwangu misi yose.

5. Ndinoudzwa nguva dzose,

NoM'chinjikwa waKristu;

Chiedza chenyaya tsvene

Chiri pam'soro pake.

1. Amai nevana,

Vauya kuna Jesu,

Vadzidzi vavadzivira

Vachiti : ibvai.

Asi Jesu ane tsitsi,

Akanyemwerera oti :

Regai vauye vana vadiki.
2. Ndichavagam’chira,
Nokuvafungatira;
Ndichava mufudzi wavo,
Musavarambidze!
Kana vazvipa kwandiri
Vogara neni kudenga;
Regai vauye vana vadiki.
3. Ishe wakapfava
Wakavaropafadza;
Asi zviuru zvavana
Havati vamunzwa;
Havana Bhaibheri rake,
Havazive mazwi ake;
Regai vauye vana vadiki.

4. Tinodisa kwazvo
Kuti marudzi ose,
Asiye zvifananidzo
Vanamate Ishe.
Muvavhenekere, Mwari,
Norudo rwenyu kwavari,
Ngavadzidziswe vauye kwamuri.

William Medlen Hutchings

1. Baba, tinoteurira
Vana vamakapa ;
Toendepi, tatambudzwa?
Kuna ’She wedenga.

2. Hativakumbirire, ’She,
Upfumi hwenyika;
Asi muzita renyu, ’She
Vawane upenyu.

3. Vapeiwo ngoni dzoMweya,
Mwoyo itsveniswe;
Mberi kwenyu vagomira
Vaone zvamuri.

1. Ishe, tinokurumbidzai

Nemwoyo yedu yose;

Namakomborero enyu

Totenda misi yose.

Panguva ino tofara,

Toziva muri pedyo,

Vabereki vanopira

Uyu mwana kwamuri.

2. Ishe, tinoti vapiwe

Masimba noungwaru;

Unyoro nokunzwisisa,

Pakumurera mwana.

Mhiko dzavo dzisimbiswe,

Narinhi pachokwadi;

Pakukura kwake mwana,
Achazodzitevera.
3. Norudo rwakamukomba,
Zvive mugove wake;

Tichazomunamatira,
Murufaro, mukutya.
Mweya wenyu uburuke,
Achipirwa kwamuri;
Muchengetei kune zvivi,
Muzadzei namasimba.

Marjorie Davies

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

1. Jesu muri munyoro,

1. Jesu makapfava,

Ndiri mwana muduku;

Torai mwana,
Mundiitire tsitsi,

Mumunyaradzise
Ngandiuye kwamuri.

Makapfava;

Nokumuchengeta,
2. Ndinoda kuva nemi

Ngaazorore.
’She, musandidzivise;

Akabatwa nemi
Muumambo hwengoni

Akomborerwe.
Ipai nzvimbo kwandiri.

3. Gwayana rakapfava

Ndichengetei nomutsa;

Ndiite sezvamuri,

Garai mumwoyo mangu.

2.
Jesu munorudo,

Dzivirai mwana,

Dzinotityisa.

Asi pane zvose,

Tinonamata ;

Mubisei kuzvivi,

Afambe nemi.
3. ’She, Jesu Mutsvene,
Ivai nomwana;
Muumambo hwenyu
Ngaavepowo.
Apo achikura,
Ngaave wenyu’
Mutungamiririrei
Upenyu hwake.

Flora Larsson

# This Child We Dedicate

1. Tinopira uyu mwana

Kwamuri Mwari womutsa;
Mudzivirirei kumhandu,
Mupei upenyu hurefu

2. Mweya wenyu, umuraye,
Nezvinokufadzai, Ishe;
Runako, nduramo ne'di
Zvitungamire izvi.

3. Isuwo, 'She, tiri venyu;
Kana tiri kure nemi,
Tidzorerei kuna Baba
Mutichengete panzira.

nokunjodzi dzose

1.
Jesu anoda tivhenekere

Sekamwenje kanopfuta murima;

Munyika yerima ngativheneke,

Iwe uri pako, neni pangu

2. Jesu anoda timupenyere,

Anoziva kana mwenje wodzima

Anotarisa kana tichipenya,

Iwe uri pako, neni pangu.

3. Jesu anoda tivhenekere

Panyika pane marima mazhinji;

Zvivi, nokusuwa, ngativheneke,

Iwe uri pako, neni pangu.

(e) DZEVECHIDIKI

# JESU, ’SHE KUDENGA

1. Jesu, ’She, kudenga,

Tipeiwo nzeve;

Tokupfugamirai

Tinzwe vaduku.

2. Noutsvene hwenyu.

Mambo wedenga;

Muchatinzwa isu,
Tokurumbidzai.

3. Tibvisei muzvivi

Zuva nezuva;

Bisai zvakaipa

Kuti tikudei.

4. Tipeiwo masimba

Tichiri pasi;

Ngatipire zvose

Kukushandirai.

5. Kana wotidana

Uko kudenga;
Tichazopindira :
Ishe, touya.

1. Jesu wandida ini !

Rinodaro Bhaibheri;

Nevadiki ndevake,

Achavapa masimba.

Jesu wandida !

Jesu wandida !

Jesu wandida !

Rodaro Bhaibheri.
2. Jesu wakandifira,
Nokuzarura denga;
Wondishambidza zvivi;

Mwana wake ndipinde.

3. Jesu wondida !

Wogara pedyo neni;

Ndikamuda, ndozofa,

Wonditora kudenga.

# JESU WATI NDIVE M'RANZI

1. Jesu wati ndive m'ranzi,

Ndimuvhenekere,

Ndimufadze nguva dzose,

Nakwose kwandiri.

Muranzi, muranzi,

Jesu wati ndive m'ranzi,

Muranzi, muranzi

Ndive muranzi wake.

2. Jesu wati ndide vose,

Netsitsi kwavari;

Ndivaratidze kufara,

Muuduku hwangu.

3. Ndokumbira, Jesu, kuti

Mwoyo usatadze;

Ndigarofunga zvitsvene,

Ndimuvhenekere.

4. Ndichave mwenje waJesu,

Kana ndichiedzwa;
Ndoshanda nguva nenguva,
Ndozogara naye.
Nellie Talbolt.

# When He Cometh

1. Kana Iye achiuya
Kutora zva’noda
Zvinhu zvake zvinokosha,
Vadiwa vake.

Senyeredzi dzechiedza,

Dzepangundu yake,

Vachapenyesa chose,

KeDenga kwake.
2. Achatora zvinokosha
Kuumambo hwake;
Vakachena vanobwinya,
Vadiwa wake.
3. Vana vose, vanomuda
Mununuri wavo
Ndivo vana vakakosha,
Vadiwa vake.

## KANA NDOVERENGA NYAYA'YO

YEKARE

I Think When I Read

1. Kana ndoverenga nyaya'yo yekare,

Apo Jesu ari panyika;

Paakashevedza vana sehwayana

Ndaidisisa kuve navo.

Ndaidawo kubatwa pamusoro,

Ruoko rwake rwaindibata,
Ndingadai ndamunzwawo achiti
Regai vaduku vauye.

2. Pasi pechigaro chake ndonamata;
Ndokumbira rudo rwake,

Kana ndamutsvaka neidi panyika
Ndichamuona kudenga'ko

Kunzvimbo tsvene yaakanogadzira
Yavose vakaregererwa;

Vana vazhinji vachaungana'ko
Ndohwavo ushe kwokudenga.

3. Kune zviuru zvavo vakarasika,

Vasakambodzwa zvokudenga;
Ndinoda vazive kuti kune nzvimbo,
Kuti Jesu anovadana.

Ndinoshuwa rufaro rwenguva iyo,
Kufara kusingataurike,

Kwavachauya vana vendudzi dzose.
Vacharopafadzwa maari.

### There’s A Path That’s Sometimes

Thorny

1. Iripo nzira yeminzwa ,

Nhete yakati tasa;

Inonzi nzira yebasa,

Inoenda kuDenga.

Tichafamba munzira ’yo

Towana zvinodiwa

Ndidzo tsitsi dziri pedyo

NdiMwari anotipa.
Nenzira yebasa,
Dzayerera ngoni dzaMwari;

Nenzira yebasa,
Dzayerera ngoni dzaMwari.

2. Ndiyo nzira youtsvene,

Rufaro norugare.

Kunyange ine matombo

Upenyu hwezvinetso,

Asi nzira ’yo yebasa

Yakafambwa naTenzi,

Norudo tunoratidza

Nzira ’yo kuna Mwari.
3. Ngatifambe na’yo nzira

Totarisa kuzuva,

Totakura nhamo dzedu,

Zvipedzwe zvatangiswa.

Tsime rengoni dzaMwari

Riripo panzira ’yo

Tinganwe tisimbaradzwe

Kutakura mitoro.

# UCHIRI’YE MUDUKU, YEUKA MUSIKI

1. Uchiri ’ye muduku, yeuka Musiki;

Utsvake ruponiso, akutungamire;

Upenyu hune nzira dzinorasikisa

Kubva kunzira tsvene neyokururama.

2. Zvakanaka kutsvaka uchiri muduku,

Usati mwoyo wako watsvaka zverima;

Chokwadi, chakaipa chinotsaura

Kubva kwaari, iye anotinunura.

3. Misi yezvakaipa sei yauya,

Rufaro mukuipa pakare rwopera,

Zvipire kuna Jesu akutungamire,

Gam’chira Muponisi uende kudenga.

# VANA VEJERUSAREM'

1.
Vana veJerusarema

Vakarumbidza Jesu;

Navo venguva dzino,
Ngavaimbire Ishe.
Inzwai mazwi evaduku !

Inzwai mazwi evaduku !

I Hosana ! I Hosana !
I Hosana kunaShe.

2.
Todzidza kuda Ishe,

Todzidza shoko rake;

Todzidza zvokudenga,

Ngaarumbidzwe Mwari.

3.
Vakuru navaduku,

Ngavaimbire Ishe

Vasimudzire mazwi,

Hosana nokudenga.

## Standing By A Purpose

1. Vanoterera Mwari,

Vanotendeka,

Ngavakudzwe vashingi

Vanorwa nesimba.

Uto rakanaka,

Mira nesimba,

Ugoramba uchirwa

Urege kutya.

2. Vazhinji vaikundwa,

Vasina simba,

Vakarega kutsvaka,

Simba rokukunda.

3. Vavengi vakuruzve,

Vachitidenha,
Vachakundwa naIshe
Nyangwe vanesimba.
4. Simutsira mureza'
Famba pamberi'
Chienda kundokunda
Nezita raMwari.

VII
DZASHE?

# He Giveth More Grace

1.
Anopa ngoni mitoro ichirema,

Anotuma simba basa rawanda;

Munhamo zhinji wowedzerawo tsitsi

Muzviyedzo anowanza rugare.
2. Kana tapedza shungu yokushungaira,

Nesimba romusi'yo rave shoma;

Kana tasvika magumo ezvatiri,

Simba rake, Baba, rinotangisa.
3. Rudo harugume, ngoni hadzipimwe,

Simba rake hariziviwe navanhu;

mupfumi hwake huri muna Jesu,

Anopa, anopa, anotipazve.

1. Tipei musi mutsvene,

Tisimbisei Jesu;

Tipei Mweya Mutsvene,

Rapai moyo yedu

Anobva kwamuri;

Tiitirei zvino’no

Tinatsei M’ponisi.

Inzwai toteura,

Inzwai toteura,

NoMweya waShe tiraramisei,

Uyai nokutinatsa.
2. Ndeyenyu imba iyi,
Pindai ’She nesimba;

Dzidzisai kunamata,

Nokukurwirai.

Vatadzi vakuwanei
Mune iyi imba,

Vatsva ngavazvisunge,

Jesu,kuterera.

3. Ngatirwise nesimba

Vavengi vaIshe;

Ishe muvhenekere

Nzira misi yose;

Mutipe kuzorora
Mutipe rugare,

Mutipe rushiriro,
Kusvikira tife.

Tipei makomborero

# I Would Be Thy Holy Temple

1.
Ngandive temberi yenyu
Tsvene, yamunogara,
Hapana zvondinyangadza
Sezva munondigadza.
Torai up enyu,
She ndozvideredza

Ndichizvipira kwamuri
Gam’chirai diramhamba

2. Ngandipupure nemi, ’She,

Ndikuteverei chose;

Ndichiita zvivimbiso,

Ndinokupirai zvose

3. Nguva, zviponoutano,

Zvose zvichave zvenyu;

Mwoyo, chido, ndangariro,

Ndozvipira, ndezvenyu.

4.
Ndipei mwoyo womutsa,

Unotongwa norudo;

Kuti ndiuyise vamwe,

Pfuma yenyu vazive.

Brindley Boon

1. Baba, ndiri mwana wenyu,

Kana ndakatadza;

Ndinochema mberi kwenyu
Baba, ndiregerei.

2. Zvitadzo zvangu zvizhinji

Hazvingaverengwe;

Ndinozviisa kwamuri,

Baba, ndiregerei.

3. Mirau yenyu ndakatyora,

Ndakakuzvidzai Ishe;

Mununuri,ndamurasa
Baba,ndiregerei.

4. Ndakatadza nokureva

Nokufunga kwangu;

Ndakatadza namabasa,

Baba, ndiregerei.

5. Nyangwe ndanga ndafanira
Kuti ndikukudzei;
Ndatadza nokukanganwa;
Baba, ndiregerei.

6. Zvivi zvangu zvakawanda
Baba,ndakatadza,

Ndakakunyadzisai imi

Baba, ndiregerei.

7. Muri Mwari ane ngoni

Dzisingazopera;

Naizvozvo, ndinochema

Baba,ndiregerei.

1. Ishe, taungana.

Muno mumba menyu;

Ivai nesu zvatapinda,

Ishe, mberi kwenyu.

2. Iyo mwoyo yedu

Inokurwarirai;

Nayo mweya yedu, Ishe,

Inokutarirai.
3. Hurukuro dzenyu,

Baba, ngatidzinzwe;

Razarurwa dama renyu

Nemi ngatikunzwei.

4. Tinatseiwo, Ishe,

Isu vanhu venyu;

Kana tafa, tipinzewo
Mune denga renyu.

1. Ishe, taura kwandiri

Nditaure zvamunoda;

Sezvo manditsvaka ini,

Nditsvakewo varasiki.

2. Nditungamireiwo, Ishe,

Ndiyamure varasiki;

Ndigutseiwo, Ishe, kuti

Ndigutsewo vane nzara.

3. Ndisimbiseiwo, ndimire

Pamuri dombo resimba,

Nditambanudze ruoko

Kune vanotambudzika.

4. Ndidzidzisei, Ishe, kuti

Ndidzidzise zvamunoda;
Namazwi angu asvike
Nokumwoyo yavazhinji.

5. Ndipeiwo zororo renyu
Ndigotaura nesimba;
Neizwi rakakodzera
Kune vakarukutika.

6. Ndizadzei nesimba, Ishe,
Mwoyo ugofashukira,
Namazwi akanakisa,
Orudo nokurumbidza.

7. Ishe, ndishandisei ini.
Pamunoda kupi kwose,
Kusvika ndazokuonai,
Ndozorora mukubwinya.

1. Jesu, mirai nesu

Nesimba renyu;

Nguva ino tiri

Kukunamatai.

2. Femai Mweya M’tsvene,

Mumwoyo yedu;

Kutya nokusuwa,

Zvibve kwatiri.

3. Tine nhamo ndefu,
Tofamba mberi;
Totarisa zuva
Risingaperi.

## From EveryStormy Wind

1. Kubva kumadutu ose.

Anotisayirira nhamo;

Kune runyararo rwedi,

Pachipfugamo, chengoni

2. Tozodzwa misoro yedu

Namafuta orufaro

Panzvimbo yakanikisa,

Pachipfugamo chengoni.

3. Kune nzvimbo yesangano,

Yomweya wokuwadzana;

Tiri kure, tosangana

Pachipfugamo chengoni.

4. Ipapo ha tichafunga,

Zvenyika ino zvapera;

Denga rotichingamidza,

Pachipfugamo chengoni.

5. Ruoko rushaye basa,

Norurimi runyarare;

Nehana yangu imire,

Ndakanganwa chipfugamo.

1. Kuchave makomborero :

Chivimbiso cherudo;

Kuchavewo mavandudzo

Anobva kuna Jesu.

Makomborero,

Tinodisa, Tenzi;

Tsitsi shoma dzotiwira,

Asi tinoda zhinji.

2. Kuchave makomborero;

Tichizomutsururwa;

Mumipata namakomo

Sekunaya kwemvura.

3. Kuchave makomborero;

Auye ’She kwatiri;

Mutipewo ruvandudzo,

Zvakavimbiswa nemi.

4. Kuchave makomborero’
Kwatiri ngaauye;
Ngatireurure zvino,
Pamberi paJesu ’She.

1. Munamato ndicho chido

Chomwoyo wom'tendi;

Shungu inofana moto

Yobvisa hana.

2. Munamato, ndokutura

Befu nemisodzi,

Kutarisisa kudenga

Uko kuna Mwari.

3. Munamato ungaitwe

Naivo vaduku

Munamato wakakosha

Pamberi paMwari.

4. Munamato womutadzi;

Kudzoka kuzvivi;

Ngirozi dzoimba dzoti:

Hona, wonamata.

5. Munamato ndiwo mweya

womuKristu wose;

ishoko rake pakufa;

romupinza denga.

6. Ndiyo nzira kuna Mwari,

Upenyu neidi:
Munzirayo tidzidzisei
Ishe , kunamata.

## By grace are ye saved

1. Mungoni dzaMwari

Munoruponiso;

Wakasarudzwa nengoni

Kuponisa vose.

2. Nengoni moponiswa

Chete, chete chete;

Zvisiri pachenyu, kwete,

Hazvisi zvebasa.
3. Tisazvikudze :
Chipo chake Mwari
ChaMwari, tisazvikudze.
Chipo chake Mwari.
4. Ngoni dzake dziri

Muna Jesu Kristu.
Ngoni dzake dzoonekwa

Napamuchinjikwa.
5. Vose vanotenda,
Voga'mchirwa naye;

Nengoni vachaponiswa,

Vana vake Mwari.

J. McGranham

# A Needy Sinner At Thy Feet

1. Mutadzi patsoka dzenyu

Ndozvininipisa;
Kuti mundiregerere,
Jesu ndiponisei.

Uyai mumwoyo, ‘She Jesu,

Mune nzvimbo yenyu Ishe,

Uyai mumwoyo, Jesu uyai,

Mune nzvimbo yenyu Ishe.

2. Hama yavatadzi, ndinzwei,

Mundisunungure;

Zvivi zvoda kuti ndife,

Nemi ndinovimba.

3. Imi hama yomutadzi,

Ndozvipira zvose;

Jesu tumai mvura
mhenyu

Ndimwe, ndirarame.

1. Mutsurudzai basa,

Nemasimba enyu;

Nezwi rinomutsa vafi

Vanhu venyu vanzwe.

Mutsurudzai, Ishe,

Topfugama, zvino

Burukai nengoni dzenyu

Mutiropafadze.
2. Mutsurudzai basa,
Tive nenyota, 'She,
Tipei chingwa choupenyu
Ngachigutse mweya.
Mutsurudzai, Ishe
Tokudzaro zita,
Rudo rwedu ngarubvire
NoMweya Mutsvene.

3. Mutsurudzai basa,

Nesimba reshoko;

Vhangeri renyu rinzwike

Murutendo rwedu .

Mutsurudzai, Ishe

Mutipe donhodzo

Rurumbidzo ndorwenyu,

'She tigokomborerwa.

## I Need Thee Every Hour

1. Ndinokudai zvino,

‘She worudo,

Izwi renyu chete,

Runyaradzo.

Ndinokudai, Ishe,

Ndinokudai zvino,

Ndikomborerei, Ishe,

Zvandauya.

2. Ndinokudai zvino,

Garaiwo pedyo;

Ndokunda zviedzo,

‘She, muripo.

3. Ndinokudai zvino,

Murufaro;

Mugare neniwo,
Muzvirwadzo.

4. Ndinikudai zvino

Ndidzidzisei;

Zvivimbiso zvenyu

Zvizadziswe.

Annie Sherwood Hawks

# NDIRI WENYU, 'SHE

I Am Thine, O Lord

1. Ndiri wenyu, 'She ndakanzwa narwo

Rudo rwenyu kwandiri;

Asi ndinoda rutendo kwarwo.

Ndisededzwe kwamuri.

Ndisededzei kwamuri, Ishe, wangu

KuMuchinjikwa wenyu;

Ndisedzei kwamuri, Ishe wangu,

Panobva ropa renyu.

2. Nditsvenisisire basa renyu, 'She,
Zvino nesimba renyu;
Mweya wangu upihwe tariro,
Ndiite kuda kwenyu.
3. Ndine rufaro nenguva iyo
Inoswerwa pamuri,
Ndichiteura kwamuri,Ishe
Munotaura neni.
4. Pane rudzamo rworudo rwenyu,
Ruchazivirwa mberi;
Kune rufaro rwekumusoro

Rwuri kwamuri bedzi.

1. Ndopa zvose kuna Jesu,

Ndozvipira pachena;

Ndichamupa, ndichavimba,

Naiye ndichagara.

Ndopira zvose

(pamidza)

Zvose kwamuri M’ponisi,

Ndopira zvose.

2. Ndopa zvose kuna Jesu

Ngandipfugamire,

Zvenyika ndinozvisiya,

Zvino Jesu nditorei.

3. Ndopa zvose kuna Jesu,

Ndiitei ndive wenyu;

Mweya M’tsvene ngaandiudze,

Muri mumwoyo wangu.

4. Ndopa zvose kuna Jesu,

Ndozvipa kwamuri ‘She

Ndizadzei norudo rwenyu,

Zvinatso ngazviuye.

5. Ndopa zvose kuna Jesu,

Ndonzwa kunatsa kwake;
Utsvene hunorugare,
Rikudzwe zita rake.

# I Am Praying

1. Ndoteura, Muponisi,
Kuti ndiite semi;
Ndoda kuti Mweya wenyu.
Usvikewo kwandiri.

Moziva handina simba,

Ndinonetswa nenhamo,

Ndotsvaka zvakawimbiswa,

Pindurai muteuro.

2. Ndoteura, Muponisi
Rutendo rwakasimba,
Kuti narwo ndigoona
Mbiri yenyu murima.
3. Ndokumbira kupfaviswa
Nesimba renyu dzvene;
Ndipfedzwewo nomutsa
Kuda kwenyu kuitwe.
4. Ndoteura, Muponisi,
Ndotsvaka nguva yose
Kuramba ndichizvipira
Ndifananewo nemi.

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

## Amazing Grace

1. Ngoni dzinondishamisa,

1. Nunurai vanhu, navari kufa,
Dzakandiponisa,

Kuzvivi, vabviswe nomuguva;
Ndakawanwa ndarasika,

Chemerai vatadzi, navarasiki,
Meso asvinudzwa.

Vaudzei : Jesu Muponisi

2. Ngoni dzakandidzidzisa,

Dzakabisa kutya;

Ngoni dzake dzakakosha
Pandakazotenda.

3. Munjodzi namatambudziko,

Andakapfuura;
Ngoni dzakandichengeta,

Dzonditungamira.

4. Tikave’ko kwemakore,

Topenya sezuva,

Nguva yokurumbidza ‘She,

Haichazopera.

Nunurai vanhu navari kufa

Jesu M’ponisi, ane tsitsi.
2.
Nyangwe vomuzvidza, anomira,
Womirira kugam’chira m’dzoki;
Wovanyengerera zvinyoronyoro
Wovaregerera vanotenda.
3. Mumwoyo womunhu, une
zviyedzo.

Shungu nengoni ingavandudzwe

Nechanza yobatwa, uyewo
nomutsa.

Izwi rangu rafa romutswazve.

4.
Nunurai vanhu, muvashandire;
Simba rebasa mopiwa naShe
Kunzira ‘ yo mhamhi, dzokera
kwavari;

Vaudze M’ponisi wavafira.

1. Panguva yokuteura,

Ndinobviswa pazvenyika;

Ndinoiswa kuna Baba,

Ndikumbire zvandashaya;

Panguva yokutambudzwa,

Mweya wangu wanyaradzwa,
Ndinokunda mukuedzwa,

Panguva yokuteura.

2. Panguva yokuteura;

Inguva yokukumbira

Kwaari anovimbika
Anogarokomborera;

Ini,anondidaidza,

Ndimutsvake ndichitenda,

Naizvo ndomugarira,

Panguva yakuteura.

3. Panguva yokuteura,

Ngandiwane kuyamurwa

Kudzamara ndisvike ‘ko

Pamagumiro erwendo;

Mubairo wokuDenga;

Ndichaona kupundutswa
Kwenguva yokuteura.

William Walford

1. Ndisededzei Mwari, pedyo nemi,

Kana ndaremerwa, ndisimbisei;

Rumbo rwangu ruve,

Pedyo nemi, Mwari,

Pedyo nemi, Mwari, pedyo nemi.

2. Ndichinge mufambi pamauro,

Ndokotsira bedzi pamatombo,

Ndinoda muhope,
Kuva nemi, Mwari,
Pedyo nemi, Mwari, pedyo nemi.

3. Nzira yangu ive yokuDenga
Zvinopihwa nemi dzezvomutsa;
Ngirozi dziuye
Dzinditungamire
Pedyo nemi, Mwari, pedyo nemi.
4. Norufaro rwenyu ndichamuka,
Pakutambudzika muchakudzwa;
Matambudzikozve
Anditungamire;

Pedyo nemi, Mwari, pedyo nemi,

5. Ndichibhururuka ‘kokuDenga
Pam’soro pezuva, ndichienda;
Ndichazoimba zve,
Pedyo nemi, Mwari, pedyo nemi.

1. Rudo kuna Kristu,

Kwamuri,’She

Inzwai muteuro,

Ndopfugama.

Ndinonyengetera

Rudo kuna Kristu,
Kwamuri, ‘She,

Kwamuri, ‘She!

2. Ndaida zvenyika,

Ndine shungu;

Zvino ndoda imi,
Ndipei zvose.

Ndinonyengetera

Rudo kuna Kristu,

Kwamuri, ‘She,

Kwamuri, ‘She.

3. Mumatambudziko,

Nokurwadzwa;
Zvino ndafarira
Ndipei zvose.

Ndinonyengetera
Rudo kuna Kristu,
Kwamuri, ‘She,
Kwamuri, ‘She.

4. Ndasvika pakufa,
Ndokukudzai;
Mwoyo uchachema,

Pamagumo;
Ndichazonamata;
Rudo kuna Kristu
Kwamuri, ‘She,
Kwamuri, ‘She.
(MHB)

# O Love That Will Not Let Me Go

1. Rudo rusingandiregedze,

Mweya wozorora marwuri;

Ndinokupa upenyu hwangu,

Mugungwa rorudo rwenyu

Rupfume, ruzadzwe.
2. Chiyedza chinonditevera,

Nditungidze kwangu kupenya,

Wangu mwoyo ugovandudzwa

Kuti zuva rangu rive

Rinopenyesesa

3. Ndichifara kana kurwadziwa,

Handingakubisei mumwoyo;

Ndichiona mutsi wemvura,

Chivimbiso chechokwadi

Chisina misodzi

4. M’chinjikwa unondisimudza,
Handingatongobva kwamuri;
Ndorara muvhu nokubwinya
Kubvawo ndotanga
Upenyu husingaperi.

1. Semhembwe yotsvaka mvura

Kana ichivhimwa,

Neni mweya une shungu
Nengoni dzenyu, ‘She.

2. Kwamuri, Mwari mupenyu,

Nemi ndine nyota;

Ndichakuonai, rinhiko,

Samasimba, M’tsvene?

3. Ndoshuwa misi yekare,

Ishe, ari pedyo;

Hapakangave gomborero

Raikunda rangu.

4. Mweya wangu, wasuwei?

Vimba, uchaimba

Rurumbidzo rwake Mwari

Tsime roupenyu.

# Just As I Am Without One Plea

1. Sezvandakadai, Jesu

Ndisina chinhu pachangu
Makafira m'towo wangu;
Gwayana raShe ndouya
2. Sezvandakadai, Ishe
Kuzvinatsa, handigone,
Ndimi mungandishambidze;
Gwayana raShe, ndouya.
3. Sezvandakadai, Jesu

Handizive nzira yangu;
Nokukahadzika kwangu
Gwayana raShe ndouya.

4. Sezvandakadai, Ishe
Ndiri bofu, ndiri rombe,
Sezvandinoshaya zvose,
Gwayana raShe, ndouya
5. Sezvandakadai, Ishe

Ndimi mungandigam'chire,
Moita ndiregerwe;
Gwayana raShe, ndouya
6. Sezvandakadai, Jesu
Norudo rwenyu rukuru
Ndiri wenyu, muri wangu;
Gwayana raShe, ndouya.

1. Sezvandiri mberi kwenyu,

Ndonamata;

Ngoni dzenyu dzinditore

Ndive wenyu.

Mungatore zvandinazvo
Zvivi zvangu mberi kwenyu
Zvishambidzwe, nemi chete,

‘She, ndouya

2. Ndakaneta nedambudzo,

‘She, ndouya

Muupenyu nomukufa,

Ndive wenyu.

Kutya kunodzivisa
Ndakambokundika kare;
Asi somwana ndovimba,

‘She, ndouya.

1. Muchikomborera vamwe,

Musandipfure Ishe;

Mwoyo wangu unenyota,

Munditonhodze Ishe,

‘She wangu, ‘She wangu,

Ndokomborerei, ‘She wangu.

2. Nguva ndefu ndokotsira,

Ndichikuzvidzai Ishe,

Ndakabatwa nezvenyika,

Ndiregererei Ishe.

3. Musandipfuure, Baba,
Nyangwe ndiri mutadzi,
M’ponisi musandisiye,

Asi ndinzwirei tsitsi,

3. Munoziva zvose zvangu,

4. Mweya wamasimba ose,
‘She, ndouya

Mundiite ndione;
Nezvemberi munozviona,

Ndiri bofu, ndiyamurei,
‘She, ndouya,

Ndisimbisei Ishe.
Nditorei, ndovimba nemi,
Ndiri mumaoko enyu;

Handingatye nemadutu,

‘She, ndouya.

5. Rudo rwaMwari rutsvene,

Ropa roMuponisi;

Ngoni dzaShe dzisingafe

Ngazviwanzwe mandiri.

# ‘SHE, NDODA KUVA MUKRISTU

1. ‘She, ndoda kuva muKristu,

Mumwoyo, mumwoyo

‘She, ndoda kuva muKristu, mumwoyo.

Mumwoyo ! Mumwoyo !

Mumwoyo ! Mumwoyo !

‘She ndoda kuva muKristu, momwoyo.

2. She , ndoda kuva norudo,

Mumwoyo, mumwoyo.
3. She , ndoda kuva mutsvene,

Mumwoyo, mumwoyo.

4. Handidi kuva saJudasi,
Mumwoyo, mumwoyo.

5. Ndinoda kuva saJesu,

Mumwoyo , momwoyo.

(MHB

# Pass Me Not

1. Musandipfure, Jesu
Inzwai, ndochema
Kana moshevedza vamwe,
Musandipfure.

Ishe ! Ishe!

Inzwai, ndochema,

Kana moshevedza vamwe,

Musandipfure.
2. Netsitsi dzenyu ndiwane
Kusununguka;
Zvandinokupfugamirai,

Ndipei kutenda.
3. Ndichivimba noutsvene
Ngandihuwane;
Muchirapa mwoyo wangu,
Mundiponise.
4. Ndimi munyaradzi wangu,
Mokunda zvose
Ndianizve pasi pano?

Kana kudenga?

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

## Negro Spiritual.

Verera, verera

1.
Zvoshamisa kufamba naMwari,

Enda kuna Jesu;

Munzira yakafamba vatsvene;

Verera kumusha ‘ko

Zvoshamisa kumunzwa achiti:

Idandaro panyika .

Usatye, ndinokutungamira!

1. ‘She wondidana,

Nezwi rinotinhira,

Mumhanzi mumweya woti;

Idandaro panyika.

2. ‘She wokatama,

Mutadzi anobvunda,

Mumhanzi mumweya woti;

Idandaro panyika.

3. ‘She wondidana,

Wondidana semheni,

Mumhanzi mumweya woti;
Idandaro panyika.

(MHB)

Afro -American Spiritual

2.
Zvoshamisa kutaura naye,

Kana ndapinda mudutu guru;

Zvoshamisa kunzwa izwi rake,

Wotaura, gwenga rinofara.

3. Zvoshamisa kurumbidza Mwari,

Wodzivirira nem’donzvo wake;

Zvinoshamisa kumurumbidza

Mwoyo wangu unomuimbira.

4. Zvinoshamisa kurwira Mwari,

Kuyamura vanhu vaponiswe:

Zvoshamisa kurwisa vavengi

Nepfumo raKristu, Muponisi.

5. Zvoshamisa kuzogara naye,

Ndayambuka rukova rwokufa;

Zvoshamisa kuonana naye,

Ndave mukundi ndapedza kurwa.

Holy Scriptures

# Holy Bible, Book Divene

1. Bhaibheri, raShe Mwari,

Rondipfumisa ini;

Rondiudza kwandabva,

Zvandiri roratidza.

2. Rondiratidza nzira,

Zve, rinondisesedza;

Norudo rwoM’ponisi

Ritonge, ripembedze.

3. Rondipa kunyaradzwa,

Naro ndokomborwerwa;
Rutendo rwaratidza

Ruchakunda mukufa.

4. Rondiudza zveDenga,

Vatadzi vanorangwa;

Bhaibheri raShe Mwari,

Rondipfumisa ini.

1. Medura chingwa

‘She, kwandiri,

Sezvamakaita

PaGarari;

Seri kwoutsvene

Ndokutsvakai;

Mweya unoshuva

Inzwi benyu.

2. Mwari chingwa, Ishe

Nokwandiri;
Izwi renyu dzvene

Roponisa
Ndidyisei ndipone

Nemi, uko;
Ndidzidzisei kuti
Muri rudo.
3. Tumai mweya wenyu

Kwandiri, She;
Mubate maziso

Ndigoona;
Ratidzai chokwadi

Muzwi renyu
Ndione, ‘She.
Mubhaibheri renyu

Weddings

1. Izwi rofemera

Mutsvitsa yeEdhenii;

Muchato wokutanga,

Munesu nanhasi.

2. Ivaipo M’ponisi,

Muvabatanidze,

Nemhiko yenyu, Ishe,

Isina magumo.

## O God Of Love

1. Mwari tokupfugamirai,

Tichinamatira ava,

Vasunganidzwa mumhiko,

Vave mumwechete.
2. Pamazuva orufaro,
Namazuva akanaka,
Vachifamba norutendo,

Vave mumwe nemi.

3. Fungatai, mubise

3. Kana dutu rovhuvhuta,
Mweya yakaipa;

Zvakanaka zvanyangadzwa,
Murwendo rwoupenyu,

Ngavavimbe nemi chete,
Vafambe nomutsa.

Vave mumwe nemi.

4. Musha, worufara,

4. Zvose zvavachazopiwa,

Vafambe naKristu;

Zverufaro nedambudzo,
Vagoradzika ngundu

Nesimba rengoni dzenyu,
MuParadhaisi.
Vave vamwe nemi.

William Vaughan Jekins

1. Ishe muvaropafadze

Ava vano sangana;

Muzita renyu dzvene,

Vapei kusimbisana;

Ngavatsunge, ngavatsunge,

Vavandudzwe noMweya.

2. Ropafadzai muroora,

Ngaanzwe ngoni dzenyu;

Mupei njere, rudo, simba,

Apfumiswe nezvenyu,

Atevere, atevere,

Kuvhenekera kwenyu.
3. Mukwashawo anatswe

Adise zvipo zvenyu,

Akudze, akushandirei

Neidi norunako;

Muupenyu, muupenyu,
Ngaaratidze rudo.
4. Ropafadzai, tsvitsa ino,
Muri pedyo, O Mwari!
Vana venyuwo vanemi
Mamuri vanopona;
Ngavagare, ngavagare,
Murudo mukuedzwa.

# TOKUTAMBIRAI M’PONISI

1. Tokumbira M’ponisi,

Zvikomborerero zvenyu,

Ngazviiswe pavari

Zvino, vari kutsvitsa;

Ukama hwavo huve

Pamwe chete nemi, ‘She

2. Jesu, makaonekwa

Pamuchato paKana;

Sanganai nesuwo

Patsvitsa inorudo,

Tipei rufaro rwenyu,

Norunyararo rwenyu.

3.
Natsai vaviri ava,

Vanoukama hutsva,

Misi yavachapiwa
Ive rwendo kudenga,
Kwavachaona idi,
Noupenyu hwaMwari.

1. Nhasi, mumba maJehovha,

Mune sungano itsva;
Zvivimbiso zvokutsvitswa,

Makomborero aShe.

## ZVOSE

O Perfect Love

1. Rudo rutsvene runokunda zvose,

Tinopfugamira mberi kwenyu,

Rudo rwenyu rusave namagumo,

Muutsvene vave mumwechete.

Mukuwasha, muroora,

Ngavave nenduramo;

2. Mamuri ngavawane chivimbiso

Vagare vachinamata,

Cherudo runopa norutendo,

Imba igosimbiswa.

Netariro inomwoyo murefu,

Somucheche asingatye rufu.

2. Ngavatsvake ruwadzano,
Rugare mumba mavo;

Vashande, nokuwandirwa

Neerudo mapudzi.

3. Mumatambudziko ose,
Vave vakatendeka;

Muupfumi muurombo,

Vave mumwe murudo.
4. Rudo, tsitsi, norunako,
Ngazvive chitsigiro;
Vaeni vawane rudo
Musangano yetsvitsa.

3. Vapei rufaro runotanda nhamo,
Norugare mumatambudziko;
Upenyu hwavo huve nokubwinya
Kuno rudo rusina magumo.

Dorothy Frances Gurney

1. Zvakakomborerwa

Zvisungo zverudo,

ZvechiKristu, zvavatendi;

Zvinobva kudenga.

2. Pamberi paBaba,

Tinonyengetera :
Kutya,tariro, zvinangwa,

Rugare, matambudziko.

3. Mitoro, nenhamo,

Totakudzawo;

Nedzimwe nguva misodzi

Yodonhera vamwe.

4. Tatsaukaniswa

Torwadzwa mumwoyo;

Asi tinovimba bedzi

Tichasanganazve.

5. Kana mukusuwa,

Tichasunungurwa;
Norudo nokuwadzana,
Ndezvedu narinhi.

IX

Family Worship

1. Imbai nezveupenyu,

Sokukwanisa kwenyu;

Zvitoro, misha, mabhazi,

Neminda, namasango.

Upenyu hwatapiwa,

Hutsvene, hwakanaka.

2. Kuzvose zvinoitika:

Kufara, nokurwadzwa,

Kusuwa, nezvakaoma,

Zvisingataurike;

Asi, upenyu hukuru

Kana une mudiwa.

3. Upenyu huri murudo

Rwavanonyeverana;

Rwunotarisa mucheche

Mumbereko kum’sana.

Rudo rwusingapinduke,

Harufe nokukura.
4. Rudo, kupa nokupiwa
Nehama, neshamwari.
Rudo kuregererana
Zvinogumbura mwoyo.
Rudo, ndiyo nzira huru,

Kuvimba kumagumo.

5. Rudo, mukuriri nokuti
Muna ‘She wakatida.
Rudo rwakagwinya chete
Vadzidzi vachim’tiza.
Rudo rwakakunda rufu;
Rumbidzai rudo rwake.

Brien Wren

1. Mhuri ino rudo rwaShe,

Mhuri inofadza,

Chido chayo munamato,

Wezororo naShe

2. Mhuri ine zita raShe,

Inofadza vose.

Vabereki vonodzidzisa

Zvembiri yaJesu

3. Mhuri inonyengetera

Nokurumbidza ‘She

Inodisa shoko dzvene,

Yogarira denga.

4. Ishe ngatibvumirane

Kuwana rugare;

Mwoyo isungane nemi,
Rudo rwutitonge.

# What A Friend

1. Hama yedu, ndiye Jesu,

Watakudzwa kuipa;

Tapihwa kuti tiuye

Kwaari nokuteura

Runyararo hatiwane,

Tinotambudzwa kwazvo,

Nokuti hatitakure
Zvose nomuteuro.
2. Takanetswa nokuedzwa
Tinotambudzwa here?
Ngatirege kutsutsumwa,
Teura kuna Ishe;
Aripo wakatendeseka,
SaJesu anetsitsi?
Waziva hweu utera,
Teura kuM’ponisi.
3. Tinoremerwa zvikuru
Zviripo zvinonetsa
M’ponisi ibako redu,
Kuna iye teura;
Hama dzako dzakuzvidza?
Teura kuna Ishe;
Mumaoko wochengetwa.
Uchazorodzwa naye.

1. Musha, musha unofadza

Kana rudo rwuripo.

Musha, musha wakanaka,

Une Mweya Mutsvene.

Jesu anoutsvenisa,

Ungadziye semoto;

Shure kwezuva raBaba,

Musha chidziviriro.

2. Mukamusha keBhetani,

Jesu waifambamo;
Manheru waimiririrwa

Nemwoyo yakapfava.

Jesu wotanda kusuwa,

Woropafadza kudya;

Norufaro vom’rumbidza
Vowana kuzorora.
3. Ngatiite musha uve

Seguta rinopenya;

Tose tive nomufaro

Titakudzane mitoro.

Mudutu rokutambudzwa

Titsvake ruponiso;

Mukuyedzwa tiyeuke

Simba romuteuro.

## O, There's Joy In Every Heart

1. O, Mwoyo wofarira

Mumba mune rudo.

Zviso zvonyemwerera,

Mumba mune rudo.

Mazwi azere mutsa,

Rufaro kwese kwese;

Runyararo, rupfavo,
Mumba mune rudo.

Mumba mune rudo!

Mune ngirozi, mumba,

Mumba mune rudo.

2. Pachoto pane zuva,

Mumba mune rudo;

Nenziyo dzezvomweya,
Mumba mune rudo.

Zviso zvinofadzisa,
Kuseka mumigwagwa,

Zvonakira vaduku,
Mumba mune rudo.

3. Jesu ari pakati,

Mumba mune rudo;

Iye wovadzidzisa,

Mumba mune rudo;

Mubishi, wobatsira
Nazvose zvakanaka,
Mumba mune rudo.

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

## ZUVA ROMWEYA WANGU, 'SHE

1. Tibatsirei, Ishe, kuti

1. Zuva romweya wangu, 'She,

Tigobatsirana;

Rima rinobiswa nemi;
Mumwe abatsire mumwe,

Rirege kubuda gore
Amunzwire mutsa.

Rinokuvanzai Ishe.
2. Tibatsirei tivakane,

2. Kana nehope ndabatwa,
Muzvishoma zvedu;

Meso achidzimaidzwa,

Norutendo netariro,

Pamagumo ngandifunge;
Zviwande norudo.

Ndonyatsozorora naShe.

3. Tikwire muzvinhu zvose,
Muve m'soro wedu;

Mutisunungure tive

Vasina mavara.

3. Garai neni zuva rose,

Handipone ndoga chete;

Husiku mundichengete;

Ndichinemi handingafe.

4. Kana kuno mwana wenyu,

Wakaramba izwi renyu

Ishe shandai maari,

Kuti agosiya zvivi.

5. Varombo navo varwere,

Ngavaropa fadzwe nemi;

Ngavarare vaFirwawo,

Somwana asina nhamo.

6. Ivai nesu tapepuka

Tisati tabata basa;

Tigare murudo rwenyu,
Dakara tisvike kwenyu.

1. Akabata hanzu yake, Ishe,

Paakadzvekenyedza

Mberi pamhomho yakamukomba,

Ndokubva apona.

Bata hanzu yake, Ishe

Newe uchapona;
Simba rake iye zvino
Upenyu rokupa.

1. Pakudoka kwaro zuva,

Varwere vakaungana

Vakauya vachirwadzwa

Vakaenda vachifara.
2. Nesu wozve, richidoka,

Tinonetswa nezvirwere;

Kunyange tikasaona

Asi muripo, toziva.

2. Akabvunda ari mberi kwake

3. O Kristu, ‘She, bisai nhamo !

Mberi kwaShe, Jesu

Kuvarwere va nosuwa;
Akanzwa simba roMuponisi,

Kune vasakambokudai;
Akabva apona.

Vamwe rudo rwakatiza.

3. Akati : mwana chifara zvako,

4. O Kristu, ‘She, muri munhu,

Waponiswa zvino ;

Makayedzwa, mukashushwa;

Runyararo runokunda zvose

Muchitarisa, moona
Rwakamusvikira.

Maronda atinovanza.

5. Kubata kwenyu, isimba;

Izwi renyu harikundwe;
Tinzwirei zvino pamadeko,

Netsitsi, mutiporese.

1. Murapi mukuru, Jesu

Ane tsitsi zvikuru,

Anofadza vanosuwa

Inzwai izwi raJesu.

Rwiyo rwakanakisa,

Zita rakanakisa,

Rumbo rwakanakisa,

Jesu, ndiye Jesu.

2. Ungaregererwe zvivi

Inzwa izwi raJesu

Chienda zvako kudenga

Ugadzwe naye Jesu.

3. Ngarirumbidzwe Gwayana,

Ndinomutenda Jesu,

Ndoda zita roM'ponisi,
Ndoda zita raJesu.

4. Mhosva nekutya zvatandwa

Nezita rake Jesu;

Mweya wangu unofara,

Kunzwa zita raJesu.

— entry too long for one page —
read this hymn at nziyo.com

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

1. Mangwanani tichimuka,

Tinogam’chira norudo;

Tova noupenyu utsva,

Nesimba kubva murima
2. Kana zvichifungidzira

Kukudza zvatinoona;

Mwari achitipa pfuma

Itsva kuva chibayiro.

3. Zvose zvichatiyevedza

Toona denga mazviri;

Norudo nomunamato,

Zvoonekwa paM’chinjikwa

4. Mabasa mamwe enhando,

Nazvo zvatinokumbira;
Nekuzvinyima mu’penyu,
Zvotisvitsa kuna Mwari.
5. Murudo rwenyu, ‘She, chete

Tikonzereswe zvedenga;

Tiyamurei misi yose,
Tive pedyo noupenyu.

4. Kana waona nhamo,
Teura kwaari;
Neparufaro rwako
Tenda kuna Mwari;
Simba raakatipa
Rinokunda zvose;
Simba rokuteura,
Kuna Mwari wedu.

## Awake, My Soul

1. Muka, mweya kuchiyedza,

Uite basa rezuva;

Bisa nungo, ugofara

Kupa chipo mangwanani.

2. Taura nokuvimbika

Hana yako yakachena;

Mwari, zvose anoona:

Pfungwa, mazwi, nzira dzako.

3. Ngaatendwe muchengeti

Muhope wandizorodza

Kana mukufa ndamuka,

Nemi ndigare narinhi.

4. Ishe,mhiko ndoitazve;

Paradzai zvivi sedova;

Kwangu kufunga chengeta,
Nomweya wenyu ndazadzei.

5. Zvanhasi zvitungamirei,

Zvondofunga, nokuita;

Kuti rangu simba rose

Rive rimwe nemi chose.

6. Rumbidzai Mwari wedenga,

Imi zvisikwa zvepasi;
Nokudenga, rumbidzai

Baba,Mwana, Mweya M'tsvene.

1. Shanda, rosvikarima,

Kusvika kwayedza.

Shanda ropenya dova

Romumaruva.

Shanda kune chiyedza,

Zuva richipenya,

Shanda, rosvika rima,

Basa ropera.

2. Shanda rosvika rima,
Napamasikati.
Shanda nomuchiyedza,
Uchazorora,
Shandisa nguva yose,
Uve nemugove.
Shanda rosvika rima,
Pasisashandwe.
3. Shandira Tenzi wako,

Kana uchafema,

Ropa rakakutenga

Kubva kurufu.

Shanda nyika yotukwa,

Ichiri muzvivi.

Shandira Ishe wako,

Kudzora vamwe.
4. Shanda rosvika rima,

Zuva richidoka;

Ropenya segoridhe

Kumavirira.

Shanda rukunzvi kunzvi;

Zuva richinyura.

Shanda rosvika rima,
Basa ropera.
L. Mason

1. Utonga hwotsvuka,

Mwoyo unoshuwa :

Ngaakudzwe Jesu!

Pabasa ndonamata,

Kuna Jesu ndoenda ;

Ngaakudzwe Jesu!

2. Kana dare rorira,

Pagomo, munhika

Ngaakudzwe Jesu!
Inzwai rwiyo rwedare!
Norufaro rworira;
Ngaakudzwe Jesu!

3. Ndiri kusuwa here ?

Ndowana zororo :

Ngaakudzwe Jesu !
Rufaro rwopfuura ?

Asi ndofadzwa neizvi ;

Ngaakudzwe Jesu!

4. Murufaro kudenga,

Izvi zvondifadza :

Ngaakudzwe Jesu!
Nyika,gungwa nedenga,

Ngaakudzwe

Jesu!

Pasi nedenga ngazviti

5. Ndiri mupenyu, ndirwo

Rwondoimba rwiyo :

Ngaakudzwe Jesu!

Rwiyo rusingagume,
Narinhi narinhi wose :

Ngaakudzwe Jesu!

1. Vakaimba rwiyo

Madeko mutemberi,

Mwenje waibvira

Mberi kweAreka;

Izwi rakabva kudenga

Rikanzwika mutemberi
2. Harahwa yaive

Muprisita weIzirairi;

Waichengetedza

Mwana wemuRevhi;

Zvaivanzwa kuna Eri

Mwana waHana waiziva.
3. Ndipei nzeve, Ishe,
Nzeve yaSamueri,
Inonyatsonzwisa
Zvinorehwa nemi;
Ndipindurewo semi,
Imi nokukutererai.

4. Ndipei mwoyo, Ishe,
Mwoyo waSamueri
Unomira mumba
Nokukurindirai;

Masikati nousiku,
Unoita kuda Kwenyu.
5. Ndipei pfungwa, Ishe
Pfungwa inorutendo,
Igozvipira
Murufu, muupenyu;
Ndigoverenga somwana
Chokwadi chakavanzika.

1. Zuva ratsenhuka

Rima rouya;

Mimvuri yerima

Yopararira.

2. Nyenyedzi, murima

Dzoonekera;

Shiri, mhuka, zvose

Zvichakotsira.

3. Jesu, chinyaradzai

Navakaneta;

Namakomborero,

Tigokotsira.

1. Zuva ramatipa radoka,

Usiku hwasvika zvino,

Mangwanani toimba nziyo,

Torumbidza, tozorora.
2. Totenda chechi isorara,

Kuchiyedza misi yose;

Inorinda nomunamato,

Haizorore narinhi.
3. Kunyika dzose nezvitsuwa,

Utonga hwounza zuva,

Kunamata hakungapere,

Kurumbidza hakugume.

4. Kana kwazoyedza,

4. Zuva, hero riri kumutsa
Ngandimukewo;

Hama dzedu kwese kwese;
Ndisina nechivi

Nguva dzose vanotaura
Pamberi penyu.

Nezvishoma zvaMwari.

5. Ndizvo, umambo hwenyu, Ishe

Hauperi sohwepasi

umambo hwenyu huchagara

Dakara vose vatenda.

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

## O Lord, Regard Thy People

O God, In Whom Alone

1. Ishe, onai vanhu

1. Mwari onai une simba

Vane zano ravo,

Kukomborera mabasa
Kuvaka imba yenyu,

Enzvimbo yakakosha,
Nomuzita renyu

Izadzwe nomwenje wenyu.
Hwaro hwayo ngahuve
Uchapupu hwedi

Madziro namasuwo,

Ngazvikurumbidzei.

2. Tinotenda nenhaka
Yakatengwa naShe;

Tirege kuizvidza

Nokusazvipira.

Timutsurudze mwoyo

Kuti isarudze
Kufamba pakafambwa

Navatsvene venyu.

2. Muzita renyu, toisa
Ibwe iri tichivaka,
Kubwinya kwenyu kuonekwe.
Muponisi agokunda.
3. Vana vose vemarudzi,
Vouya kutsvaka idi;
Vazadze nowenyu mweya

Vave serimi remoto
4. Ishe, tipewo rugare
Zvitema zvibve kwatiri;
Chokwadi chenyu chedenga
Chifadze pasi pose.

1. Netariro, tinomisa

Iri ibwe pamba paShe;

Runako nesimba renyu

Zvizadze temberi yenyu.

2. Kana vatadzi votsvaka

Uso hwenyu, vonamata,

Vanzwe kudenga kwamuri;
Manzwa, movaregerera.
3. Kana dama roparidzwa

RoMwanakomana wenyu,

Nesimba rezita rake,

Paonekwe zvishamiso.

4. Kubwinya kwenyu kusabve

Nokune dzimwe temberi;

Umambo hwenyu huuye

Kumarudzi epanyika.

1. Dyara mangwanani, mbeu dzakanaka,

Dyara masikati, zvimwe kwadoka,

Tikagarira kuibva kwembesanwa

Tichifara kwazvo, kana tokohwa.

Kana tokohwa, kana tokohwa,

Tichafara kwazvo, kana takohwa.

2. Dyara mumimvuri, dyara napazuva

Usatye makore nokutonhora

Nguva dzapfuura, kushanda kwapera,

Tichafara kwazvo, kana tokohwa.

3. Enda zvako zvino udzongerere ‘She
Nyangwe nokunetswa nokutambudzwa,
Kwapera kushanda, achitingura,
Tichafara kwazvo, kana tokohwa.

1. Ngatiimbei nziyo

Kuna ‘She wegoho,

Nemwoyo inofara;

Titi,hareruya !

Anofambisa mwaka

Nemichero yawo;

Ngatiimbirei Ishe,

Nenziyo dzegoho.

2. Ndiye, makore opa,

Pfumvudza murenje,

Namakomo ofara,

Mipata yoimba;

Anovepo, wozadza

Zvose zvichawedzerwa

Gore ropa zvizhinji :

Runako, rugare.

3. Isai mberi kwake

Zvipo zvaapa ;

Miguri yokukohwa,

Inopa upenyu;

Rinzai mwoyo yenyu,

Patsoka dzake, ‘She;

Mumurumbidze, Iye,

Wakakufirai.

1.
Tinorima, todyara

Muvhu, mbeu tsvene;

Asi dzinodiridzwa

Noruoko rwaShe;

Anotumira chando,

Nokudziisawo,

Nemwandowo nezuva,

Zve nebumharutsva.
2. Ndiye Musiki wazvo

Zvose zviri pasi;

Musiki wemaruva,

Nayo nyamatsatsi;

Mhepo, mvura zvomutya,

Shiri anogutsa;

Nesuwo vana vake

Anotipa kudya.
3. Tokutendai, Baba
Pane zvakanaka,
Kudyara nokukohwa,
Upenyu nokudya.
Gam'chirai zvipo zvedu,
Ndezve rudo rwenyu
Izvo zvamunodisa
Mwoyo inotenda.

## TORUMBIDZA 'SHE WEDENGA

1. Torumbidza 'She wedenga,

Tomutunhidza Iye;

Norwake ruoko chete,

Towana goho dzvene.

Hareruya ! Hareruya !

Mwari wauya pasi.

2. Rumbidzai Mwari negoho

Nesu anogovana;
Ndiye muridzi wazvose,

Ngative vatendeki.

Hareruya ! Hareruya !

Mubasa titeure.

3. Rumbidzai Mwari anoti :

Tive hama dzisingarwe;

Tidzidzise kugovana

Navamwe zvipo zvedu.
Hareruya ! Hareruya!

Goho rake rugare.

4. Rumbidzai Mwari neshoko

Risingazosanduki.

Murumbidzei ane rudo

Kunge chingwa chomweya.

Hareruya ! Hareruya !

Ngaakudzwe narinhi !

## Come , Ye Thankful People

1.
Uyai, nokutenda,
Nenziyo dzokukohwa;
Zvose zvaunganidzwe,
Chando chave kupera.
Musiki anotipa,
Zvose zvatinoshaya
Uyai kumba kwaShe,
Nenziyo dzokukohwa.
2. Nyika, munda waIshe,
Mbeu dzose ndedzake;
Zviyo, sora zvokura,
Rufaro nokusuwa.
Tsanga, tevera hura,
Tevera zvakaibva;
Tiite isu, Ishe,
Tive zviyo zvitsvene.
3. Ishe, Mwari wouya,
Kuti akohwe mbesa;
Achabisa mumunda
Zvose zvinonyangadza.
Nengirozi dzopisa
Mumoto rose sora;
Asi dzizere hura,
Dzichaiswa mudura.

4. Chiuyai zvino, Ishe,

Nezvikohwa kumusha;

Muunganidze venyu,

Pasina matambudzo.

Vakacheniswa vose,

Mumushamo vagare;

Chiuyayi nengirozi,

Nezvikohwa kumusha.

## Come, All Ye Farmers

1. Uyai, varimi mose,

Negoho rinofadza :

Chibage, mhunga, koroni,

Mapfunde, nemanhanga.

Zvazadzei mutemberi
YaMwari, Ishe wedu.

Dzorerai mbeu tsvene

Nomwoyo yokutenda.

2. Mwari wakatipa minda,

Nemvura inonaya;

Vanhu nemhuka dzesango

Zviwane kurarama.

Nehove dziri mumvura

Neshiri dzokudenga;
Rumbidzai Mwari wenyu,

Namazwi okufara.

1. Ndizvo here munoda

Chipo kwandiri, She?

Ndiudzeiwo kuda kwenyu.

Ndakomborerwa, ini.

Handina zvizhinji, Ishe

Kupa pamusana penyu,

Handina zvizhinji, Ishe,

Asi, ‘She, ndezvenyu.

2. Munoda kwandiri here
Chipo chandingape?
Zvandinazvo ndinokupai
Vamwe vakomborerwa.
3. Munoda kwandiri here

Nguva yangu yose?

Nguva yangu ndinokupai
3. Mwari wakativimbisa

Nekuti ndeyenyu.
Kuti toriritirwa,
Tikapa ruvimbo rwedu

Nokutenda kwaari.

Unganidzai zvikohwo,

Mumupe sechipiro;

Dzorerai nokutenda,
Muchawedzerwa naShe.

4. Munoda kwandiri here
Mwoyo wechokwadi?
Ndowenyu, nokuti imi
Makandirwadzirwa.

*— entry too long for one page —*
*read this hymn at nziyo.com*

# Jesu, shamwari yavatadzi,

Ndiye anoponisa;
Padutu rine hasha,
Ndiye shamwari yedu.

# Jesu, uya kuneni,

Bisa mutoro kwandiri,
Rugare ruve neni,
Muponisi.

# He Sought Me

Jesu wanditsvaka,
Ndakanga ndichidzungaira;
Jesu wandiwana,
Zuva rinoshamisa.

# Kana waponiswa ,

Kana waponiswa;
Vatadzi vazhinji vachadzoka,
Kana waponiswa.

# From Sinking Sand

Kubva mujecha rezvivi,
Wakandisimudza ini
Kuti ndione chiedza,
Wakandibvisa murima.
KUM’CHINJIKWA NDOUYA
KuM’chinjikwa ndouya,
Ichiriko nzvimbo
Kwandiri ndisakakodzera;
O bisai zvakaipa,
Ndisimbise, Ishe,
Kuti ndigokuteverai

## Into My Heart

Mumwoyo, mwoyo
wangu,
Pindai mauri, ‘She Jesu;
Pindai nhasi,mugaremo,
Pindai mumwoyo, ‘She Jesu.

# Munhu wose ngaade Jesu, Jesu, Jesu;

Wakafira iwe, neni,
Munhu wose
ngaade Jesu.

# When I Remember That He Died For Me

Kana ndichifunga wakandifira,
Handichadzokere shure, (dzokorora)
Kwete, kwete, kwete, kwete,
Handichadzokere shure. (dzokorora)

# Follow Thou Me

Nditevere, anoshe’dza,
Ndinokuitai vabvuvi,
Kufanana paGararia,
Jesu anotishevedza.

# Ndiyeuke, ndiyeuke,

Ishe,ndiyeuke;
Yeuka kurwadziwa kwako,
Neni ndiyeuke.

# Hide Me, Saviour

Ndivanze, ndivanze
Jesu M’ponisi, ndivanze,
M’ponisi, ndichengetei,
Mauri ngandivanzwe.

# I Will Make You Fishers Of Men

Ndokuitai vabvuvi vavanhu,
Vabvuvi vavanhu, vabvuvi vavanhu.
Ndokuitai vabvuvi vavanhu
Mukanditevera.
Mukanditevera, mukanditevera,
Ndokuitai vabvuvi vavanhu,
Mukanditevera
.

## Pakarivhari, pakarivhari,

Wakafa nom'towo wangu;
Pamuti weKarivhari.

## Ropa raJesu

Rinoshambidza ,
Uyai kutsime’ro
Muponiswe.

# O, The Love Of Jesus

Rudo, Rudo,
Rudo rwake Jesu,
Rwabvirisa mwoyo wangu,
Rudo rwake Jesu.

## Tarisa, tarisa,

Mutarise Jesu;
Siya zvose zvenyika,
Utarise Jesu.

# Taura, Ishe, kwandiri,

Taura, Ishe, kwandiri;
Ndichipfugama kwauri,
Taura, Ishe, kwandiri.

# Taura zve, ‘She,

Kuti ndikunzwewo
Ndoterera kwauri,
Taura zve, ‘She.

# O Come To My Heart

Uyai mumwoyo wangu, Jesu,
Mune nzvimbo yenyu mandiri;
Uyai mumwoyo wangu, ‘She , zvino,
Kwamuri ndinopa nzvimbo.

# Come, Ye Who Go With Us

Uyai, vanoenda nesu
Uyai, vanoenda nesu
Uyai , vanoenda nesu
Kundogara kudenga.

# When He Calls Me

Wandidana, ndodaira
Wandidana, ndodaira
Wandidana, ndodaira
Ndinoshanda, shandira Mwari.
Ndinoshanda , shanda, shanda shanda
Shanda,shanda shanda, shandira Mwari,
Ndinoshanda,shanda shanda shanda,
Shanda, shanda shanda, shandira
Mwari.

# Zarura mwoyo kuna ‘She

Wamadzishe,
Mubvumidze kuunza runyararo,
Wokuchengeta mumaoko ake;
Zarura mwoyo kuna ‘She wamadzishe.
II
Holiness

# Dzikamai, ndiri Mwari,

Teererai, ndiri
Mwari,
Dzikamai, ndiri Mwari.

## Breathe Upon Me

Femai pam’soro pangu,
Ndiitei ndive wenyu,
Norudo rwenyu kwandiri,
Ndiitei ndikwanire.

# It’s No Longer I That Liveth

Handizviraramire, Jesu ari mandiri
Handizviraramire, Jesu ari mandiri
Mandiri,mandiri, Jesu ari mandiri;
Handizviraramire, Jesu ari mandiri.

# What A Great Day!

Izuva guru sei randakazvarwa patsva! x4
Ndovimba ndonamata, ndotenda ‘She wangu x 3
Izuva guru sei randazvarwa patsva!

## Jesu M’ponisi,

Ndochema zvino,
Tuma Mweya kwandiri,
Tuma Mweya Mutsvene.

# Kuda kwaShe

Ngakuitwe,
Kuti kuve kuda kwangu;
Kuda kwaMwari,
Ngandikuite
Nhasi namazuva ose.

# Kuonekwe kunaka kwaShe, Jesu

Pamugariro wangu noutsvene;
Iwe, Mweya waShe, ugondimutsawo,
Kuonekwe kunaka kwaShe, Jesu.

# Mandiri, She wangu,

Zadzisai kuda kwenyu
Zadzisai kuda kwenyu (pamhidza)

## Mweya waShe mupenyu,

Uri waShe mupenyu,
Uya kwandiri,
Ndiumbe, ndizadzwe newe,
Mweya waShe mupenyu
Uya kwandiri.

## Ndashambidzwa naJesu ndichakunda zuva,

Ndokunda zuva x 2
Ndashambidzwa naJesu ndichikunda zuva
Ndoenda kudenga.

# I Want To Live Right

Ndinoda kuve wakarurama,
Nguva dzose, kwese kwese;
Ndinoda kuve wakarurama,
Ndishandiswe nguva dzose.

# All My Heart I Give Thee

Ndinopira mwoyo
Kwamuri, ‘She wangu;
Ndopira upenyu
Kutsvaka vanhu.

# I Am Thine, O Lord

Ndiri wenyu, Ishe wangu,
Ndokuteverai moga,
Muponisi muri wangu,
Muyamuri, mudiwa.
45 NDITORE KUKARIVHARI G
Nditore kuKarivhari
Nditore kuKarivhari
Nditore kumvura youpenyu;
Ndanzwa izwi raJesu,
Ndaona ropa rake,
Nditore kuKarivhari
KuKarivhari.

## Ndiumbe, ‘She, mumaoko enyu,

Somuumbi munyakwe wake;
Ngandigadzirirwe basa renyu.
Nditsvenesei, mundishandisewo.

# Silently , Now I Wait For Thee

Ndogarira Ishe wangu,
Ndoda kunzwa kuda kwako;
Vhenekera nzira yangu,
Mweya M’tsvene.

# I SurrenderAll

Ndopira zvose, ndopira zvose;
Zvose kwamuri M'ponisi,
Ndopira zvose.

# I Am Coming, Lord

Ndouya Ishe,
Kwamuri zvino;
Shambidza mwoyo wangu
Nero ropa rako.
50 NEZURO, NHASI, NARINHI C
Yesterday, Today , Forever
Nezuro, nhasi, narinhi,
Haapinduke;
Tingapinduke, ‘She, kwete,
Ngaarumbidzwe.

## Patsoka dzenyu,

Ndopira zvose;
Kunyangwe ndorwadzwa,
Ndofira 'She wangu.

# Tumai moto kwandiri, Ishe,

Tumai moto worudo,
Tumai moto ubve kudenga,
Tumai moto kwandiri.

## Mwari, ndipeiwo mafuta,

Mwoyo wangu ugare uchipisa;
Mwari, ndipeiwo mafuta,
Mwoyo wangu ugare uchipisa;
Mwari, ndipeiwo mafuta,
Mwoyo wangu ugare uchipisa;
Ugare uchipisa, dakara Jesu azouya.

# Holy Spirit, Rule Over Me

Mweya mutsvene nditonge,
Mweya mutsvene nditonge
Kuti ndive mutsvene.

# Vanofamba mumweya,

Vanofamba mumweya,
Ndivo vana vaMwari.
III
Prayer

# Take All My Sins Away

Bisai zvivi zvangu,
Bisai zvivi zvangu;
Gwayana raShe,
Ndouya.

## Bvunza M’ponisi zvino

Kuti akuyamure,
Anoda kukuyamura,
Angakutsvitse.

# Ishe, ndidzidzisei

Nzira yom’teuro;
Zvandoshaya handizive,
Ndidzidzisei zvino.

## Ishe, ndinouya,

Ishe, ndinouya;
Ndishambidzei muropa,
Ndive m’chena ngwee.

## Ishe, tichengetei

Kuti tisambotya,
Kana tarara usiku,
Kusvika kwayedza.

## Ndapfugama mberi kwenyu

Ndichisimbiswa nemi’
Ndikudei, ndikushandire
Nguva nemisi yose.

## Ndidzidzisei zvino

Kuti ndikudei;
Ndiyamure zvakare
Nokuteura,
Kuti ndikushandirei
Musi nomusi.

# I Believe Jesus Answers Prayer

Ndinotenda kuti ‘ She , Jesu
Anopindura miteuro;
Ndinovimba naye nokuti
Wakandinzwa kare.

# Ndinzwei, Ishe, zvino

Ndinzwei, Ishe , zvino;
Ndochema kwamuri, Ishe,
Ndinzwei, Ishe , zvino

## Hear Me, Hear Me

Ndinzwei; ndinzwei,
Ndinzwei M’ponisi zvino
Zvandiri kunamata,
Ndinzwei , M’ponisi zvino

# Give Me A Heart Like Thine

Ndipei mwoyo sewenyu,
Ndipei mwoyo sewenyu,
Nawo masimba enyu;
Naidzo tsitsi dzenyu
Ndipei mwoyo sewenyu.

# Save Me Now

Ndiponesei zvino,
Ndiponesei zvino;
Jesu Kristu mandifira,
Ndiponesei zvino.

## Strengthen Me Now

Ndisimbisei zvino,
Ndisimbisei zvino,
Handina simba pachangu,
Ndisimbisei zvino.

# Help Me Now

Ndiyamurei zvino,
Ndiyamurei zvino;
Jesu Kristu; ndiri wenyu,
Ndiyamurei zvino.

# Remember Me, A Sinner

Ndiyeuke, ini m’tadzi ,
Muumambo hwenyu,
Ndinodaro mberi kwenyu
Ndiyeukei , Ishe.

# Remember Me, O Mighty One

Ndiyeuke, Samasimba,
Ndiyeuke, Samasimba.

# For You I Am Praying

Ndokuteurira,
Mutadzi, dzokera
Kuti uponiswe
NaJesu, Ishe.

# Ndotsvaga imi moga,

Mwoyo wangu wokushuwai;
Nditarirei Jesu,
Ndinyaradzei.

## Ngoni dzaShe, dzakanaka,

Idzo dzakandiponisa;
Ini ndichadziparidza,
Ngoni, ngoni, ngoni dzaShe
.

# Only A Step

Nhanho chete, nhanho chete
Anokumirira;
Chiuya uchibvuma
Nezvakaipa zvako,
Achakukomborera
Uya , uya zvino.

## Love That Never Changes

Rutendo rusingapinduke,
Pakati pavavengi;
Kana takombwa nehondo,
Rutendo rusingapinduke.

## Saviour, Dear Saviour

Sederai neni, M’ponisi,
Ndozvipfavisa paMuchinjikwa;
Ndizivise kuda kwenyu,
Ndinokutevera, Ishe.

# Tarirai kuna Jesu,

Tarirai chiso chaShe;
Zviyedzo zvose zvenyika
Zvichasvika pachiedza chake.
O Speal A While Before Me
Taurai, taura
Ndichikunamatai;
Onesaiwo chinhu chamunoda,
Mwoyo wangu uchaterera.
Tikomborere, Ishe Jesu,
Tikomborere mumwoyo yedu,
Mufambe nesu mazuva ose,
Tikomborere M'ponisi wedu.
TSITSI DZASHE DZAKANAKA Bb
Ngoni dzaShe, dzakanaka,
Idzo dzakandiponisa,
Ini ndichadziparidza,
Ngoni, ngoni, ngoni dzaShe.
Thou Art Enough For Me
Wakwanira ini,
Wakwanira ini;
Ishe wangu unodiwa,
Wakwanira ini.

# Mauto aungana, ngariuye

Simba tigare naro.
Baba,tinorikoka, simba tigare naro;
Baba, tinorikoka, simba tigare naro,
Baba, kwose kwatinonda tigare naro.
Simba rokunamata ngariuye,
Simba tigare naro,
Baba, tinorikoka, simba, tigare naro;
Baba, tinorikoka, simba tigare naro;
Baba, kwose kwatinoenda tigare naro.

# Mwari anotsvaka anomunamata

Mumweya nomuzvokwadi (vamwe) :
Mumweya nomuzvokwadi. (dzokorora)
Mumweya , mumweya nomuzvokwadi. (vamwe
)
Mumweya nomuzvokwadi. (dzokorora)

## Ndinamatire ndigokunamatirawo,

Ndinamatire ndigokunamatirawo,
Ndainamatire ndigokunamatirawo,
Seiko usingandinamatirewo?
Dzimwe nguva mutoro wacho unorema;
Dzimwe nguva mutoro wacho unorema;
Dzimwe nguva mutoro wacho unorema;
Seikousingandinamatirewo?

# Ask Yourself Whereever You Are

Zvibvunze paugere ipapo.
Zororo ndere vatsvene,
Kana ukafa, unoendepiko?
Zororo ndere vatsvene.
IV

# He Can Break Every Fetter

Angasunungure,
Angasunungure,
Angasunungure,
Mutende zvino.

# Take Care Where You Walk

Chenjerai, chenjerai,
Muna iyo nzira
Yamunofambanayo.
Chenjerai, chenjerai,
Munganyure pakufa,
Chenjerai.

## Famba naJesu,

Mazuva ose, munzira dzose;
Famba naJesu,
Famba naJesu woga.

## Izwi rakanakisa,

Munzeve rinofadza,
Mweya unofarisa,
Jesu anotaura.

# Jesu, ndiye hama, zve, anoshamisa,

Jesu anoshamisa sei!
Vanhu vangazive, Jesu wakavafira.
Jesu anoshamisa.

## Fellowship With Thee

Kuwadzana nemi,
Kuwadzana nemi,
Ngandiwadzane nemi
‘She, nguva dzose.

## Mamuri, ‘She, ndinovimba

Mamuri, ;She ndinovimba
Mamuri, ‘She ndinovimba.

# Stand By Me

Mirai neni, mirai neni,
Muponisi mirai neni,
Handina masimba okumira pachangu,
Muponisi mirai neni.

## Mwari anesu, Mwari anesu

Rudo rwake rune simba;
Tichifamba kana takagara,
Rudo rwaJesu runesu.

# I Know He Cares For Me

Mwari anondichengeta,
Mwari anondichengeta,
Ndovimba naBaba wangu
Anozondichengeta.

## Naye, naye, ndofamba naJesu,

Pane dzose nzira ndofamba naye;
Naye, naye, ndofamba naJesu,
Dakara ndife ndomutevera Jesu.

## Eb

IWill Follow Thee , My Saviour
Ndicha kuteverai, Jesu,
Makafira mhosva yangu;
Kana nyika yokuzvidza,
Ndichakuteverai bedzi.

# I Believe In The Word Of God

Ndinotenda Izwi raMwari,
Ndinotenda Izwi raMwari,
Zvivimbiso zvose ndezvangu, chokwadi;
Ndinotenda Izwi raMwari.

# I Am So Glad That Jesus Loves Me

Ndinofara Jesu wandida,
Anondida, anondida;
Ndinofara Jesu andida,
Ini anondida.

# I Thank My Master

Ndinotenda Tenzi wangu,
Ndotenda mandiponisa;
Ndinotenda munondipa
Ruponiso rukurukuru.

# Lest I Forget Getsemane

Ndiyeuke Getsemane;
Norudo rwaShe kwandiri,
Ndiyeuke Getsemane,
Kurwadzwa kwaJesu.

# I’LL Follow Thee Of Life The Giver

Ndokuteverai Muponisi,
Makatambudzwa nomu’towo wangu;
Ini, handichazokusiyai,
Ndokuteverayo bedzi.

# All I Have I Am Bringing

Ndouya nazvo zvose zvangu,
Ndouya nazvo zvose zvangu,
Ndichikutevera, kunyange munhamo.
M’ponisi, ndokutevera.

# O For Deeper

Ngandikutende,
Ndivimbe newe;
Ruvimbo ruve
Rwakadzama,
Rwakadzama.

# Ramba uri munhanho,

Ramba uri munhanho,
Usazorore zvishoma,
Tevera Jesu nguva dzose,
Ramba uri munhanho,
Uchawana nzira yareruka,
Ukaramba uri munhanho.
107 UCHAMUCHENGETA MURUGARE Ab
Muchamuchengeta murugare,
Muchamuchengeta murugare,
Muchamuchengeta murugare,
Anovimba nemi.

# Vimba naye netsitsi dzake,

Vimba naye norudo rwakwe,
Vimba naye Mwari wedenda,
Uvimbe noMponisi.

# He will Keep You From Falling

Wokugamha mukuwa,
Achakuchengeta;
Jesu anoponisa,
Zvakare , ihama.

# He Who Gives, Shall Be Given

Anopa achapihwa,
Anopa achapihwa,
Anopa achapihwa.
Kudenga naBaba.

# I'LL Labour For You, My God

Ndichakushandirai panyika,
Ndichiripo panyika,
Ndichiripo panyika;
Ndichakushandirai Mwari,
Ndichiripo panyika,
Ndichakushandirai ndiripo.
(Bass: shandira , shandira , shandira)
V

# Count Your Blessings

Averenge makomborero,
Averenge rimwe nerimwe,
Averenge makomborero,
Uchashamiswa nezviito zvaShe.

# Running Over

Fashukira, fashukira,
Mukombe wangu zara, fashukira,
Ndiye Jesu M’ponisi
Anondifadzisa;
Mukombe wangu zara, fashukira.

# I Am Not Ashamed To Walk With Jesus

Handinyare kufamba naJesu,
Shamwari yakanaka,
Handinyare kufamba naJesu,
Shamwari yakanaka.

# Hallelu, Hallelu,Hallelu, Halleluyah

Hareru, hareru, hareru, hareruya
Rumbidza ‘She
(dzokorora pamavambo)
Hareruya, rumbidza ‘She , hareruya
Hareruya, rumbidza ‘She hareruya
Hareruya rumbidza ‘She hareruya
Hareruya rumbidza ‘She.

# Nay, But I Yield

Hungu, ndinobvuma,
Handichazoramba,
Rudo rwake hungu ndinobvuma
Jesu,ndotevera.

# Hungu ndinomutenda

O,Mwari wakanaka,
Hareruya O, Mwari wakanaka,
Hareruya O , Mwari wakanaka,
Mwari wakanaka kwandiri.

## Inyaya yangu, rumbo rwangu,

Ndichimukudza Jesu wangu,
Inyaya yangu rumbo rwangu,
Ndichimukudza Jesu wangu.

# ISHE M’PENYU Ab

Ishe, m’penyu,
Kristu m’penyu nhasi,
Neni iye anofamba
Murwendo rwoupenyu.
Ishe m’penyu,
Kupa ruponiso.
Ndinoziva izvi sei?
Mupenyu mandiri.

## Ishe, zvandinoshaya,

Mungandipe zvino;
Ndinouya, unomira
Kundipawo zvino.

## Jesu anondifadzisa,

Kana ndichigara naye;
Mweya wangu uzere norudo rwake,
Jesu achigara neni.

## Jesu ari pano,

Musamukanganwe;
Shamwari yakanaka,
Anotitungamira.

# Jesu angauye nhasi,

Angauye masikati,
Zvimwe pakati pousiku,
Wazvigadzirira here?

# Jesu, Jesu, Jesu,

Zita guru sei!
Rinopedza shungu,
Rinondifadza sei!

# Jesu Zita Rake

Rakanakisa,
Rinondifadzisa,
Ndofamba ndichiimba.

# G

When I Remember
Kana ndichifunga Jesu wandifira,
Handichadzokera shure.(Dzokorora)
Kwete,kwete,kwete.
Handichadzokera shure.

# King Words Will Never Die

Mazwi akanaka,
Haafe,haafe;
Mazwi akanaka,
Haangafe.

# Mbiri kuna Jesu;

Mbiri kuna Jesu;
Paridzai rununuro,
Mupe mbiri kuna Jesu.

## Mumwoyo nhasi,

Ndiri kuimba mumwoyo wangu;
Mutoro wezvakaipa wakabiswa,
Ndiri kuimba mumwoyo wangu.
KUIMBA Bb

# Mumwoyo wangu ndoimba,

Nokuti wakandida,
Akandiregerera,
Nokuti wakandida.

## Mutoro wake wakareruka,

Ndinoziva, hauremi;
Anonditungamirira
Kumvura youpenyu.

## Mwari, ndovimba nemi,

Kunyange pandinenge ndiri ndoga;
Kana panhamo, ndovimba nemi,
Kana pandinenge ndiri ndoga.

# I Hav Decided To Follow Jesus

Ndakasarudza kutevera Jesu,x3
Handichadzokera shure,
Handichadzokera shure,
Jesu pamberi, zvenyika shure. x3
Handichadzokera shure,
Handichadzokera shure,

# I Am Set Free

Ndakasunungurwa,
Tendai ‘She;
Ndakasunungurwa,
Tendai ;She,
Ndakasunungwa
Nemasoja asatani;
Ndasunungurwa,
Tendai ‘She.
SHE Eb

# I’ve Got The Joy

Ndinofara, fara, fara,fara
Mumwoyo wangu,
Mumwoyo wangu,
Mumwoyo wangu,
Ndinofara, fara, fara, fara
Mumwoyo wangu,
Ngaatendwe Ishe,

# O, How I Love Jesus

Ndinomuda Jesu, (katatu)
Sezvo wakandida.

# I Love Him Better Every Day

Ndinomuda misi yose,
Ndinomuda misi yose,
Pedyo naye ndogarapo,
Ndinomuda misi yose.

# Ndinomuda muponisi ,

Ndinomuda ndodaro,
Ndinomuda wandifira,
Jesu anondidawo.

# O, How I Love The Saviour’s Name

Ndinorida zita raJesu,
Ndinorida zita raJesu,
Ndinorida zita raJesu,
Zita roM’ponisi.

# I Have Joy In My Heart

Ndine rufaro mumwoyo,
Ndine rufaro mumwoyo,
Ndashambidzwa neropa raJesu,
Ndine rufaro mumwoyo.

# Ndiyeyu Jesu

Wakandinatsa,
Wakandiponisa,
Ndakange ndafa.

## Nokuvhenekera kwezuva,

Anoparadza mimvuri;
Mutsi wemvura wakanakisa,
Unoiparadza mvura.

# Rudo rwaJesu rukuru,

Rudo kuneni mutadzi,
Wakafa paMuchinjikwa
Kuti Ndiponiswe.

# Pam’soro pose pane izwi,

Ngaatendwe, ngaatendwe
Pam’soro pose pane izwi
Jesu anoruramisa.

# Wonderful Love

Rudo rwake runondishamisa,
Runouya kubva kudenga;
Rwondizadzisa mumwoyo mangu,
Rudo runoshamisa.
RUNONDISHAMISA Ab

# O, the Love That Sought Me

Mine, Mine, Mine
Jesu vanditsvaga
Ropa randitenga,
Ngoni dzaShe dzinoshamisa,
Dzanditenhera mudanga.
‘She, ‘She,’She;
Uri wangu, ‘She;
Ndinoziva kuti
Uri wangu,’ she
JESU VANDITSVAGA Ab
‘SHE, ‘SHE,’ SHE

## Tinotakura M’chinjikwa,

Tichiripo panyika,
Kana tafa tinogara
NaJesu Kudenga.
TIKATAKURA M’CHINJIKWA Bb

# Can You Wonder

Ungashame, ungashame,
Ungashame seiko ndichimuda?
Kana ndafungidzira zvaakandiitira
Ungashame seiko ndichimuda?
UNGASHAME Bb

# Rolled Away, Rolled Away

Wabiswa, wabiswa, wabiswa
Mutoro wezvivi, wabiswa,
Zvivi zvose zvapera,
Ndatsveniswa
wabiswa, wabiswa, wabiswa,
Mutoro wezvivi wabiswa.
WABISWA, WABISWA Bb

# He’s Going With Me

Woenda neni, haandisiye,
Woenda neni, handisi ndoga;
Woenda neni, murwendo rwangu,
Anonditungamira ini.
WOENDA NENI Bb

# Zvivimbiso zvaMwari wedu,

Zvavimbiso zvine chokwadi,
Hareruya, kuna VaKristu!
Zvivimbiso zvose zvakanakisa.
ZVIVIMBISO ZVAMWARI WEDU Eb

## Danga rehwai dzenyu Mamba

Danga rekunamata.
Danga rehwai, danga rehwai,
Danga rehwai, danga rehwai.
Danga rehwai dzenyu Mambo,
Danga ravanotenda.
Danga rehwai, danga rehwai,
Danga rehwai, danga rehwai.

# Makanaka Mambo Jesu,

Makanaka Mambo Jesu,
O, makanaka, O, Mambo Jesu,
O, makanaka, Mambo Jesu.
MAKANAKA, MAMBO JESU Bb

# How Righteous You Are, Almighty

Makanaka , Mwari wamasimba,
makanaka.
Makanaka, Mwari wamasimba,
makanaka.

# Tinaye Mwari wezvishamiso,

Tinaye Mwari wezvishamiso.
Tinaye Mwari weminana
Tinaye Mwari wezvishamiso

## Tinomurumbidza, x3

Ishe wamadzishe.
Hakuna mumwezve akafanana naye,x3
Ishe wamasimba.

# Tinotenda (tenda), Mambo Jesu

Tinotenda Mambo Jesu (Dzokorora)
O, tinotenda, Mambo Jesu,
O, tinotenda, Mambo Jesu.

## Tinotenda, Mwari wamasimba,

tinotenda.
Tinotenda, Mwari wamasimba,
tinotenda.
VI

## Endai,endai muwane rufaro,

Imi mose mauto aJesu;
Paridzai musingatye
dama reVhangeri;
Simbai mose muti ngwii.
ENDAI, ENDAI Ab

## March Onwards

Endai,endai muwane rufaro,
Imi mose mauto aJesu;
Paridzai musingatye
dama reVhangeri;
Simbai mose muti ngwii.

# Fambai mose norutendo,

Rutendo rwokunda;
Fambai mose norutendo,
Nyika ive yaJesu.
FAMBAI MOSE NORUTENDO Bb

# Hondo yoRuponiso,

Hondo yaMwari,
Inofamba ichikunda
Nomoto neropa;
Inofamba ichikunda
Nomoto neropa.

## Mureza uchapepera

Pam'soro, kusvika tafa;
Neropa nomoto kwese,
Tichakunda, tichakunda.

## Ndakasarudzwa naShe,

Ndive murwi.
Ndakasarudzwa naShe.
Muponisi.
Kuti vagoponiswa
Vamwe vanhu.
Kuti ndive murwi
Mutsungi weHondo.

# I Have A Saviour

Ndine Muponisi ane simba
Rokundichengeta misi yose;
Ndine Muponisi ane simba
kugarondichengeta .

# Simba renyu, simba renyu,

Jesu muchandipa
Simba rizere zvino.
SIMBA RENYU Bb

# Simutsira mureza weHondo,

Weropa nomoto;
Simutsira mureza weHondo,
Woudza zvoruponiso.
SIMUTSIRA MUREZA Eb

# Tichazosimudzira

Mureza pam’soro, hareruya
Ticharwira pasi pawo,
Kudzamara kufa kwedu.
TICHAZOSIMUTSIRA MUREZA Bb

# Tinofamba kuunza rufaro,

Mukurwa towana ruponiso,
Ticharumbidza Ishe
Mhiri kwose kwegungwa,
Nenzira yedu kudenga.
TINOFAMBA KUUNZA RUFARO Bb

## Tiri Hondo ichakunda,

Tinotsvaka vatadzi,
vaunzwe kuna Mwari,
Noruponiso kundudzi dzose,
Tichakunda nomoto neropa.

## Win Another

Wana mumwe, wana mumwe,
Rufaro runoshamisa,
Wowana nokumutsvaka;
wana mumwe, wana mumwe,
Wanira mumwe nzvimbo neropa.

# Hondo yadzo ngirozi,

Hondo yadzo ngirozi.
Dzinorwira vatsvene.

# Tinaro basa rokuti tiite

Tinaro basa rokuti tiite;
Tose tose tinaro basa rokuti tiite;
Tinaro basa rokuti tiite.
Heaven

# Achandipa mubairo, (pambidza)

Sokubuda kwezuva ose;
Ishe, ane chipo muchanza,
Achandipa mubairo, hareruya!
Achandipa mubairo.
FAMBA NENI,M’PONISI F
Famba neni, M’ponisi
Famba neni M’ponisi
Murwendo rwangu kudenga
Famba neni Mponisi
HAKUNA NZVIMBO Bb

# Hakuna nzvimbo,

Hakuna nzvimbo,
Hakuna nzvimbo kudenga
Hakuna nzvimbo yavakaipa
Hakuna nzvimbo kudenga
Iriko nzvimbo,
Iriko nzvimbo kudenga
Iriko nzvimbo yavakanaka,
Iriko nzvimbo kudenga.
178 JESU ANOUYA MUMAKORE Bb
Jesu anouya mumakore,
Jesu anouya namasimba,
Jesu anouya mumakore
Chenjera ungasare (Ini handimbosara)

# Mune zita risimo mutsamba (katatu)

Ko, rako riripi?
Rakanyorwa rikadzimwa mutsamba ( katatu)
Ko, rako riripi?
Uya zvino unyorwe mutsamba (katatu)
Mwari anodana
180 NDICHAZOVA SAIYE
Some Day I shall be like him
Ndichazova saiye , rimwe zuva
Ndave chisikwa chedenga
Pauso hwake;
Ndichazova saiye,
Rimwe zuva
Hareruya, Ishoko rake rinoshamisa

# I Shall Know Him

Ndomuziva, ,ndomuziva ,
Kana ndasvikako kudenga
Ndomuziva, ndomuziva,
Namavanga mumaoko ake .

# Tichamuona Ishe , (Katatu)

Pachigaro chake.

## Vofanana nejecha regungwa,

Fanana nejecha rehombekombe;
Tarisa zvihuru zvegovero raJesu
Zvofanana nejecha regungwa.

## Heavenly Sunshine

Zuva redenga zuva raMwari,
Rinozadzisa mwoyowangu;
Zuva redenga zuva raMwari,
Ngaatendwe, Jesu wangu

## He will Come Again

Anouya , anouya
Tichamuona norufaro;
Zvimwe nhasi; hatizive
Ishe wedu anouya .

# Apo mambo wouya kuzotitonga

Tichamira sei, apo Mambo wouya

## Be Prepared Always

Garai makagadzirira,
Hamuzive musi nenguva
Mwanakomana wo munhu anouya
Kuzotora vapenyu navakafa

# Ikoko kudenga,(katatu)

Jesu tondomuona.

# THE Lord Jesus ,Spoke

Mambo Jesu,akataura ,
Ave kuenda :
Asi basa Ndasiya ndapedza .

## Mazambara ariko,

Anorunyararo;
Rudo rwa Jesu rwatisanganisa.(pamhidza)

# Mumaoko a Mwari, (pamhidza)

Handizotyi ndakachengetedzwa
Mumaoko a Mwari

# Musha wangu,

Uri kudenga ,
Musha mutsvene,
Musha wangu

# I’m Searching For The Rock

Ndinotsvaka Dombo
Rokukwira kudenga . (dzokorora)
Ndariwana Dombo
Rokukwira kudenga,(dzokorora)

# Be Quiet,Stop Weeping

Nyararisa usacheme,
Ndijehovha anokunyaradza

# We ‘ll Sing Hossannas

Tichaonaimba hosanna, (pamhidza)
Pakutenderera pachigaro chaMambo
Tichanoimba hosanna.

# Believers, Be Determined

Vatendi,(vatendi) ngatitsunge mwoyo,(pamhidza)
Dzamara (dzamara) taenda kudenga, (pamhidza)
Vatendi, (vatendi), vakatsunga mwoyo (pamhidza)
Dzamara (dzamara)tasvika kudenga.